


Yayaf Sudaryaf

**KAMUS**  
**ISTILAH ÉLMUNING**  
**Basa Sunda**



# **KAMUS ISTILAH ÉLMUNING BASA SUNDA**

**Pangdeudeul Pangajaran Basa Sunda**

**Disusun ku :  
Yayat Sudaryat**

**PENERBIT CV KARYA IPTEK  
JL.Cikoang No.45 Ujungberung Bandung  
☎ 022- 7803590**

## DAPSTAR LAMBANG JEUNG SINGGETAN

Atr	atribut
BS	basa Sunda
C	caritaan
Ind	basa Indonésia
Ing	basa Inggris
J	jejer
Jw	basa Jawa
K	konsonan
Kat	katerangan
Kw	basa Kawi
LBSS	Lembaga Basa jeung Sastra Sunda
O	obyék
Pa	panglengkep
Pany	panyambung
Pran	basa Perancis
Skr	basa Sanskerta
S	soraan; subyék
TS	teu soraan
U	udagan
V	vokal
<—	asalna tina
—>	obah jadi; ilikan
▲	bisa diganti ku; nuduhkeun
#	nada naék
#	nada turun
-	sandi kurang
+	sandi tambah
=	sarua jeung

= =	sawanda
x	lalawanan
(/)	sendi tunggal
(//)	sendi ganda
#	sendi kÉpang rangkep
/.../	ngahapit unsur fonémis (foném)
[...]	ngahapit fonétis (sora)
{▲}	ngahapit unsur morfémis (morfém)
<▼.>	ngahapit unsur grafémis (abjad)
(...)	pilihan, atawa
1, 2, 3	tanda tingkatan nada
<—>	pakait atawa silihlingkepan bisa siligenti
Ø	kosong

## PANGJAJAP

Élmuning basa atawa linguistik Sunda mekar kinten-kinten taun 1800-an, nya éta ti kawit urang Walanda ngayakeun panalungtikan kana tata basa Sunda. Aya sawatawis jenengan anu kacatet kantos ngalibetkeun diri kana pedaran élmuning basa Sunda, utamina tata basa Sunda, di antawisna waé, Coolsma (1873, 1904), Oosting (1884), Grashuis (1891), Ardi-winata (1916), Kats & Soeridiradja (1927), Adiwidjaja (1951), Nataprawira (1952), Robins (1953-1959), Wirakusmah & Djajawiguna (1957), Salmun (1970), Tisnawerdaja (1975), Permana (1980), Faturohman (1982), sareng Sudaryat (1985, 1991, 1995). Éta buku-buku tata basa téh medar rupining hal anu aya patalina sareng kaédah basa dina basa Sunda. Rupi-rupi istilah anu dianggona, aya nu sami, mirip, sareng aya nu bénten. Sanaos kitu, tujuan sareng maksadna mah sami baé.

Sakaterang dugi ka danget ayeuna, teu acan aya anu husus ngadaptarkeun istilah-istilah élmuning basa (linguistik) anu dianggo dina basa Sunda. Padahal ayana kamus istilah élmuning basa Sunda téh karaos pisan peryogina, utamina mah kango para siswa anu dialajar basa Sunda. Atuh kanggo para guru ogé, ieu kamus téh tiasa ngadeudeul dina mancén damel. Ari maksad mah supados teu gupuy-gapay teuing dina nyungsi istilah-istilah ngeunaan élmuning basa Sunda. Pon kitu deui, kanggo anu kagungan maksad ngulik basa Sunda, ieu kamus basajan téh tiasa dianggo panyarandéan.

Jumlah istilah anu dipidangkeun dina ieu kamus kirang langkung aya sarébu. Jumlah sakitu téh kaétang sakedik pisan upami dibandingkeun sareng kamus-kamus linguistik dina basa sanés sapertos dina basa Indonesia, komo sareng dina basa Inggris mah. Malih teu kedah héran, tina jumlah sakitu ogé seueur istilah-istilah anu jolna tina basa sanés. Ku kituna, aya dua golongan istilah anu dipidangkeun dina ieu kamus. Kahiji, istilah tulén basa Sunda, atanapi sakirang-kirangna parantos karaos nyunda. Kadua, istilah

injeuman tina basa sanés, boh basa Indonésia boh basa Inggris. Atuh dina émprona, ulah héran upami aya kénéh istilah anu karaos kénéh asingna, malih sapalih mah meleg-meleg istilah tina basa asing, utamina mah basa Inggris, tapi sok digunakeun dina basa Sunda.

Perkawis kakirang sareng kahéngkér tina ieu buku teu kedah dicarioskeun. Karaos pisan ku nu nyusun ogé, moal badé disumputsalindungkeun, parantos écés ngembang boléd. Nya, kalintang bingahna upami pamaos ieu buku ngajengkeun panyawad, hususna kanggo nyampurnakeun pedalan salajeng-na. Hatur timpah nuhun. Mangga nyanggakeun.

Bandung, Méi 2004

Pun panyusun,

Yayat Sudaryat

## DAPTAR EUSI

PANGJAJAP .....	iv
DAPTAR LAMBANG JEUNG SINGGETAN.....	v
DAPTAR EUSI .....	vi
A .....	1
B .....	12
C .....	21
D .....	24
E .....	31
F .....	33
G .....	50
H .....	56
I .....	63
J .....	65
K .....	71
L .....	139
M .....	137
N .....	142
O .....	145
P .....	148
R .....	158
S .....	163
T.....	170
U .....	175
V .....	178
W .....	180
DAPTAR PUSTAKA.....	190



## abjad


(Ind: alfabét; Ing: *alphabet*)

kumpulan lambang tulisan anu disebut hurup minangka gambaran hiji sora atawa leuwih. Contona: a, b, c, d, jst..

## adegan basa

(Ind: struktur basa; Ing: *language structure*)

tata susun unsur-unsur basa anu patali, datar, tur rélatip angger nurutkeun pola-pola atawa kaédah nu tangtu. Dina adegan basa karagum gumulungna harti jeung sora basa. Patalina adegan basa, unsur-unsurna, katut sistém ulik-anana ébréh tina ieu bagan.



## adegan batin

(Ind: struktur batin; Ing: *deep structure*)

adegan anu dianggap ngadadasaran kalimat, eusina mangrupa wawaran perkara tafsiran wangun jeung harti kalimat, anu



ngandung rumus-rumus (aturan, kaédah) basa saperti fonologi, morfologi, sintaksis, jeung sémantik; diwangun ku pikiran manusa nu mangrupa langue, sarta sipatna homogén tur rélatip angger.

### **adegan engang**

(Ind: struktur suku kata; Ing: *canonic form*)

wangunan engang disawang tina susunan foném anu jadi unsur-unsurna. Wujudna vokal (V) atawa pabaurna vokal jeung konsonan (K). Contona:

V	:	a-ya, i-eu, u-cing, é-léh, é-ma, eu-weuh
VK	:	ab-di, ung-gal, én-jing, in-dit
VKK	:	ons, éks-por
KV	:	té-ko, ba-pa, di-na, mé-ja
KVK	:	an-jeun, gu-yur, ka-sur, sak-ti
KKV	:	ti-bra, pra-ja, nyong-clo
KKVK	:	ga-brug, nga-cleng, ra-jleng
KKKVK	:	struk-tur, in-struk-si
KKVKK	:	kom-pléks, tri-pléks

### **adegan kalimah**

(Ind: struktur kalimat; Ing: *sentence pattern*)

tata susun kalimah katut babagianana. Contona, kalimah *kuring ngala lauk kamari* mibanda adegan nu polana jejer, caritaan, obyék, jeung katerangan (J-C-0-Kat).

### **adegan kecap**

(Ind: struktur kata; Ing: *word form*)

wangun kecap; tata susun kecap katut babagianana.

### **adegan lahir**

(struktur lahir; Ing. *surface structure*)


patalina antarunsur basa dina omongan nu nyata, wujudna lambang sora (foném, morfém, kecap, frasa, klausa, kalimah), diwangun ku alat ucap manusa mangrupa parole, sipatna hétérogén tur rélatif gancang robah. Adegan lahir nu sarua saperti *imah panggung* jeung *imah kuring* mibanda adegan batin nu béda, anu kahiji nuduhkeun ‘bahan’ ari nu kadua nuduhkeun ‘milik’.

**adegan léksikal → adegan pakecapan**

**adegan paguneman**

(Ind: struktur konvérsasi; Ing: *conversational structure*)

runtuyan omongan nu ngalibetkeun panyatur jeung pamiar-sa, minangka komunikasi nu timbal balik (interaksional). Baganna kieu:



**adegan pakecapan**

(Ind: struktur léksikal; Ing: *lexical structure*)

pola patalina wangun jeung harti dina pakecapan atawa kandaga kecap. Baganna kieu.

ADEGAN LĚKSİKAL { kecap sabalikna  
kecap saharti  
kecap sangaran  
kecap sawanda  
kecap sawengku  
kecap anĕkaharti

### **adegan wacana**

(Ind: struktur wacana; Ing: *discourse structure*)

tata susun wangun jeung eusi wacana katut babagianana.

**advĕrbia** → kecap panambah

**afĕrésis** → sirnapurwa

**afiks** → rarangkĕn

**afiksasi** → ngararangkĕnan

**ahiran** → rarangkĕn tukang

**akronim** → kecap tingkesan

### **aksara**

(Ing: *script*)

sistim lambang tulisan nu dipakĕ ku manusa waktu komu-nikasi minangka wawakil omongan atawa gambaran sora.

**aksara baham** → sora baham

**aksara hirup** → vokal

**aksara irung** → sora nasal

### **aksara Latén**

(Ing: *Roman alphabet, Latin alphabet*)

aksara nu sipatna alfabétis, nu mimitina dipaké dina basa Latén abad ka-7 saméméh Maséhi sarta kiwari dipaké méh dina unggal basa, nyaéta a, b, c, d, é, f, g, h, i, j, k, l, m, n, o, p, q, r, s, t, u, v, w, x, y, jeung z.

### **aksara ngalagena**

aksara nu diucapkeunana babarengan jeung vokal saperti ha, na, ca, ra, ka, da, ta, sa, wa, la, pa, da, ja, ya, nya, ma, ga, ba, nga.

**aksara paéh** → konsonan

### **aksara Pégon**

aksara Arab Malayu anu mibanda aksara husus saperti *ng, ny, c*, dan *g*, ilaharna dipaké keur nuliskeun wawacan. Contona:

c	=	چ
g	=	گ
ng	=	ڠ
ny	=	ڠ

### **aksara Sunda**

aksara nu dipaké ku urang Sunda, kurang leuwih abad ka-17 ka ditu. Dipakéna téh keur nuliskeun naskah atawa prasasti, saperti nu kabuktian tina naskah jaman harita nu bisa kénéh kawariskeun ka entragan urang ayeuna. Dumasar kana babandingan wangun aksarana, dibandingkeun jeung umur naskah-naskahna, bisa katiténan yén aksara Sunda buhun téh bisa disebut sadapuran jeung akasara-aksara buhun séjénna nu aya di wewengkon Indonésia, papada rundayan tina naskah jeung prasasti, kayaning

aksara Geger Hanjuang, Kawali, Kabantenan, Batu Tulis, Carita Parahyangan, Ratu Pakuan, jeung aksara Sunda Basisir (Jawa).

**akasara Sunda buhun** → **aksara Sunda**

**aksara Sunda kuno** → **aksara Sunda**

### **aksén**

(Ing. *accent* ‘panganteb’)


(1) tekanan; (2). tanda diakritis; (3) ragam basa nu béda tina ragam baku, utamana mah lebah ucapan; logat.

### **aksén dinamis**

panganteb anu aya dina engang nu dikedalkeun kalawan sorana leuwih tarik. Contona: *Aduh!*

### **aksén temporal**

panganteb kana panjang pondokna sora waktu ngucapkeun kalimah katut babagianana. Contona

*Teu bo*  *oo ga anu kitu mah.*

### **aksén tonis**

panganteb sora luhur atawa panganteb nada. Contona:

*Ayeuna atawa isukan?*

*Ayeuna wé!*

**alat sintaktis** → **pakakas kalimah**

**alat ucap** → **pakakas omongan**

**alih basa, alih kode → mindabasa**

**alinéa**

wangunan basa nu ngandung hiji téma katut pamekaranana, ilaharna diwangun ku sababaraha kalimah.

**alofon**

wangun foném anu mangrupa anggota atawa variasi tina fonem lian, biasana ditangtukeun ku lingkunganana sarta aya dina distribusi nu silihlempungan (kompléméntér). Contona, sora /o/ dina kecap [boboko] aya bédana jeung sora /0/ dina kecap <noong>, nu diucapkeun [n0?0ng].

**alomorf**

(Ing: *alomorph*)

wujud nyata tina hiji morfém nu geus tangtu distribusina sarta mangrupa anggota tina hiji morf. Contona, *m-*, *n-*, *ng-*, *ny-*, *nga-*, *nge-*, mangrupa alomorf tina morfém (*N-*).

**alternan**

rinéka sora basa nu diucapkeun ku cara ngaganti sora nu hiji ku sora séjénna dina distribusi nu kompléméntér, ilaharna ditangtukeun ku lingkungan artikulasi nu sarua tur tara ngarobah harti kecap. Contona:

/u/ --- → /o/	: surung	→	sorong
/b/ --- → /w/	: belang	→	welang
/c/ --- → /w/	: cariwingin	→	waringin

**amanat**

(Ing: *intension*)

maksud, pesen, atawa talatah ti panyatur anu katarima ku pamiarsa.

**anéksi → rakitan anggang**

### antésédén

naon-naon nu dituduhkeun ku déiksis, boh jeroeun wacana boh luareun wacana. Contona, *Ahmad* dina kalimah ieu:

*Ahmad téh pinter. Manéhna jadi pinunjul di sakolana.*

↑  
Antésédén

↑  
Déiksis

**antonim** → kecap sabalikna

**apokop** → sirnawekas

### asimilasi


rinéka sora nu diwangun ku jalan nyaruakeun foném nu béda kana foném tukangeunana, ilaharna antara foném nu sarua daérah ucapanana, saperti /b/ jeung /m/, /d/ jeung /n/ sarta /g/ jeung /ng/. Contona:

/gamblung/ → /gamlung/

/kandéron/ → /kanéron/

### aspék

kategori gramatikal pagawéan nu nuduhkeun warna jeung lilana kalakuan, kajadian, prosés, atawa kaayaan nu obyékif; gambaran situasi déiksis-waktu nu sipatna internal; wangun basa nu ngagambarkeun waktu dina kalimah. Baganna kieu:



### aspĚk duratif

aspék nu nétélakeun keur lumangsung kajadian, ilaharna diébréhkeun ku kecap panambah *eukeur, keur, nuju, masih, kénéh*, jeung *masih kénéh*.

### **aspék frékwéntatif**

aspék nu nétélakeun kajadian lumangsungna sababaraha kali, ilaharna diébréhkeun ku kecap panambah *awis-awis, arang, langka, arang langka, kadangkala, kalan-kalan, kungsi, mindeng, remen*, jeung *sering*.

### **aspék futuratif**

aspék nu nétélakeun bakal lumangsungna kajadian, ilaharna diébréhkeun ku kecap *aré, érék, rék, bakal, baris, badé*.

### **aspék habituatif**

aspék nu nuduhkeun lumangsungna kajadian ku kabiasaan, ilaharna diébréhkeun ku kecap panambah *biasana, ilaharna, osok, sok*, jeung *tara*.

### **aspék harti**

unsur harti nu gumulung dina omongan, ngawengku téma, rasa, nada, jeung amanat.

### **aspék imféréptif**

aspék nu ngagambarkeun kajadian henteu réngsé, ilaharna diébréhkeun ku kecap panambah *encan, tara, langka*.

### **aspék inkoatif**

aspék nu nétélakeun yén kajadian téh mimiti pisan lumang-sung, ilaharna diébréhkeun ku kecap panganteur saperti *léos* dina frasa *léos indit*



### **aspék iteratif**

aspék nu nétélakeun yén kajadian téh lumangsung tuluy-tumuluy, ilaharna diébréhkeun ku kecap panambah *haben*, *teu weléh*, *teu petot-petot*, jeung *tansah*.

### **aspék komplétif**

aspék nu nétélakeun yén kajadian téh geus réngsé, ilaharna diébréhkeun ku kecap panambah *geus*, *enggeus*, *atos*, *tos*, jeung *parantos*.

### **aspék kontinuatif → aspék progrésif**

### **aspék pérféktif**

aspék anu nuduhkeun yén kalakuan lumangsung tur réngsé atawa kalaksanakeun.

### **aspék pérféktif awal → aspék inkoatif**

### **aspék pérféktif tengah → aspék duratif**

### **aspék pérféktif ahir → aspék komplétif**

### **aspék progrésif**

aspék nu ngagambarkeun kajadian lumangsung jeung bakal tumuluy.

### **aspék répétitif**

aspék nu nétélakeun yén kajadian téh lumangsungna dibalikan deui, ilaharna diébréhkeun ku kecap panambah *deui* jeung *deui-deui*.

•

### **aspék spontanitas**

aspék nu netelakeun yén kajadian téh lumangsung ngada-dak, ilaharna diébréhkeun ku kecap panambah *dadaksakala, dumadakan, duduk-dadak, ngadak, ngadak-ngadadak*, jeung *ujug-ujug*.

**aspéktualitas**

(Ing: *aspectuality*)

kategori semantis anu patali jeung aspék; harti tina aspék.

**atribut** → **pangwates**

**awalan** → **rarangkén hareup**



## **babasan**

(Ind: ungkapan kata; Ing: *idiomatic expression*)  
ungkara winangun kecap (kantétan) atawa frasa anu susunanana geus matok tur ngandung harti injeuman. Contona:

*Ngaburuy*  
*Hampang birit*  
*Atung-atung kénéh*

## **bagal kecap**

morfém madyabébas anu miboga harti léksikal tur jadi dasar dina ngawangun kecap; bakal kecap anu miboga harti léksikal, sipatna rada bébas, katangén warna kecapna, tur bisa dijieun wangun paréntah. Contona: *cokot*, *sépak*, *tajong*.

## **bagentén**

rinéka sora nu diwangun ku jalan ngaganti hiji foném ku foném séjénna, boh antarvokal boh antarkonsonan.

Vokal /u/ baganti jeung vokal /o/, /é/, /a/.

/surung/	→	/sorong/
/pungkur/	→	/pengker/
/sebut/	→	/sebat/

Konsonan /r/ baganti jeung konsonan /d/, /l/, /c/, /b/:

/iser/	→	/ised/
/raris/	→	/laris/
/ragap/	→	/cagap/
/ruhun/	→	/buhun/

### bagian galeuh

bagian kalimat nu jadi intina, diwangun ku hiji jejer jeung hiji caritaan, boh dibarengan ku obyék jeung panglengkep boh henteu. Contona:


*Kuring ngala lauk*

J      C      O

### bagian kalimat

(Ind: konstituen kalimat; Ing: *sentence constituent*)

unsur-unsur nu jadi pangwangun kalimat, nya babagian galeuh jeung aya babagian panambah. Baganna kieu.



### bagian panambah

(Ind: konstituen tambahan; Ing: *adjunct constituent*)

bagian kalimat nu jadi panambah kana bagian galeuh kalimat, ilaharna sok disebut katerangan. Contona, *kamari jeung di balong* dina kalimat:

*Kamari kuring ngala lauk di balong*

### bakal kecap

(Ind: leksem; Ing: *lexeme*)

bahan baku dina ngawangun kecap, biasana ngandung harti lékasikal, sipatna bisa bébas bisa kauger. Dipatalikeun kana prosés ngawangun kecap, bakal kecap mangrupa bahan dasar atawa dasar kecap, ari kecap mangrupa hasil.

## **basa**

sistim lambang sora omongan nu dihasilkeun ku pakakas ucap manusa kalawan puguh éntép seureuhna (sistimatis) tur ragam (konvénsional) antaranggota masarakatna pikeun tujuan komunikasi.

## **basa baku**

ragam basa nu geus mibanda sipat vitalitas jeung inteléktualitas. *Vitalitas* hartina mampuh pikeun tumuwuh jeung mekar kalawan anteb luyu jeung kaédah basana nu rélatif angger, tapi henteu kaku lantaran bisa narima pangaruh tina basa lian. Ari *inteléktualitas* hartina boga kamampuh ilmiah nu bisa ngébréhkeun prosés mikir anu ruwed tina rupaning kagiatan paélmuan, téknologi, informatika, jeung patalimarga masarakatna.

## **basa biasa**



## **basa loma**

## **basa budak**

ragam basa anu ilaharna dipaké ku barudak leutik. Contona:

*emam* 'dahar'

*enén* 'nyusu'

*eueut* 'nginum'

## **basa cohag**



## **basa kasar**

## **basa dialék**

ragam basa nu dipaké ku warga masarakat nu tangtu pikeun ngabédakeun dirina jeung warga masarakat lianna nu natangga tur béda ragam basana tapi raket patalina tur sabasa kénéh.

### **basa dulur**

basa-basa daérah anu sarungkun atawa sakocoran saperti basa Jawa, basa Bali, basa Batak, jeung basa Madura.

**basa hormat** → **basa lemes**

### **basa indung**

(Ing: *mother tongue*)

basa anu dipaké nyarita ku urang ti barang lahir, turun-tumurun ti dituna ti saméméh aya indung bapa urang, atawa basa kahiji urang ti leuleutik.

**basa janget** → **gaya basa**

**basa karuhun** → **basa indung**

### **basa kasar**

ragam basa nu dipaké dina situasi keur ambek atawa dilarapkeun ka sato. Contona,

**Cungur siah**, jor geura **mantog** ka **gogobrog sia!**

Ari **hulu** jeung **cékér** hayam téh geus diberesihan?

### **basa kirata**

omongan pikeun nerangkeun asalna ku kirata, dikira-kira sangkan nyata atawa sugan nyata, umumna dilelebah sarta loba nu teu keuna. Contona,

**korsi** (Ar: *kursiun*) → *cokor ti sisi*

**sémah** → *ngahésékeun nu boga imah*

**tamu** → *nu kudu dijamu*

**calana** → *dipancal salilana*

### **basa kosta**

basa asing; basa nu teu sarungkun saperti basa Inggris, basa Arab, jeung basa Jerman.

### **basa lemes**

ragam basa nu umumna dipaké nyarita ka saluhureun atawa ka nu tacan wawuh. Kedalingna bisa katiténan wujudna tina lisan atawa ucapan, pasemon, rengkuh, jeung peta, sarta lentong. Contona:

*Abdi mah badé **mondok** di réréncangan baé.  
Dupi Bapa badé **kulem** di mana?*

### **basa lemes biasa**

→

### **basa lemes keur ka batur**

### **basa lemes disusun**

ragam basa lemes nu dipaké dumasar kana ragam basa wewengkon, ilaharna disusun ku cara niru pola ngalemes-keun anu geus aya. Contona,

*agama → agami  
olah raga → olah ragi*

### **basa lemes kagok**

→

### **basa panengah**

### **basa lemes keur ka batur**

ragam basa lemes nu husus dipaké keur ka diri batur saluhureun atawa nu tacan wawuh. Contona,

*Saurna Bapa Bupati téh badé sumpingna dinten ieu?  
Anjeunna téh duka badé teras **kulem** duka **mulih** deui.*

### **basa lemes keur ka sorangan**

ragam basa lemes nu husus dipaké keur ka diri sorangan waktu nyarita jeung saluhureun. Contona:

*Abdi badé wangsul heula, wios énjing **dongkap** deui.*

**Mondok mah tiasa di rereancangan atanapi di pun lanceuk.**

**basa lemes luhur → basa lemes pisan**

**basa lemes sedeng → basa lemes keur ka sorangan**

### **basa loma**

ragam basa nu umumna dipaké dina situasi biasa atawa digunakeun ka babaturan anu geus loma. koran, majalah, biantara umum, jeung sawala ilaharna sok maké ragam basa loma baé nu sakapeung dicampur ku basa lemes. Contona:

*Kuring rék **balik** heula, keun isukan **datang** deui.*

***Saré** mah bisa di babaturan bisa di **lanceuk** kuring.*

*Kumaha mun urang indit ayeuna baé?*

### **basa lisan**

ragam basa nu maké pakakas lisan atawa médium sora, ilaharna pohara gumantungna kana situasi, waktu, lingkung-an, katut jalma nu diajak nyarita.

### **basa lulugu**

ragam basa nu dijadikeun standar makéna ku hiji masarakat basa nu ngabogaan rupa-rupa dialék. Kiwari nu jadi basa Sunda lulugu téh nyaéta basa Sunda wewengkon Bandung jeung sabudeureunana dumasar kana kaputusan Pamaréntah Kolonial Walanda dina taun 1912.

### **basa paélmuan**

basa nu dipaké husus dina widang élmu saperti ngulik jeung medar hiji perkara. Ciri basa paélmuan, di antarana baé:

(1) *logis*, nyaéta kacindekan nu muncul dumasar kana ales-an anu asup akal sarta bebeneranana bisa diuji;



- (2) *obyéktif*, nya éta katerangan anu dipidangkeun dumasar kana fakta anu nyampak, lain dumasar kana daya hayal;
- (3) *pungkas (tutas)*, nya éta jejer pasualan diulik tur dipedar nepi ka réngséna bari sipatna analitis;
- (4) *taliti*, nya éta pidangan masalah didadarkeun kalawan telik tur taliti nepi ka jauh tina kasalahan jeung kakaliruan;
- (5) *nembrak (éksplisit)*, nya éta jéntré, eusi pidangan babari kaharti, komunikatif, tur teu nimbulkeun anéka tapsiran;
- (6) *basana sahinasna, lugas, dénotatif*, nya éta merenah dina milih kecap jeung larapna bari kecap-kecapna téh boga harti dénotatif tur teu nimbulkeun harti ganda; jeung
- (7) *tumarima*, nya éta narima panyawad atawa kritik ti batur geusan nyampurnakeun perkara nu dipidangkeun téa.

### **basa panengah**

ragam basa lemes nu dipakéna keur ka nu kagok, upamana ti kolot ka nu ngora tapi pangkatna luhur, atawa ti nu ngora ka nu kolot tapi umurna saluhureun. Contona:

*Mang, iraha rék **mulang** téh?*

*Dupi Emang **ngareungeu** henteu, tadi?*

### **basa sapopoé**

basa anu dipakéna dina kahirupan sapopoé, dikedalkeun sacara lisan, boh di lingkungan kulawarga boh di lingkungan masarakatna.

### **basa sastra**

ragam basa nu husus dipaké dina widang sastra, dipaké keur ngébréhkeun pangalaman nu sipatna éndah, tujuanana geusan meunang kasugemaan batin. Ciri utama basa sastra, di antarana baé:

- (1) *intuitif*, nya éta basa dina karya sastra leuwih museur

- kana kaolahan daya hayal (imajinasi).
- (2) *konséntrik*, nyaéta dina nyanghareupan obyékna maké kamampuh batinna nepi ka sakabéh jiwana museur kana intuisi, daya bayang, nepi ka lahir dunya ciciptan.
  - (3) *éstétis* nyaéta basa nu dipaké dina karya sastra leuwih mekarkeun kaulinan suasana, gumbira, lucu, kejem, jsté. nepi ka muncul kasugemaan batin nu sipatna éndah.
  - (4) *krédibilitas* nyaéta carita diwangun ku kokohna runtuyan babagian (épisodeu) tina sagemblengna karangan.
  - (5) *implisit* nyaéta nyamuni, eusi pidangan karya sastra bisa nimbulkeun rupa-rupa tafsiran tur tanggapan anu béda-béda atawa komuni;
  - (6) *basana injeuman, konotatif*, nyaéta dina milih jeung ngalarapkeun kecap-kecapna ngahaja anu bisa nimbulkeun ma'na atawa konotasi lain nepi ka muncul ma'na ganda;
  - (7) wanda karangan sastra diwarnaan ku paham atawa konsépsi sastra anu gelar tur galib dina mangsa harita luyu jeung aresep pangarangna;
  - (8) panyawad atawa kritik kana karya sastra sipatna béda-béda luyu jeung kasang tukang katut kamampuh nu ngiritikna.

**basa sedeng → basa loma**

### **basa Sunda**

basa indung urang Sunda anu diparaké kénéh ku masara-katna, boh di tatar Sunda boh luareun tatar Sunda.

### **basa Sunda kamalayan**

basa Sunda nu gedé pisan kapangaruhan ku basa Malayu.

## **basa Sunda kéndonésén**

basa Sunda nu gedé pisan kapangaruhan ku basa Indonésia.

## **basa tulis**

ragam basa anu maké pakakas aksara, sipatna leuwih abadi.

## **basa wajar → basa loma**

## **basa wewengkon**

ragam basa dialék nu dipaké di hiji wewengkon, upamana waé, basa Sunda wewengkon:

Bogor	:	<i>sumbaha</i>	‘sorabi’
Ciamis	:	<i>ambrin</i>	‘béak’
Cirebon	:	<i>dekung</i>	‘tuur’
Karawang	:	<i>campah</i>	‘garit’
Kuningan	:	<i>téoh</i>	‘lebak, landeuh’
Lebak	:	<i>dipanték</i>	‘digebug’
Majalengka:	:	<i>gegerus</i>	‘mutu’
Pandéglang	:	<i>diawar</i>	‘dicampur’
Purwakarta	:	<i>cungkir</i>	‘koréd’
Sérang	:	<i>corocoan</i>	‘curugan, pasawéran’
Subang	:	<i>dunak</i>	‘korang’
Sukabumi	:	<i>engkin</i>	‘engké’
Sumedang	:	<i>endék</i>	‘arék’
Tasikmalaya	:	<i>goblog</i>	‘torék, teu disada’



### **cacandran**

(Skr: *candra* ‘bulan’ atawa ‘nataan’ + DP-an)

pakeman basa nu mangrupa panataan kana pasipatan tempat anu dibalibirkeun. Contona

*Banagara sor ka tengah.*

*Bandung heurin ku tangtung*

*Cianjur katalanjuran.*

*Sukapura ngadaun ngora.*

*Sumedang ngarangrangan.*

### **cacarakan**

(Skr: *caraka* ‘utusan’ + DP + -na)

abjad atawa aksara Sunda saperti: ha, na, ca, ra, jeung ka.

### **cakal**

(Ind: akar, prakategorial; Ing: *root, pracategorial*)

morfém kauger nu mibanda harti léksikal sarta jadi dasar dina ngawangun kecap. Sakapeung sok disebut bakal kecap atawa morfém dasar. Bakal kecap anu miboga harti léksikal, sipatna kauger, tur can bisa ditangtukeun warna kecapna. Contona: *ajar, gapay, guling, jsté.*

## caritaan

bagian kalimah atawa klausa anu nuduhkeun naon-naon nu dicaritakeun ku panyatur ngeunaan jejer. Contona: kecap **gering**, dina kalimah:

*Manehna gering.*

J C

Caritaan bisa mangrupa kecap atawa frasa (1) barang, (2) pagawéan, (3) sipat, (4) bilangan, jeung (5) frasa pangantét. Contona:

- (1) *Anjeunna téh guru basa Sunda.*
- (2) *Anggara keur ngala lauk.*
- (3) *Awakna jangkung lenjang.*
- (4) *Sapatuna tujuh rampasan.*
- (5) *Pun biang mah ka pasar.*

## candrasangkala

(Ind: kronogram; Ing: *cronogram*)

pakeman basa anu wujudna kalimah atawa frasa sarta ngandung harti panataan angka taun. Anu dipaké patokan-ana taun Saka (pananggalan bangsa Syeik di India anu diitung ti barang lahirna Raja Salihwarna nu ganjor 78 taun ti Nabi Isa). Ku kituna, keur nyaruakeun taun Saka jeung taun Maséhi sok ditambah 78 taun.

Contona:

- *Panca Pandawa ngemban bumi.*

5 5 2 1 (1255 Saka)

(1255 Saka (1333 Maséhi) ngadegna *Karajaan Pajajaran*)

- *Sirna ilang kertaning bumi*

8 7 4 1

(1478 Saka (1556 Maséhi) runtagna *Karajaan Majapait*)

## ciri

(Ind: fitur; Ing: *feature*)

babagian tina unsur basa nu dipaké dadasar pikeun ngadadarkeun pola nu dumuk atawa tangtu aturanana.

### **caturangga**

(Skr: *catur* ‘omongan’ + *turangga* ‘kuda’)

pakeman basa nu eusina ngandung pangaweruh ngeunaan tanda-tanda pikeun mikanyaho hadé goréngna watek kuda.

(1) *satria tinayungan* (*pinayungan, kinayungan*)

watek kuda nu hadé, matak mulya ka nu nginguna; tandana mangrupa kukulinciran dina tonggong kuda, handapeun sela beulah hareup.

(2) *sekar panggung*

watek kuda nu hadé, mawa rahayu ka nu nginguna; tandana bulu suku kuda nepi kana tuurna, opatanana bodas.

(3) *sumur bandung*

watek kuda nu hadé, matak loba rijki; tandana mangrupa kukulinciran dua dina tarang kuda.

(4) *wisnu murti*

watek kuda nu hadé; tandana bulu kuda kabéhanana hideung meles.

(5) *buhaya ngangsar*

watek kuda nu goréng, dibawa meuntas dina parung sok depa, ari dina leui sok palid; tandana kukulinciran dina beuteung beulang tukang.

(6) *tumpur ludes*

watek kuda nu goréng, mawa sangsara ka nu nginguna; tandana kukulinciran dina beuteung kuda beulah hareup

(7) *turub layuan*

watek kuda nu goréng, matak pikasieuneun; tandana kukulinciran dina tonggong kuda, handapeun sela beulah hareup.



### **dangka**

jangka waktu atawa kuantitas; panjang pondokna sora diucapkeun; lila sakeudeungna sora diucapkeun. Dangka ilaharna aya dina kecap ku cara ngedalkeun salasahiji engangna leuwih panjang. Contona:

*Ih, teu boo oo oogaa nu kitu mah?*

### **déiksis**

(Ing: *deixis*; Yun: *deiktikos* ‘hal nuduhkeun langsung’)  
unsur basa nu gunana pikeun nuduhkeun hal atawa fungsi nu tangtu di luar basa dipatalikeun jeung kontéks situasi waktu komunikasi lumangsung.

### **déiksis anaforis**

déiksis anu nuduhkeun naon-naon anu aya saheulaeunana. Contona, unsur *-na* dina kalimah:

*Angga téh adi kuring, sakolana di SD kénéh.*

↑  
Antésédén

↑  
Déiksis anaforis

### **déiksis éksoforis**

déiksis nu nuduhkeun naon-naon nu aya di luareun wacana.

### **déiksis ékstratékstual → déiksis éksoporis** **déiksis éndoforis**

déiksis nu nuduhkeun naon-naon nu aya di jeroeun wacana, sipatna intra-tékstual.

### **déiksis kataforis**

déiksis nu nuduhkeun naon-naon nu aya satukangeunana.  
Contona, *-na* dina kalimah:

*Ku mahé**na** dina nyarita, **Jatmika** jadi penyiar radio*



Déiksis kataforis

Antésédén

### **déiksis lokatif**

déiksis anu mangrupa panuduh tempat atawa pernahna hiji hal jeung barang, boh deukeut, rada deukeut, boh jauh. Contona:  
*dieu, dinya, ditu.*

### **déiksis luar omongan → déiksis éksoforis**

### **déiksis persona**

déiksis anu mangrupa panuduh jalma atawa kecap gaganti jalma.  
Contona:

*kuring, anjeun, manéhna.*

### **déiksis sosial**

déiksis nu raket patalina jeung unsur-unsur kalimah nu ngébréhkeun atawa diébréhkeun ku réalitas nu tangtu dina situasi



sosial, ilaharna ngalibetkeun sesebutan panghormat (honorifik) jeung tatakrama basa.

**déiksis tékstual → déiksis éndoforis**

**déiksis tempat → déiksis lokatif**

**déiksis témporal**

déiksis anu mangrupa panuduh waktu lumangsungna kaja-dian.

Contona:

- (1) *baheula, ayeuna, jaga;*
- (2) *heuleutna, mangkukna, kamari, ayeuna, isukan, pagéto;*
- (3) *beurang, peuting, isuk-isuk, pabeubeurang, pasosoré.*

**déiksis wacana → déiksis éndoforis**

**déiksis waktu → déiksis témporal**

**dialék**

(Ing: *dialect*; Yun: *dialektos* ‘kaayaan hiji basa’)

ragam basa nu dipaké ku warga masarakat nu tangtu pikeun ngabédakeun dirina jeung warga masarakat lianna nu natangga tur béda ragam basana tapi raket patalina.

**dialék géografis → basa wewengkon**

**dialék lokal → basa wewengkon**

**dialék régional → basa wewengkon**

**dialék sosial**

ragam basa anu dipaké husus di hiji lingkungan masarakat.

**dialék témporal**

ragam basa tur nerekab di masarakatna nurutkeun mangsa nu tangtu, bihari jeung kiwari.

### **dialéktologi**

ulikan ngeunaan dialék dina hiji basa.

### **dialinguistik → dialéktologi**

### **diftong**

sora basa nu waktu ngucapkeunana dicirian ku polah létah jeung robahna tambér sakali nepi ka boga pancén jadi puseur engang. Éta sababna diftong teh réndonan vokal jeung sémivokal nu muncul jadi puseur engang sarta puncakna (béntés henteuna dina cara ngucapkeunana).

### **diftong naék**

(Ing: *rising diphtong*)

diftong nu puncakna aya di tukang, sémivokal aya saméméh vokal nepi ka sorana naék. Contona:

muih → /muwih/  
béar → /béyar/

### **diftong turun**

(Ing: *falling diphtong*)

diftong nu puncakna aya di hareup atawa semivokal aya tukangeun vokal nepi ka sorana turun. Contona:

tuweuw            /tuwöw/  
ngaruy            /ŋaruy/

### **disimilasi**

prosés robahna sora dina kecap, tina sora nu sarua jadi sora nu béda.

*laleur* → *lareur*

*siraru* → *silaru*

### **distribusi foném**

sumebarna foném dumasar kana tempatna dina engang atawa kecap saperti di awal, di tengah, jeung di ahir kecap. Foném dina basa Sunda bisa nyicingan sakabéh posisi, iwal foném *é*, *c*, *j*, jeung *ny* teu bisa di ahir kecap. Ku ayana pangaruh basa kosta, *j* jeung *é* bisa cicing di ahir saperti dina kecap *mahroj* jeung kecap *metode*.

### **distribusi konsonan**

sumebarna konsonan dina kecap. Sakur konsonan basa Sunda nyicingan kabéh posisi, iwal /c/ jeung /ny/ teu bisa cicing di ahir kecap. Baganna kieu:

Lambang Fonémis	Lambang Fonétis	Posisi Awal	Posisi Tengah	Posisi Ahir
b	/b/	bisa	abdi	rebab
c	/c/	coba	pacul	====
d	/d/	dokar	sado	babad
g	/g/	galak	agul	ajag
h	/h/	hayam	ahir	punah
j	/j/	jalma	ujang	mahroj*
k	/k/	kuring	akur	teurak
l	/l/	lamun	alus	agul
m	/m/	manuk	aman	sulam
n	/n/	nakol	anak	agan
ny	/ñ/	nyabak	anyar	=====
ng	/ŋ/	ngala	angin	miang
p	/p/	pacul	apal	elap
r	/r/	rada	aral	sabar
s	/s/	sapi	usap	apes
t	/t/	tarang	ati	alit
w	/w/	wayang	awi	cewaw
y	/y/	yakin	ayeuna	bolay

## distribusi vokal

sumebarna vokal dina kecap, boh di awal, di tengah, boh di ahir kecap. Sakabéh vokal basa Sunda bisa nempatan unggal posisi, iwal vokal /ə/ teu bisa nyicingan posisi ahir kecap. Mun aya vokal /ə/ nu ditungtung, minangka pangaruh tina basa kosta, sorana sok robah jadi /Ō/, malah cara nulisna deuih. Contona: *metode* sok diucapkeun jeung dituliskeun jadi *metodeu*. Distribusi vokal basa Sunda bisa dibagankeun kieu.

Lambang Fonémis	Lambang Fonétis	Posisi Awal	Posisi Tengah	Posisi Ahir
a	/a/	abdi	badé	neda
i	/i/	indung	pinter	hui
u	/u/	ubar	budak	cau
é	/ɛ/	éra	méré	lebé
o	/o/	oray	loba	sorb
eu	/Ō/	eupan	heulang	sampeu
é	/ə/	ema	mesen	halte*

## dwilingga

kecap rajékan nu diwangun ku cara nyebut dua kali sagemblengna wangun dasarna boh robah sorana boh henteu. Contona:

buku → *buku-buku*  
imah → *imah-imah*  
tulis → *tulas-tulis*  
tajong → *tujang-tajong*

**dwilingga murni → dwimurni**

**dwilingga réka** → **dwiréka**

**dwimadia**

(Skr. *dwi* ‘dua’ + *madya* ‘tengah’)

kecap rajékan nu diwangun ku cara nyebut dua kali engang tengah wangun dasarna. Contona:

sabaraha → *sababaraha*

**dwimurni**

kecap rajékan anu diwangun ku cara nyebut dua kali wangun dasarna bari teu diropéa, boh dirobah sorana boh dirarangkénan.

Contona:

budak → *budak-budak*

datang → *datang-datang*

**dwipurwa**

(Skr. *dwi* ‘dua’ + *purwa* ‘mimiti, hareup’)

kecap rajékan anu diwangun ku cara nyebut dua kali engang mimiti wangun dasarna. Contona:

puhu → *pupuhu*

tajong → *tatajong*

**dwiwasana**

(Skr. *dwi* ‘dua’ + *awasana* ‘ahir, tungtung’)

kecap rajékan nu diwangun ku cara nyebut dua kali engang panungtung wangun dasarna.

**dwiwekas** → **dwiwasana**



## **éjah**

ngéjah: ngucapkeun hurup atawa aksara hiji-hiji nepi ka ngalagena. Contona:

/a/	→	/a/
/b/	→	/bé/
/c/	→	/cé/
/d/	→	/dé/
/é/	→	/é/

## **éjahan**

aturan atawa palanggeran nuliskeun lambang-lambang sora basa ku aksara. Éjahan téh patali jeung aturan makéna aksara, nuliskeun aksara, nuliskeun kecap, nuliskeun unsur serepan jeung tanda baca.

## **élmu basa**

élmu anu ngulik jeung medar basa; ulikan ilmiah ngeunaan basa.

**élmuning basa** → élmu basa

**engang**

(Ind: suku kata; Ing: *sylable*)

omongan nu dikedalkeun saengapan: adegan anu diwangun ku hiji vokal atawa réndonan vokal jeung konsonan. Contona: vokal /é/ sarta réndonan konsonan /t/ jeung vokal /a/ dina kecap *é-ta*.

**engang mimiti**

engang nu aya di awal kecap. Contona: **ba** – *pa*

**engang panengah**

engang nu aya di tengah-tengah kecap. Contona: **sa-ko-la**

**engang panungtung**

engang anu aya dina tngtung kecap. Contona: *ca-ra-ka*



**fon** → **sora omongan, sora basa**

**foném**

(Ing: *phoneme*; Yun: *phone* ‘sora’ + *-ema* ‘ngandung harti’)  
wangun basa pangleutikna anu ngabogaan fungsi pikeun ngabédakeun harti.

**fonémik**

(Ing: *phonemics*)  
bagian tina fonologi anu maluruh jeung medar pola-pola sora basa atawa foném.

**foném kauni** → **foném ségméntal**

**foném konsonan** → **konsonan**

**foném nyamuni** → **foném supraségmental**

**foném ségméntal**

foném nu sipatna nyata tur bisa dipasing-pasing nepi ka kaciri babagianana, ngawengku vokal jeung konsonan.



### **foném supraségmental**

foném nu sipatna nyamuni tur hésé dipisah-pisahna nepi ka teu kaciri babagianana, ngawengku tekenan, nada, randeg-an, dangka, jeung wirahma.

### **foném tanuni → foném supraségmental**

### **foném vokal → vokal**

### **fonétik**

bagian tina fonologi anu maluruh jeung medar sora omongan, prosés diwa- ngunna, wujudiahna, jeung cara ditarimana ku pangdégé; ngawengku fonétik artikulatoris, fonétik akustik, jeung fonétik auditoris.

### **fonétik akustik**

fonétik nu maluruh jeung medar sora basa dumasar kana wujudiahna minangka lamak (geteran) sora; gegedéna asup widang garapan fisika.

### **fonétik artikulatoris**

fonétik nu maluruh jeung medar sora basa dihasilkeun ku anggahota awak (alat ucap) manusa; gegedéna asup kana widang élmu basa.

### **fonétik organis → fonétik artikulatoris**

### **frasa**

(Ing: *phrase*)

wangunan basa nu jadi pangdeudeul kalimah, sakurang-kurangna ngabogaan dua kecap nu sipatna teu prédikatif (henteu mibanda unsur jejer-caritaan), tapi ngan nyicingan salasahiji fungsi jejer,

caritaan, obyék, panglengkep, atawa katerangan. Contona wangunan *adi kuring, rék ngajul, jambu kulutuk, jeung di buruan* dina ieu kalimah masing-masing mangrupa frasa.

*Adi kuring rék ngajul jambu kulutuk di buruan.*

**J**

**C**

**O**

**Kat**

**frasa aditif → frasa jumlah**

**frasa ajektival → frasa sipat**

### **frasa alat**

frasa nu patali harti antarunsurna nuduhkeun ‘alat’. Conto:

*ku sair*

*kana béca*

**frasa alternatif → frasa pamilih**

### **frasa anékainti**

(Ind: frasa beranéka induk; Ing: *multihead phrase*)

frasa nu intina atawa puseurna réa saperti frasa koordinatif jeung frasa apositif.

Contona:

*kuring jeung manéhna*

*Tasik, kota resik*

### **frasa apositif**

frasa nu sarua puseurna tur bisa siligenti sarta unsur nu kadua sakaligus nerangkeun unsur kahiji. Contona:

*Angga, anak kuring.*

### frasa asal

frasa nu patali harti antarunurna nuduhkeun ‘asal’, ilaharna antara unsur-unurna bisa diseselan ku kecap paangantét ti.

Contona:

*wajit Cililin* → *wajit ti cililin*  
*jeruk Garut* → *jeruk ti Garut*

### frasa aspék

frasa nu patali harti antarunurna nuduhkeun ‘aspéktualitas’.

Contona:

*keur dahar*  
*parantos badé angkat*

### frasa atributif

frasa nu puseurna ngan hiji atawa dina paripolahna ngan boga fungsi nu sarua jeung salasahiji unurna. Unsur nu sarua jeung paripolah frasana disebut unsur puseur, aru unsur séjénna disebut unsur pangwates (atribut). Contona, **adi** jeung **indit** masing-masing mangrupa unsur puseur, ari *kuring* jeung *rék* masing-masing mangrupa unsur atribut.

**adi** *kuring*  
*rék* **indit**

### frasa bahan

frasa anu patali harti antarunurna nuduhkeun ‘bahan’, ilaharna bisa diseselan ku kecap pangantét tina. Contona:

*kantong pelastik* → *kantong tina*

### frasa bilangan

frasa anu paripolahna mibanda fungsi nu sarua jeung kecap bilangan. Contona:

*ngan dua siki  
lima urang*

**frasa diréktif** → **frasa pangantét**

**frasa ékainti**

frasa nu intina atawa unsur puseurna ngan hiji, ari unsur séjénna mangrupa pangwates; sarua jeung frasa atributif.

*indung kuring  
geulis pisan  
bakal datang*

**frasa éksosentris**

frasa nu henteu mibanda unsur puseur nepi ka dina pari-polahna teu sarua jeung sakabéh unsurna. Contona:

*di rorompok  
nu digarawé téh.  
Si jangkung*

**frasa éndoséntris**

frasa anu mibanda unsur puseur sarta dina paripolahna mibanda fungsi nu sarua jeung salahsahiji atawa sakabéh unsurna. Contona

*bapa kuring mah  
kuring jeung manehna  
Bandung, kota kembang*

**frasa hasil**

frasa nu patali harti antarunsurna nuduhkeun hasil. Contona:

*hasil pangwangunan  
karangan rékaan*

### **frasa jumlah**

frasa nu patali harti antarunsurna nuduhkeun jumlah. Conto:

*Pa Lurah sareng Pa Camat  
maca jeung nulis  
kuring, bapa, jeung ema*

### **frasa konéktif**

frasa éksoéntris anu diwangun ku kecap pagawéan kopulatif atawa ékuatif minangka pananda jeung kecap barang minangka sumbuna. Contna:

(Buku téh) *mangrupa gudangna élmu.*  
(Manéhna) *jadi guru.*

.

### **frasa konjungsional**

frasa anu diwangun ku kecap panyambung minangka pananda jeung frasa pagawéan atawa klausa minangka sumbuna. Contona:

*Basa manéhna keur dahar, (kuring indit).  
Sanajan gering, kuring maksa ka sakola.*

### **frasa katerangan**

frasa anu paripolahna mibanda fungsi nu sarua jeung kecap katerangan atawa kecap panambah. Contona:

*sawadina mah  
sigana baé*

### **frasa komplémentatif → frasa palelengkep**

#### **frasa koordinatif**

frasa nu unsur-unsurna satata sarta ilaharna sok diseselan ku kecap panyambung satata saperti *atawa, jeung, boh...boh....*

*ema atawa bapa  
kuring jeung manéhna  
boh ninina boh akina*

### **frasa milik**

frasa barang anu patali hartina antarunurna nuduhkeun ‘milik’ atawa ‘bogana’. Contona:

*buku kuring*  
*mobil anu manéhna*

### **frasa modalitas**

frasa anu patali harti antarunurna nuduhkeun modalitas; nuduhkeun sikep atawa pamadegan panyatur kana omongan nu diucapkeun. Contona:

*moal boa datang*  
*bisi balik deui*  
*hanas diagéh-agéh*

**frasa modifikatif** → **frasa atributif**

**frasa nominal** → **frasa barang**

**frasa non-direktif** → **frasa rélatif**

### **frasa non-verbal**

frasa anu lain pagawéan, kaasup di jerona frasa bilangan, frasa barang, frasa sipat, jeung frasa pangantét. Conton:

*dua urang*  
*dulur kuring*  
*mahal naker*  
*ka sawah*

**frasa numeral** → **frasa bilangan**

### **frasa obyéktof**

frasa éksoséntrif anu diwangun ku kecap pagawéan minangka pananda jeung kecap atawa frasa barang minangka sumbu obyékna. Contona, frasa *maca buku* dina kalimah:

*maca buku* [henteu babari]

### **frasa pagawéan**

frasa anu paripolahna mibanda fungsi nu sarua jeung kecap pagawéan. Contona:

*keur dialajar*  
*parantos tuang*  
*maca jeung nulis*

### **frasa palelengkep**

(Ind: frasa pemerlengkapan; Ing: *complementative phrase*)

frasa éksoséntrif anu diwangun ku kecap pagawéan minangka pananda jeung kecap atawa frasa séjén minangka sumbu panglengkepna. Contona:

*Diajar tembang téh* [karesepna].  
*Maca buku téh* [henteu babari].

### **frasa pamilih**

frasa anu patali harti antarunurna nuduhkeun ‘pamilih’, ilaharna antara unsur-unurna diseselan ku kecap panyam-bung *atawa* jeung *atanapi*. Contona:

*Senen atawa Salasa*  
*maca atawa nulis*

### **frasa pamungkir**

frasa anu patali harti antarunurna nuduhkeun ‘pamungkir’ atawa negatif. Contona:

*lain kuring*  
*henteu indit*  
*sanés didamel*

### **frasa panahap**

frasa sipat anu patali harti antara unsur-unsurna nuduhkeun ‘tahapan’ atawa ‘tingkatan’. Contona:

*rada gedé*  
*hérang pisan*  
*pohara amisna*  
*teuing ku ngedul*  
*aya ku bageur*

### **frasa panambah → frasa katerangan**

### **frasa panangtu**

frasa anu patali harti antarunsurna nuduhkeun ‘panangtu’.

*ieu pedaran téh*  
*gunung itu*  
*anjeunna téa*

### **frasa pangantét**

frasa éksosentris nu diwangun ku pananda (diréktor) jeung tinanda (sumbu, aksis). Panandana mangrupa kecap pangan-tét, ari sumbuna mangrupa kecap atawa frasa barang. Contona:

*dina méja*  
*ka Bandung Kidul*  
*tina tarigu*

### **frasa pangbarung**

frasa pangantét nu patali harti antara unsur-unsurna nuduh-keun ‘pangbarung’. Contona:



*jeung babaturan*  
*kadua budak*

### **frasa pangwates**

frasa anu patali harti antarunsurna nuduhkeun ‘pangwates’ atawa ‘wawatesan’. Contona:

*mung anjeunna wungkul*  
*ngan tiluan*  
*ukur kuring baé*

### **frasa préposisional → frasa pangantét** **frasa rélatif**

frasa éksoséntris nu diwangun ku kecap gaganti panyambung (*a*)nu minangka rélater jeung kecap atawa frasa séjénna minangka sumbuna. Ieu frasa téh ari wanana kagolong kana frasa éksoéntris, ari warna kagolong kana frasa barang. Contona:

*anu kamari téa*  
*nu manéhna*  
*nu digarawé*  
*nu jarangkung*  
*nu ti Sumedang*

### **frasa sasaruuan**

(Ind: frasa apositif; Ing: *appositive phrase*)

frasa barang anu patali harti antarunsurna nuduhkeun sasaruuan, unsur anu kahiji sarua jeung unsur nu kadua.

*Angga, anak kuring téa*  
*Bandung, kota kembang*

### **frasa sesebutan**

frasa barang anu patali harti antarunsurna nuduhkeun ‘sesebutan’, ilahrna diwangun ku kecap sandang, ngaran gelar, pangkat, sarta jabatan dituturkeun ku kecap atawa frasa barang. Contona:

*Néng Kania*  
*Si Kabayan*  
*Prof. Dr. H. Yus Rusyana*

**frasa satata → frasa koordinatif**

**frasa sipat**

frasa anu paripolahna mibanda fungsi nu sarua jeung kecap sipat.  
Contona:

*geulis pisan*  
*pohara érana*  
*nya geulis nya pinter*

**frasa subordinatif**

frasa anu salasahiji unsurna mibanda paripolah anu sarua jeung sakabéh wangunan frasa. Unsur nu sarua jeung paripolah frasana disebut unsur puseur, ari unsur séjénna disebut unsur sélér atawa subordinator. Contona:

*adi kuring*  
*ngan keur manéhna wungkul*

**frasa sumélér → frasa subordinatif**

**frasa tempat**

frasa pangantét anu patali harti antarunsurna nuduhkeun ‘tempat’, boh tempat ayana, tempat asal, boh tempat tujuan.

*di imah*  
*ti Tasik*  
*ka Cianjur*

**frasa titikelan**

frasa bilangan anu patali harti antarunsurna nuduhkeun ‘titikelan’ atawa ‘itungan’. Contona:

*dua puluh urang*  
*saratus kali*  
*kasakitu kalina*

### **frasa tujuan**

frasa nu patali harti antarunsurna nuduhkeun ‘tujuan’ atawa ‘kagunan’. Contona:

*lahan tatanén*  
*pikeun urang Sunda*

### **frasa undak**

frasa sipat anu patali harti antarunsurna nuduhkeun kaayaan nu beuki ‘ningkat’ atawa ‘undak’. Contona:

*beuki ngageubra*  
*mingkin wengi*

**frasa subordinatif → frasa atributif**

**frasa sumélér → frasa subordinatif**


**frasa teu satata → frasa atributif**

**frasa vérbal → frasa pagawéan**

**fungsi apélatif → fungsi konatif**

### **fungsi basa**

peran anu dicekel ku basa minangka alat komunikasi, anu muncul dumasar kana ayana panyatur, pamiarsa, kontéks, kontak, kode, jeung amanat. Baganna kieu.



**fungsi diréktif** → **fungsi konatif**

**fungsi éksprésif** → **fungsi émotif**


**fungsi émotif**

fungsi basa anu rakat patalina jeung panyatur, gunana keur ngébréhkeun rasa, pikiran, jeung kahayang panyaturna.

**fungsi éstétis** → **fungsi imajinatif**

**fungsi gramatikal**

fungsi anu ngagambarkeun kumaha carana unsur-unsur tata basa lumampah tur digunaken kalawan silihlingkepan dina wangunan basa anu leuwih jembar, minangka ruas atawa tempat nu dieusian ku katégori jeung peran. Baganna kieu.



### fungsi gramatikal panambah

fungsi gramatikal anu patali jeung ruas atawa tempat nu dicicingan ku unsur basa dina wangunan frasa saperti puseur (inti) jeung pangwates (atribut) dina frasa atributif; pananda jeung sumbu dina frasa éksoséntris.

Contona:

(1)    *arék*            *indit*  
           ↑                ↑  
           Atribut        Inti

(2)    *dina*            *béca*  
           ↑                ↑  
           Pananda      sumbu

## **fungsi gramatikal utama**

(Ing: *primary grammatical categories*)

fungsi gramatikal anu patali jeung ruas atawa tempat nu dicicingan ku unsur basa dina wangunan klausa atawa kalimah saperti jejer, caritaan, obyék, panglengkep, jeung katerangan.

## **fungsi imajinatif**

fungsi basa anu raket patalina jeung amanat atawa pesen omongan minangka makéna basa jadi lambang kaéndahan (éstétis), tujuanana sangkan pamiarsa meunang kasugemaan batin, ilaharna mangrupa tamperna (kristalisasi) pangalaman jiwa nu maké basa nu diwujudkeun winangun karya sastra atawa wangun rékaan.

**fungsi informasional → fungsi kognitif**

**fungsi instruméntal → fungsi kognitif**

**fungsi interaksional → fungsi patis**

**fungsi interpersonal → fungsi patis**

## **fungsi kognitif**

fungsi basa anu raket patalina jeung pamiarsa (pamaca, paregep), gunana pikeun nimbulkeun pamapah (résponsi) ka pamiarsa, tujuanana bisa ngajak, mangaruhan, nitah, nyarék, jeung mapatahan.

## **fungsi konatif**

fungsi basa anu raket patalina jeung kontéks atawa obyék anu dicaritakeun, gunana pikeun ngagambarkeun dunya luar basa kayaning ngulik, ngadadarkeun, jeung medar élmu pangaweruh.

### **fungsi métabasa**

fungsi basa anu raket patalina jeung lambang (kode, tanda) basa, gunana pikeun maluruh jeung medar basana sorangan, upamana baé, basa Sunda dipaké maluruh jeung nerangkeun basa Sunda.

### **fungsi métalinguistik → fungsi métabasa**

### **fungsi patis**

fungsi basa anu raket patalina jeung kontak atawa interaksi, gunana pikeun nepungkeun antara panyatur jeung pamiarsa geusan ngajaga tali silaturahmi, silihajénan, sarta silih hormat. Upamana baé, ku maké rengkuh, peta, lisan, lentong, jeung basa anu lemes. Undak-usuk basa kaasup makéna basa tina fungsi patis.

### **fungsi personal → fungsi personal**

### **fungsi pragmatis**

- (1) fungsi patis
- (2) patalina unsur basa jeung unsur luar dina konteks komunikasi anu leuwih lega, anu dina tata basa fungsional aya nu disebut (a) téma--réma (b) topik--komén

### **fungsi puitis → fungsi imajinatif**

### **fungsi réfésrésial → fungsi kognitif**

### **fungsi régulatif → fungsi konatif**

### **fungsi réprésentatif → fungsi kognitif**

### **fungsi rétorik → fungsi konatif**

## **fungsi sémantis**

(Ing: *semantic function*)

- (1) fungsi anu raket patalina jeung gambaran unsur basa, dipakéna pikeun ngébréhkeun harti dina matalikeun kon-sép jeung obyékna nepi ka jadi alat komunikasi anu dumuk;
- (2) peran unsur-unsur basa dina wangunan nu leuwih jembar saperti ‘palaku’, ‘kalakuan’, ‘pangrandap’, ‘milik’, jeung ‘panampa’.

**fungsi sintaktis** → **fungsi gramatikal**

**fungsi sintaktis utama** → **fungsi gramatikal utama**

**fungsi sintaktis panambah** → **fungsi gramatikal panambah**





### **gaya basa**

(Ind: gaya bahasa, majas; Ing: *style* ← Lt: *stilus*)

rakitan basa anu dipaké ku panyatur sangkan ngahudang pangaruh (éfék) anu leleb karasana ka pamiarsa. Pasipatan gaya basa téh bisa dianalisis tina jihat:

- (1) pilihan kecap (diksi),
- (2) ungkara atawa adegan kalimahna,
- (3) anéka baban-dingan jeung ngantebkeun harti,
- (4) pola wirahma, purwakanti, jeung wangunna, jeung
- (5) cara-cara nimbulkeun éfék ku rakitan basa.

### **gaya basa antonomasia**

gaya basa kahanan anu dipaké nyebutkeun sipat nu goréng tina ngaran jalma nepi ka nelahna. Contona:

*Si Gembru* (pikeun nyebut anu lintuh)

*Kawas tihang listrik* (pikeun nyebut jelema jangkung)

### **gaya basa ébréhan**

parafrasa (Ing: *periphrases*)

gaya basa anu ngébréhkeun gawé, guna, atawa kaayaan hiji barang, tapi anu dimaksudna mah barang nu kaancikan ku gawé atawa kaayaan téa. Contona:

*Puputon sekar kadaton* (= putri)

*Geus nepi ka hanteuna* (= maot).

### **gaya basa éponim**

gaya basa kahanan anu dipaké nyebutkeun sipat nu alus tina ngaran jalma nepi ka nelahna.

Contona:

**Kawas Arjuna** (pikeun nyebut jalma kasép).

**Kawas Sri Kandi** (pikeun nyebut ka awéwé nu wanian)

### **gaya basa hiperbol → gaya basa rarahulan**

#### **gaya basa hurunan**

(Ing. (Yun. *totem pro parte*)

gaya basa raguman nu nyebut sagemblengna hiji perkara padahal nu dimaksud ngan sabagian.

Contona:

**Persib jadi juara Mengbal Linga Dunhil 1995.**

**Korban jiwa mangpuluh-puluh** (jalma katut ragana).

#### **gaya basa kadalon**

(Ind. *pléonasme* (Yun. *pleonaszein* -> pleon'leuwih')

gaya basa nu ngagunakeun kecap-kecap pikeun ngébréh-keun maksud leuwih ti mistina (kadaluhan -> dalu 'leuwih), anu geus écés diécéskeun deui. Contona:

*Nu matak ieu téh **rieut sirah.***

*Nempo nu tabrakan téh kalah ka **olohok ngembang kadu.***

#### **gaya basa kahanan**

(Ing: *epitet*)

gaya basa nu ngébréhkeun kahanan, sipat, jeung ciri nu husus tina hiji barang atawa jalma ku cara méré panglandi, jadi méh sarua jeung gaya basa lalandian.

### gaya basa lalandian

(Ing: *metaphor*; Yun: *meta* ‘luhureun’ + *pherein* ‘ngakut’)  
gaya basa nu ngébréhkeun hiji hal ngaliwatan babandingan ku cara méré panglandi tur sipatna nyamuni.

Contona:

*Ayeuna mah geus jadi kembang carita.*

R. Oto Iskandar Dinata nelah **Si Jalak Harupat**.

### gaya basa métapora → gaya basa lalandian

### gaya basa mijalma

(Ing: *personification*; Yun: *prosopopeia*)

gaya basa nu ngabandingkeun barang-barang cicing (teu nyawaan) disaruakeun jeung barang-barang nu nyawaan seperti jalma. Contona:

*Gunung siga milu nguyung, lebak siga milu susah.*

*Rebab ceurik ngabangingik.*

### gaya basa ngasor

(Ind: *litotes*; Yun: *litos* ‘basajan’)

gaya basa anu dipaké pikeun ngahandapkeun manéh (diri), tandaning sopan atawa handap asor. Contona:

*Iraha badé linggih ka saung butut téh?*

*Ah, abdi mah gaduh tanah gé mung satapak peucang.*

### gaya basa ngomong dua

(Ind: *ironi*; Ing: *irony*; Yun: *eironesia* ‘nyamuni dina kecap’)

gaya basa sindir nu ngébréhkeun hiji perkara sabalikna tina harti nu dimaksud. Contona:

*Pantes rék beunghar ogé da sakitu balabahna*

(maksudna pedit, korét).

### **gaya basa ngomong seukeut**

(Ind: *sinisme*; Ing: *cinysme*; Yun: *Kynikos* ‘anjing)

gaya basa sindir nu ngébréhkeun paripolah nu curiga baé, sarta ngarendahkeun ajén-inajén kahirupan ku omongan anu teurakna téh jero tur seukeut. Bisa jadi kecap-kecapna mah lemes, tapi maksudna mah nyawad atawa moyok. Contona:

*Leuh, aya ku beresih sapatuna téh.* (maksudna kotor)

*Saé, téras ameng, sangkan ulangan téh bisa.* (maksudna ulah ulin baé, tapi kudu ngapalkeun).

### **gaya basa ngupamakeun**

(Ing: *simile*)

gaya basa nu ngabandingkeun hiji barang jeung barang sé-jénna kalawan némbak, ilaharna diébréhkeun ku kecap *asa, cara, ibarat, jiga, kawas, kadia, lir, saperti*, jeung *sig*. Contona:

*Asa ditonjok congcot.*

*Cara sireum.*

*Ibarat mihapékeun hayam ka heulang.*

*Kawas anjing tutung buntut.*

*Lir nu dipulu bayu.*

*Siga kedok bakal.*

### **gaya basa nyungkun**

(Ing: *sarcasm*; Yun: *sarkazein* ‘ngagégéwék daging cara anjing’ -> *sarx* ‘anjing’).

gaya basa sindir nu eusina kasar matak peureus, tanpa tédeng aling-aling. Contona:

*Béakkeun dahareun téh, keun baé batur mah tong teuing diagéhan!* (maksudna dahareun téh kudu disésakeun).

### gaya basa ocon

(Ing: *metonymy*; Yun. *meta* ‘robah’ + *onama* ‘ngaran).  
gaya basa nu ngalandi kecap atawa barang ku ngaran séjén anu sarua pasipatanana lantaran raket patalina.

Contona:

*Jang pangmeulikeun **Gudang Garam!*** (roko mérek Gudang Garam).

*Sabaraha ngagaleuhna **Suzuki téh?*** (mérek mobil atawa motor Suzuki).

### gaya basa personifikasi → gaya basa mijaalma

#### gaga basa rautan

(Ing: *euphemism*; Yun: *euphimezein* ‘ngalemesan’)  
gaya basa ngandung maksud ngomah-ngomahan haté batur sangkan henteu kasigeung; ébréhan lemes.

Contona:

*Anjeunna téh parantos **mulih ka jati mulang ka asal.***  
(= maot).

*Permios badé **kahampangan.*** (= kiih)

*Numawi anjeunna téh **kirang dangu.*** (= torék)

#### gaya basa raguman

(Sinékdok; Yun. *synekdechesthai* <*syn* ‘sarua + *ex* ‘kaluar’ + *dechesthai* ‘nyokot, narima’).

gaya basa anu ngébréhkeun rupa-rupa hal ku cara dihijikeun, disawadahkeun, atawa disabeungkeutkeun, boh diébréhkeun sabagian keur sagemblengna (tunggalan) boh sagemblengna keur sabagian (hurunan). Contona:

*Raja baheula mah kudu ririung-riung ku **gelung.***

***Jawa Barat** jadi juara umum Pon IX di Jakarta.*

### **gaya basa rarahulan**

(Ing: *hyperbole*; Yun: *hyper* ‘luhur’+ *ballein* ‘ngalungkeun’) gaya basa nu ngébréhkeun hiji perkara kalawan rahul atawa kaleuleuwihi.

*Sawahna ogé sakolong langit.*

*Di Amerika mah gedong-gedongna téh jujul ka langit.*

### **gaya basa silib**

(Ing: *allegory*; Yun: *allos* ‘séjén’ + *agoreuein* ‘nyarita’) gaya basa anu ngébréhkeun hiji perkara ku jalan dibalibir-keun nu maksudna sangkan nu dibawa nyarita teu éraeun atawa teu wani ngomong saujratna. Contona:

*Naha datang téh subuh-subuh teuing, Jang?* (nyindiran budak nu datang kabaurangan)

*Teu sangki getol geuningan putra Ibu téh* (maksudna mah ngedul).

*Teu bisaeun maca meureun, da ngaroko baé.* (nyindiran nu ngaroko di gedong bioskop).

### **gaya basa tunggalan**

(Ing: *pars pro toto*)

gaya basa raguman nu nyebut sabagian hiji perkara padahal nu dimaksud sakabéhna. Contona:

*ngagentosan artos sapuluh rébu kana rébuan.*

*Pagawéan loba teuing leungeun mah moal bener*



## **harti**

(Ind: aryi, makna; Ing: *meaning*)

naon-naon nu dimaksud ku panyatur ngeunaan hiji obyék atawa hal anu aya patalina antara lambang omongan jeung barang (hal) nu dimaksud.

**harti afektif** → **harti émotif**

**harti asal** → **harti dénotatif**

**harti dénotatif** → **harti saujratna**

**harti déskriptif** → **harti saujratna**

## **harti émotif**

harti nu muncul balukar tanggapan pamiarsa kana omongan nu ditepikeun ku panyatur, ilaharna nuduhkeun sikep rasa atawa émosi panyaturna. Contona:

*Adun bogaeun **ucing dua** (harti saujratna)*

*Ih, .... Si **Monyét** siah! (hari émotif)*

### **harti idiomatis**

harti nu muncul dina pakeman basa (idiom) atawa wangun-an basa nu husus sarta teu bisa dihartikeun sajalantrahna nurutkeun harti unsur-unsurna. Contona:

*Hampang birit* ‘babari dititah’  
*Ipis biwir* ‘babari ceurik’

### **harti injeuman**

harti anu teu langsung nuduhkeun hal atawa barang nu dimaksudna, ilaharna ngandung rasa, kenangan, jeung tap-siran kana barang séjén. Contona:

*Balong téh dikojayan ku barudak* (harti saujratna).  
*Manéhna mah tara beunang dikojayan* (harti injeuman)

### **harti gérépléktif**

harti répléktif anu patali jeung pantangan katut kapercayaan.

**karuhun; urang leuweung** → *maung*  
**tai manuk** → *apu seupah*

### **harti gramatikal**

harti nu muncul balukar tepungna unsur-unsur katatabasaan (morfém, kecap, frasa, klausa, kalimah) dina wangunan nu leuwih jembar. Contona:

*ka* + *tincak* → *katincakan* ‘teu dihaja’  
*jung* + *nangtung* → *jung nangtung* ‘aspék inkoatif’

### **harti heureut**

harti nu sipatna husus, sempit, tur karagam ku harti-harti saluhureunana nu leuwih jembar. Contona:

Harti jembarna ‘*mawa*’ harti heureutna:

(1) *ngélék* ‘mawa dina kélék didempét ku peupeuteuyan’



- (2) *nyuhun* ‘mawa barang dina luhureun sirah’
- (3) *nanggung* ‘mawa barang dina tak-tak maké tanggungan’
- (4) *nogéncang* ‘mawa barang dina taktak salayan’
- (5) *ngajingjing* ‘mawa barang ku leungeun sabeulah’

**harti husus → harti heureut**

**harti jembar**

harti nu sipatna umum, jembar, tur ngaragum harti-harti séjénna nu leuwih heureut.

**harti kamus → harti léksikal**

**harti kiasan → harti injeuman**

**harti kognitif → harti saujratna**

**harti konséptual → harti saujratna**

**harti kolokatif**

harti nu ngan muncul dina lingkungan kecap atawa ungkara nu sarua, upamana baé, kecap *démplon* jeung *geulis* ngan tumerap ka **awéwé**.

**harti kontéksstual**

harti nu muncul dumasar kana kontéks makéna. Hiji kecap bakal béda hartina lantaran dipaké dina kontéks nu béda. Contona, kecap *mancing* di sawatara lingkungan hartina bisa béda, di antarana baé,

- (1) *kongkur* (di lingkungan tukang nguseup)
- (2) *ngulinkeun kartu* (di lingkungan tukang nujum)
- (3) *ngasupkeun minyak kana karburator* (lingkungan supir atawa béngkél kendaraan).

**harti konotatif** → **harti injeuman**

**harti langsung** → **hari saujratna**

### **harti léksikal**

harti unsur-unsur basa atawa kecap-kecap minangka lam-bang barang, obyék, hal, jsté. leupas tina kontéks makéna.

**harti logikal** → **harti saujratna**

**harti panambah** → **harti injeuman**

### **harti piktorial**

harti répléktif nu patali jeung kasopanan. Contona

**ngising** → *kabeuratan*

**kahampangan** → *kiih*

**harti puseur** → **harti dénotatif**

**harti référénsial** → **harti saujratna**

### **harti répléktif**

harti injeuman nu muncul lantaran pamiarsa matalikeun harti langsung nu hiji jeung harti langsung séjénna nepi ka muncul répléksi kana éta harti téa, ilaharna patali jeung pantangan, kapercayaan, tur kasopanan.

Contona;

**nu ngageugeuh** → *jurig*

**kirang ninggal** → *lolong*

**kirang dangu** → *torék*

### **harti saujuratna**

harti nu langsung nuduhkeun konsép nu tangtu tina hiji barang; gambaran langsung tina obyék atawa acuanana. Contona:

*Manéhna keur ngahampas kalapa* (harti saujuratna)  
*Anjeun ulah ngahampas ka kuring* (harti injeuman)

### **harti stilistik**

harti anu aya dna gaya basa atawa rakitan basa anu dipaké sangkan nimbulkeun pangaruh (éfék) nu leleb karasana ku pamiarsa. Contona, gaya basa nu hartina eufimistis:

*Gaduh tanah ge mung satapak peucang.*  
*Mangga linggih ka saung butut.*

### **harti tématis**

harti nu muncul balukar museurkeun panitén jeung neken-keun lentong kana salasahiji unsur basa nu dipentingkeun.

Contona:

*Aya nu maot dilengkahan ucing hirup.*

a. *Aya nu maot / dilengkahan ucing / hirup.*

b. *Aya nu maot / dilengkahan / ucing hirup.*

c. *Aya nu maot / dilengkahan ucing hirup*

### **harti teu langsung → harti injeuman**

**hiponim** → **kecap sawengku**

**homofon** → **kecap sangaran**

**homograf** → **kecap sawangun**

**homonim** → **kecap sangaran**

### **homonim murni**

homonim nu kecap-kecapna boga harti séwang-séwangan tur dipakéna napsi-napsi. Contona:

- bangsal:**        1. *bangsal (siki paré)*  
                      2. *rohangan gedé*

### **homonim patumpuk**

homonim nu kecap-kecapna mibanda harti patumpuk nepi ka makéna sok siligenti. Contona:

- pernah :**        1. *patali pancakaki (dulur)*  
                      2. *kungsi*

### **hubungan**

(Ing: *realtions*)

patali antara unsur basa nu hiji jeung unsur basa lianna bari dumuk aturanana.

### **hubungan harti**

hubungan atawa patali harti antara unsur-unsur basa dina wangunan nu leuwih jembar. Contona, balukar ngaruntuyna kecap *buku* jeung *kuring* dina frasa *buku kuring* ngahasilkeun hubungan harti ‘milik’.

### **hubungan kalimah**

hubungan antara babagian kalimah dina wangunan kalimah.

### **hubungan paradigmatis      →      hubungan rantayan**

### **hubungan rantayan**

(Ind: relasi paradigmatis; Ing: *paradigmatic relationship*)

hubungan antara unsur-unsur basa nu sipatna teu hadir (*in absentia*), tegak, nguntun, sarta bisa silihtukeur, sarta kakara bisa kapanggih ku cara nengetan ciri-ciri nu sarua tina unsur-unsurna.

Contona: *Angga* bisa disilih ku kecap *manéhna* saperti dina ieu kalimah.

**Angga**

*diajar ngarang*



**Manéhna**

*diajar ngarang*

### **hubungan runtuyan**

(Ind: hubungan sintagmatis; Ing: *syntagmatic relationship*)

hubungan antar unsur-unsur basa nu dipatna hadir dina omongan (*in praesentia*), datar, ngaruntuy, sarta ngentep seureuh, ébréh mana nu kudu ti heula jeung mana nu kudu pandeuri. Contona, runtuyan kecap-kecap *Angga, diajar, jeung ngarang* dina kalimah:

**Angga <-->**

**diajar <--> ngarang**

**hubungan semantis → hubungan harti**

**hubungan sintagmatik → hubungan runtuyan**

**hubungan sintaktis → hubungan kalimah**



**idiom** → pakeman basa

**idiomatika**

élmu ngeunaan idiom atawa pakeman basa.

**idiomatis**

sipat nu patali jeung idiom atawa pakeman basa.

**indung kalimah**

babagian kalimah nu jadi galeuh dina kalimah ngantét sélér-sumélér; klausa bébas atawa klausa lulugu. Contona:

**Angga indit ka sakola** *basa manéhna keur mandi.*

↓  
indung kalimah

↓  
sélér kalimah

**infiks** → rarangkén tengah

**inférensí kawacanaan**

prosés nu dipilampah ku pamiarsa geusan nyangkem ma'na atawa maksud anu henteu diébréhkeun langsung dina wacana, tujuanana sangkan bisa ngama'naan wacana anu malibir tur teu togmol kana maksudna.

**interferensi** → **pasosok basa**

**inti** → **unsur puseur**

**interjéksi** → **kecap panyeluk**

**intonasi** → **lentong**

**istilah**

(Ing: *term, terminology*)

kecap atawa kantétan kecap anu kalawan gemet ngagambar-keun harti hiji konsép, prosés, kahanan, atawa sipat nu hu-sus dina hiji widang.



### **jangkar kecap**

(Ing. *root*)

(1) sarua hartina jeung cakal, bakal kecap; (2) unsur nu jadi asal pangwangun kecap, ilaharna mibanda makna puseur. Contona: *lut* mibanda makna puseur ‘gulung’ saperti dina kecap *gelut*, *pulut*, *salut* jeung *kalut*.

**jasad kalimah** → komén, réma

### **jejer**

(Ind: subyé; Ing: *subject*)

bagian kalimah nu nuduhkeun naon-naon nu dicaritakeun atawa poko caritaan, ilaharna mangrupa kecap atawa frasa barang. Contona:

**Barudak**

*keur dialajar nembang*



Jejer



## jejer alat

jejer nu ngébréhkeun kajadian miangka panyabab ayana prosés.

Contona:

**Treuk téh** dipaké ngakutan paré.

## jejer gramatikal

(*gramatical subjéct0*)

jejer nu enya-nya jadi poko nu dicaritakeun dina kalimah atawa nu ilahar disebut jejer. Contona:

a. **Bah Karta** *meuli sawah sahéktar.*

↑  
Jejer  
psikologis  
gramatikal  
logis

b. **Sawah sahéktar téh** *dibeuli ku Bah Karta*

↑  
Jejer  
psikologis  
gramatikal

↑  
Jejer  
logis

c. **Ku Bah Karta** *sawah téh dibeulina.*

↑  
Jejer  
psikologis  
logis

↑  
Jejer  
gramatikal

d. **Sawah Bah Karta, galenganana** *ditéplok ku Hamid*

↑  
Jejer  
psikologis

↑  
Jejer  
gramatikal

↑  
Jejer  
logis

## jejer jinis

(Ing: *identity subject*)

jejer nu nuduhkeun kaayaan caritaan, ilaharna teu ngadalian situasi. ieu jejer téh aya dina kalimah anu caritaanana mangrupa kecap atawa frasa barang.

## jejer logis → Jejer gramatikal, jejer palaku

(Ing: *logical subject, underlying subject*)

jejer anu jadi palaku boh dina kalimah aktif boh dina kalimah pasif. Contona, *kuring* jeung *ku kuring* dina kalimah (a – b) kaasup jejer logis.

- a. **Kuring**                      *maca buku.*
- b. *Buku dibaca* **ku kuring.**

## jejer midaya

(Ing: *subject force*)

jejer nu nyababkeun ayana prosés dina caritaan, ilaharna mangrupa maujud paéh atawa teu nyawaan.

Contona:

- Angin téh**                      *nutupkeun panto*  
**Hujan kamari mah**            *ngalimpaskeun balong.*

## jejer mikahanan

(Ing: *positioner subject*)

jejer nu nuduhkeun kahanan atawa ayana, ilaharna aya dina kalimah anu caritaanana mangrupa pagawéan-kaayaan (vérb statif) jeung frasa pangantét.

Contona:

- Pun lanceuk mah** *aya di rorompok.*  
**Kuring** *nantung deukeut panto.*  
**Ceu Ijah** *ka sawah.*

### **jejer miprosés**

(Ing: *processed subject*)

jejer nu kakeunaan ku prosés nu diébréhkeun ku pagawéan caritaan. Ieu jejer téh aya dina kalimah anu caritaanana kagolong kana pagawéan-kaayaan. Contona:

**Awakna** *bongsor*

**Jajang** *tisorodot*

**Tangkal kawung** *muguran*.

### **jejer palaku**

(Ing: *actor, agent*)

jejer anu milampah kalakuan atawa nu nyababkeun lumangsungna kajadian anu aya caritaan pagawéan aktif, ilaharna mangrupa maujud nyawaan. Contona:

**Darpan** *keur ngarang carpon*.

**Bah Juhdi** *keur ngelepus udud*

### **jejer panempuh**

jejer nu nétélakeun arah (*direction*) jeung asal (*source*) atawa gabungan duanana ayana hiji barang atawa lumangsungna kajadian nu diébréhkeun ku caritaan. Contona:

**Ka Tasik mah** *henteu jauh, atuh*.

**Ti dieu mah** *ngan dua jam satengah*

### **jejer pangguna**

jejer nu jadi panampa, nu ngamilik, atawa nu nimu naon-naon nu diébréhkeun ku caritaan, ilaharna mangrupa maujud nyawaan, kaasup jejer ‘panampa’ (*recipient*) jeung jejer ‘piuntung’ (*beneficiary*). Contona:

**Juragan Ageung mah** *kagungan wae artos*

**Ani narima surat ti kabogohna**

**Angga dipangnyieunkeun langlayangan ku emangna.**

### jejer pangrandap

(Ing: *goals subject*)

jejer nu kapangaruhan, kakeunaan, atawa mangrupa hasil tina kalakuan nu aya dina caritaan pagawéan pasif, bisa mangrupa maujud nyawaan bisa maujud teu nyawaan. Contona:

*Carpon **Halimun Peuting** dikarang ku Iskandarwassid*  
***Oray welang** diteunggeul ku Udin.*

### jejer psikologis

(Ing: *psychological subject*)

jejer anu jadi topik kalimah. Contona, *Bah Ata* dina kalimah:

**Bah Ata**, *padudanana potong.*

jejer sasaran → jejer pangrandap

jejer sémantis → jejer palaku, jejer logis

### jejer tempat

(Ing: *locative subject*)

jejer anu nétélakeun tempat lumangsungna kajadian atawa kaayaan nu diébréhkeun ku caritaan. Contona:

**Banjaran téh** *banjir ti bulan kamari kénéh.*  
**Basisir Pangandaran** *pada ngajarugjug.*

### jejer waktu

(Ing: *temporal subject*)


jejer anu nétélakeun waktu lumangsungna kajadian atawa kaayaan nu diébréhkeun ku caritaan. Contona:

**Poe Saptu isuk mah** *mimiti puasa.*  
**Kamari mah** *hujan, ari ayeuna halodo.*

**jiwa kalimah** → **topik, téma**

### **jiuru tilu harti**


(Ind: segitiga makna; Ing: *the triangle of semiotic*)  
bagan nu ngagambarkeun patalina harti, lambang omongan, jeung objék atawa acuanana. Baganna kieu



**jiuru tilu semiotik** → **jiuru tilu harti**

### **jiuru tilu vokal**

(Ind: segitiga vokal; Ing: *the triangle of vowels*)  
bagan tempat, cicingna vokal waktu diucapkeun, anu ngawengku luhur handapna jeung hareup tukangna. Vokal dina basa Sunda téh aya tujuh siki, nyaéta vokal luhur /i/, /eu/, /u/; vokal tengah /é/, /e/, /o/; vokal handap /a/. Baganna kieu





### **kabeungharan kecap**

(1) sajumlahing kecap anu aya dina hiji basa; (2) kecap-kecap nu geus dipikanyaho tur diparaké ku jalma atawa sabubuhan jalma di hiji wewengkon; (3) sajumlahing morfém bébas anu aya dina hiji basa; (4) daftar istilah, sajumlahing kecap nu dipaké dina widang paélmuan nu tangtu; (5) glosaria, daftar kecap-kecap nu dibarengan ku katerangan nu ringkes; jeung (6) kamus; daftar sapuratina kecap dina hiji basa anu disusun kalawan alfabétis (dumasar kana susunan abjad Latén), ilaharna dilengkepan ku wangenan, katerangan, atawa gambar-gambar.

### **kajembaran kecap → kabeungharan kecap**

#### **kalimah**

wangun basa maujud kecap atawa runtuyan kecap nu puguh adeganana pikeun ngébréhkeun pikiran kalawan gambleng, diwatesanan ku randégan panjang nu binarung jeung wirahma ahir turun atawa naék; wangun basa anu binarung ku lentong (intonasi). Contona:

*Manéhna indit ka Jakarta.  
Ari manéhna téh indit ka Jakarta?  
Jung geura indit!  
Wah, piraku aya nu maot hirup deui mah!*

**kalimah adjektival → kalimah sipat**

**kalimah aktif → kalimah migawé**

**kalimah anteuran**

kalimah panyeluk anu ngébréhkeun rasa panyatur, ilaharna tumali jeung kanyeri, kareueus, kakeuheul, atawa antusias.

Contona:

*Aduh!  
Euelueh!*

**kalimah barang**


kalimah nu caritaanana mangrupa kecap atawa frasa barang.

*Manéhna guru.  
Sapatuna kulit asli.*

**kalimah basajan**

kalimah salancar nu diwangun ku hiji bagian galeuh atawa diwangun ku hiji jejer jeung hiji caritaan, boh dibarengan ku objék jeung panglengkep boh henteu. Baganna kieu:

## KALIMAH SALANCAR BASAJAN



Contona baé:

*Bapana guru.* (J-C)

*Kuring nangtung.* (J-C)

*Bapa maca koran.* (J-C-O)

*Mang Juhdi dagang béas.* (J-C-Pa)

*Ajat mangmeulikeun buku keur Angga.* (J-C-Pa-O)

### **kalimah bilangan**

kalimah nu caritaanana mangrupa kecap atawa frasa bilangan.

Contona:

*Bajuna lima setél.*

**kalimah bitransitif → kalimah dwilaju**

**kalimah déklaratif → kalimah wawaran**

### **kalimah dipigawé**

kalimah nu caritaanana nuduhkeun ‘kalakuan kapilampah’, jejerana jadi ‘pangrandap’.

Contona:

*Buku keur dibaraca ku barudak*

*Surat ditampa ku Angga ti lanceukna.*



**kalimah ditransitif → kalimah dwilaju**

**kalimah dwilaju**

kalimah anu caritaanana mangrupa kecap pagawéan anu mikabutuh objék jeung panglengkep. Contona:

*Angga mangmeulikeun buku keur Ajat.  
Ajat dipangmeulikeun buku ku Angga.*

**kalimah ékalaju**

kalimah anu caritaanana mangrupa kecap pagawéan anu mikabutuh hiji objék Contona:

*Jatmika maca surat.  
Surat dibaca ku Jatmika.*


**kalimah imperatif → kalimah paréntah**

**kalimah interogatif → kalimah pananya**

**kalimah intransitif → kalimah tanlaju**

**kalimah jembar**

kalimah salancar nu diwangun ku hiji bagian galeuh jeung hiji atawa leuwih bagian panambah (katerangan). Baganna kieu:



Contona:

*Manéhna ngala lauk ka balong. ( J-C-O-Kat )*

*Mang Juhdi dagang di pasar. ( J-C-Pa-Kat )*

**kalimah miklausa**

kalimah anu ngandung unsur klausa, boh lengkep boh teu lengkep. Contona:

*Bapa ngala lauk ka balong.*

*Kuring indit ka sakola basa manéhna datang.*

*Jung geura indit!*

**kalimah langsung**

kalimah langsung diucapkeun ku panyaturna, ilaharna mangrupa kalimah ngantét sumélér. Contona:

*Ua naros, “Iraha datang ti Bandung téh, Man?”*

*“Kamari sonten dongkap téh, Ua”, ceuk Maman.*

**kalimah lulugu**

kalimah dina alinéa anu jadi tempat cicingna gagasan utama, aya nu di awal alinéa aya nu di ahir alinéa.

**kalimah madialaju**

kalimah anu caritaanana mangrupa kecap pagawéan nu mikabutuh panglengkep. Contona:

*Kuring tumpak kuda.*

**kalimah médial → kalimah migawé manéh****kalimah migawé**

kalimah anu caritaanana nuduhkeun ‘kalakuan milampah’, ari jejnerna jadi ‘palaku’. Contona.:

*Anggara nampa surat ti lanceukna.*

**kalimah migawé manéh**

kalimah anu caritaanana nuduhkeun ‘kalakuan malines ka diri’. Contona:

*Kuring siduru hareupeun hawu*

*Manéhna sibeunget dina pancuran*

**kalimah montransitif** → **kalimah ékalaju**

**kalimah ngantét**

kalimah anu sakurang-kurangna diwangun ku dua kalimah salancar atawa dua klausa. Contona:

*Kuring maca koran, adi kuring nulis surat.*

*Basa kuring maca koran, adi kuring nulis surat.*

**kalimah ngantét campuran**

kalimah ngantét anu diwangun ku sakurang-kurangna ku hiji kalimah ngantét satata jeung hiji klausa sélér.

Contona:

*Sanajan di luhur gunung, jelema teu weléh mungpung da uang nu jadi duyung.*

**kalimah ngantét satata**

kalimah ngantét anu diwangun ku dua klausa bébas atawa dua klausa nu masing-masing bisa madég mandiri jadi kalimah salancar.

Contona:

*Manéhna diuk di korsi, kuring nangtung sisi jandéla.*

*Pasosoré ibu ngaput, ari bapa maca koran.*

**kalimah ngantet satata ‘jumlahan’**

kalimah ngantét satata anu patali harti antarklausana nuduhkeun jumlahan, ilaharna dicirian ku ayana kecap panyambung *jeung, jeung deui, sarta, tur, katut, tambah-tambah, turug-turug, boh...boh, nya...nya....*

Contona:

*Anjeun teu kudu popolotot sagala, jeung deui keur naon maké pipilueun sagala kana urusan batur.*

### **kalimah ngantét satata ‘lalawanan’**

kalimah ngantét satata anu patali harti antarklausana nuduhkeun lalawanan, ilaharna dicirian ku ayana kecap panyambung *tapi, ngan, padahal, nanging, sedengkeun, jeung ari.*

Contona:

*Manéhna téh teu percayaeun **padahal** dibéjajaan.mah enggeus*

*Lanceukna jangkung, tapi ari adina mah pendék..*

### **kalimah ngantét satata ‘pilihan’**

kalimah ngantét satata anu patali harti antarklausana nuduhkeun pilihan ilaharna dicirian ku ayana kecap panyambung *atawa, atanapi, boh... boh, boh...atawa.*

Contona:

*Dahar téh rék ayeuna atawa rék engké baé?*

*Manéhna téh asli urang dieu atawa jalma ngumbara?*

### **kalimah ngantét satata ‘tumuluy’**

kalimah ngantét satata anu patali harti antarklausana nuduhkeun tutuluyan ilaharna dicirian ku ayana kecap panyambung *tuluy, teras.*

Contona:

*Ari basa di pamandian silaing nyeungseurikeun déwék, tuluy nangtang urang Kaum.*

### **kalimah ngantét satata ‘sinambung’**

kalimah ngantét satata anu patali harti antarklausana nuduh-keun sinambung, ilaharna dicirian ku ayana kecap panyam-bung *beuki...beuki...,mingkin... mingkin....*

Contona:

*Budak téh beuki gedé beuki goréng haté baé.*


### **kalimah ngantét satata ‘panandes’**

kalimah ngantét satata anu patali harti antarklausana nuduhkeun panandes, ilaharna dicirian ku ayana kecap panyambung *malah, malahan, malih, samalah*. Contona:

*Manéhna téh henteu ngan ukur bageur, malah balabah deuih.*

### **kalimah ngantét-sumélér**

kalimah ngantét anu diwangun ku sakurang-kurangna dua klausa anu teu satata, nya éta klausa bébas jeung klausa kauger. Klausa bébas dina kalimah ngantét disebut ogé klausa lulugu (indung kalimah), ari klausa kaugérna disebut klausa sélér (anak kalimah). Baganna kieu:



**kalimah nominal**

**→ kalimah barang**

**kalimah numéral**

**→ kalimah bilangan**

### **kalimah pagawéan**

kalimah anu caritanana mangrupa kecap atawa frasa paga-wéan.  
Contona:

*Lanceukna nyenyekel cocoon.*

**kalimah panandes**

kalimah dina alinéa jadi tempat cicingna gagasan panandes, gunana pikeun ngalengkepan kalimah lulugu.

**kalimah pananya**

kalimah anu eusina nanyakeun hiji perkara ka jalma lian sarta miharep tanggapan nu mangrupa jawaban. Contona:

*Saha manéh téh?*

**kalimah pangajak**

kalimah parentah anu dipaké pikeun ngajak jalma lian sangkan milampah pagawéan babarengan, ilaharna dicirian ku ayana kecap *hayu, yu, mangga*. Contona:

*Mangga calik, Pa!*

**kalimah pangantét**

kalimah anu caritaanana mangrupa frasa pangantét. Contona:

*Pun biang mah nuju ka pasar.*

**kalimah panggentra**

kalimah panyeluk anu diwangun ku cara nyebut ngaran, gelar, pangkat, atawa sesebutan geusan ngagentraan jalma lian. Contona:

*Asep!*

*Béca!*

**kalimah panggeuri**

kalimah nu eusina ngébréhkeun paménta nu lumengis sangkan jalma lian mikarunya, ilaharna maké kecap *emh, hih, cing atuh*. Contona:

*Hih atuh, Kasép wayahna baé sing daek prihatin*

### **kalimah pangharepan**

kalimah nu eusina ngébréhkeun harepan lumangsungna kajadian, ilaharna maké kecap panambah *mugia, muga-muga, mugi-mugi, mudah-mudahan, pamugi, hayang téh.*

*Mugi-mugi baé kapalay Ibu tinekanan!*

*Hang téh cur hujan!*

### **kalimah pangjurung**

kalimah paréntah anu eusina ngajurungkeun jalma lian pikeun milampah pagawéan, ilaharna maké kecap *gancang, geura, buru(keun), enggal(keun).* Contona:

*Geura jung atuh ari rék ka balong mah!*

*Énggalkeun bilih kabujeng hujan!*

### **kalimah pangwawadi**

kalimah parentah nu eusina nganjurkeun atawa ngawawa-dian sangkan jalma lian milampah pagawéan, ilaharna maké kecap *alusna, hadena, sawadina.* Contona:

*Sawadina mah Sadérék téh lapor heula ka pupuhu!*

### **kalimah panitah**

kalimah paréntah anu eusina maksa jalma lian sangkan milampah pagawéan, ilaharna make kecap *cik, cing, punten.*

*Cing, pangmeulikeun roko, Jang!*

*Cik, ngilikan baju anyar téh!*

### **kalimah panyaram**

kalimah paréntah nu eusina nyarékan atawa nyaram jalma lian sangkan teu milampah éta pagawéan, ilaharna maké kecap *(en)tong, ulah, teu meunang.* Contona:

*Ulah ulin di dinya barudak, loba beling!*

*Entong garandéng teuing, Bapa nuju kulem!*

**kalimah panyaréék → kalimah panyaram**

**kalimah panyeluk**

kalimah nu eusina ngébréhkeun rasa (émosi) panyaturna kayaning rasa gumbira, nalangsa, geuleuh, kagét, reueus.

*Emh, bet kieu-kieu teuing nasib téh!*

*Iy, aya budak teu mandi!*

*Euleuh, aya ku pinter éta budak téh!*

**kalimah préposisional → kalimah pangantét**

**kalimah rangkepan → kalimah ngantét**

**kalimah rékaan**

kalimah nu mangrupa hasil pangropéa tina kalimah basajan, bisa mangrupa kalimah salancar jembar, kalimah ngantét, kalimah pananya, jeung kalimah paréntah.

**kalimah répléksif → kalimah migawé manéh**

**kalimah résiprokatif → kalimah silihbales**

**kalimah salam**

kalimah nu eusina ngadungakeun pamiarsa sangkan sala-met, ilaharna dipaké pamuka atawa pamungkas obrolan.

*Wilujeng énjing!*

*Sampurasun!*

**kalimah salancar**

kalimah anu diwangun ku hiji klausa bébas atawa diwangun ku hiji jejer jeung hiji caritaan, boh dibarengan ku obyék, panglengkep, jeung katerangan. Contona:



*Angga diuk.  
Manéhna nyoo momobilan.  
Néni diajar ngawih  
Bapa mangmeulikeun beubeur keur kuring.  
Kamari kuring teu sakola.*

**kalimah salancar basajan → kalimah basajan**  
**kalimah salancar jembar → kalimah jembar**

### **kalimah sampurna**

kalimah nu diwangun ku klausa bébas tur lengkep. Contona:  
*Irsal gering ripuh  
Manehna dibawa ka rumah sakit.  
Najan gering, Ajat tetep sakola, da aya ulangan.*

**kalimah semi-transitif → kalimah madyalaju**  
**kalimah silihbales**

kalimah anu caritaanana nuduhkeun ‘kalakuan silihbales’.  
Contona:  
*Ajat jeung Angga paudag-udag di buruan.  
Barudak keur silihsimbeuh.*

### **kalimah sipat**

kalimah anu caritaanana mangrupa kecap atawa frasa sipat.  
Contona:  
*bajuna alus  
hargana ogé pasti mahal pisan*

### **kalimah susun baku**

kalimah anu jejerna aya saméméh caritaan. Contona:  
*Oray téh diteungeul ku Ajat.*

### **kalimah susun mulang**

kalimah nu jejnerna aya tukangeun caritaan. Contona:

*Gering ripuh      Imas teh.  
Angkat ka kantor   pun bapa mah.*

### **kalimah tanklausa**

kalimah anu henteu ngandung unsur klausa atawa unsur jejer jeung caritaan. Contona:

*Aduh!  
Wilujeng énjing!  
Mang!*

### **kalimah tanlaju**

kalimah anu caritaanana mangrupa kecap pagawéan nu teu mikabutuh objék atawa panglengkep. Contona:

*Bapa ngadeg  
Anjeunna ngahuleng.*

### **kalimah teu langsung**

kalimah anu teu langsung diucapkeun ku panyaturna, ilaharna mangrupa kalimah ngantét sumélér. Contona:

*Ua naros yén Maman iraha datang ti Bandung.  
Maman ngajawab yén manéhna datangna téh kamari.*

### **kalimah teu sampurna**

Kalimah nu diwangun ku kecap, frasa, atawa klausa kauger tur teu lengkep; kalimah anu henteu ngandung jejer jeung caritaan. Contona:

*Ahmad!  
Indit!  
Iraha?*

### **kalimah tingkesan**

kalimah ngantét nu salahsahiji bagian kalimahna dileungit-keun.

Contona:

*Manéhna maca bari udud.*

**kalimah transitif** → **kalimah laju**

**kalimah verbal** → **kalimah pagawéan**

### **kalimah wawaran**

kalimah nu eusina ngawarkeun atawa méré béja ka nu lian tur miharep réspónsi nu mangrupa perhatian wungkul. Dina basa tulisan sok ditungtungan ku tanda peun atawa titik (.) Contona:

*Abdi mah mung gaduh sakieu.*

**kandaga kecap** → **kabeungharan kecap**

### **kantétan konsonan**

dua konsonan atawa leuwih anu ngaruntuy dina hiji kecap, bisa dina saengang bisa dina dua engang. Contona:

<i>/bk/</i>	→	<i>/bakti/</i>
<i>/ngk/</i>	→	<i>/tingkah/</i>
<i>/ngt/</i>	→	<i>/tangtang/</i>

### **kantétan vokal**

dua vokal anu ngaruntuy dina hiji kecap, boh vokal nu sarua boh nu béda. Contona:

<i>/aa/</i>	→	<i>/caah/</i>
<i>/ii/</i>	→	<i>/tiis/</i>
<i>/uu/</i>	→	<i>/suuk/</i>
<i>/éé/</i>	→	<i>/téés/</i>
<i>/oo/</i>	→	<i>/goong/</i>

/ee/                    →    /heeh/  
/euew/                →    /seueur/

### **kategori gramatikal**

(Ing: *grammatical category*)

- (1) bagian tina papasingan atawa wincikan hiji perkara;
- (2) hasil ngawincik tur masing-masingkeun unsur basa;
- (3) golongan unsur basa nu anggotana mibanda sipat patali jeung paripolah nu sarua.

**katégori gramatikal fungsional → fungsi sintaksis**

**katégori gramatikal primer → warna kecap**

**katégori gramatikal sekundér → katégori semantis**

**katégori léksikal → warna kecap lulugu**

### **katégori semantis**

(Ing: *semantic category*)

papasingan jeung wincikan harti disawang tina sipat jeung paripolahna dina kalimah saperti kala (*tense*), jumlah (*number*), jenis (*gender*) aspék, modus, diatésis (*voice*), déiksis, jeung persona.

**katégori sintaktis → warna kecap**

### **katerangan**

(Ing: *adjunct*)

bagian panambah kalimah; unsur kalimah nu pancénna keur ngajétrekeun caritaan atawa méré wawaran tambahan ngeunaan naon-naon nu dituduhkeun ku caritaan. Sipatna bébas tur lanca-linci (mobilitas), bisa cicing di awal kali-mah, di tengah kalimah, bisa ogé di tungtung kalimah. Contona:

**Kamari** manéhna téh ngirim surat ka kolotna.

*Manéhna **kamari** téh ngirim surat ka kolotna.*  
*Manéhna téh **kamari** ngirim surat ka kolotna.*  
*Manéhna téh ngirim surat ka kolotna **kamari**.*

### **keterangan akibat**

keterangan nu nuduhkeun akibat lumangsungna pagawéan nu diébréhkeun ku caritaan. Contona:

*Budak téh ceurik **nepi ka saréna**.*

### **keterangan alat**

keterangan anu nuduhkeun alat atawa parabot anu dipaké pikeun milampah kalakuan nu diébréhkeun ku caritaan, bisa dipaké ngajawab pananya (*ku, kana, maké*) naon. Contona:

*Kai téh dipotongan **ku ragaji**.*

*Barudak indit ka sakola **kana beca**.*

### **keterangan aspék → aspék**

keterangan nu nuduhkeun waktu lumangsungna kajadian sacara obyektif, sipatna waktuna internal, raket patalina jeung kalakuan nu aya dina caritaan. Contona:

**Jung manéhna nangtung.**

*Mobil téh **ujug-ujug** eureun teu pupuguh.*

**Biasana mah manéhna téh sok geus datang.**

### **keterangan babandingan**

keterangan nu nétélakeun saruana atawa bédana hiji kaayaan jeung kaayaan séjénna nu aya dina caritaan, ilaharna dicirian ku kecap *sigá, jiga, kawas, lir, ibarat, saperti, batan, ti batan, manan*, jeung *tinimbang*. Contona:

*Budak téh renyah-renyoh **kawas monyet**.*

*Ku naon ngahuleng baé **sigá nu bingung**.*

### keterangan cara

keterangan nu nuduhkeun kumaha carana lumangsung kajadian atawa kalakuan, bisa dipaké ngajawab pananya *kumaha*, ilaharna dicirian ku kecap kaayaan atawa ku kecap *bari*, *kalawan*, jeung *kalayan*. Contona:


Yudi **gura-giru** indit ka luar.

Manehna ngomong **bari cungar-cengir**.

### keterangan jejer

keterangan nu gunana pikeun nétélakeun unsur puseur dina frasa nu nyicingan fungsi jejer. Contona, *nu indungna dibawa ka dokter téh* dina kalimat:

**Budak nu indungna dibawa ka dokter téh** ceurik baé.



### keterangan modalitas → modalitas

### **keterangan obyék**

keterangan nu gunana pikeun nétélakeun unsur puseur dina frasa barang anu nyicingan fungsi obyék dina kalimah. Contona: *nu tangkalna doyong ka jalan* dina kalimah:

*Ida ngala jambu nu tangkalna doyong ka jalan.*

### **keterangan panambah → keterangan pangwates**

### **keterangan pangiwal**

keterangan nu nétélakeun yen hiji hal henteu kaasup kana hal-hal nu kakeunaan atawa kawengku ku kaayaan jeung kalakuan nu diébréhkeun ku caritaan, ilaharna dicicingan ku kecap *iwal, jaba, jeung kajaba*. Contona:

*Saréréa ogé geus malayar iwal manéhna.*

### **keterangan pangjumlah**

keterangan nu nuduhkeun jumlah jeung lobana hal atawa kajadian lumangsung, ilaharna dipaké ngajawab pananya *sabaraha*. Contona:

**Geus sababaraha kali** *kuring nanyakeun ka manéhna.*

*Barudak téh dibéré duit sarébu séwang.*

### **keterangan panglengkep**

keterangan anu gunana pikeun ngécéskeun unsur puseur dina frasa anu nyicingan fungsi panglengkep. Contona, *nu laguna geus buhun* dina kalimah:

*Barudak keur dialajar nembang nu laguna geus buhun.*

### **keterangan pangrakit**

keterangan nu patalina jeung unsur nu diterangkeunana anggang, sipatna bébas, tur mobilitas. Wujudna bisa mangrupa kecap, frasa, atawa klausa. Contona:

**Kamari** *kuring ulin ka Subang.*  
*Manéhna minggu hareup rék ka Sukabumi.*  
**Basa kuring datang,** *manéhna keur saré kénéh.*

### **keterangan pangrakit jembar**

keterangan pangrakit anu gunana pikeun ngawangun kalimah salancar jembar tina kalimah salancar basajan. Wujudna mangrupa kecap atawa frasa. Contona:

*Manéhna ngala lauk **kamari.***

*Manéhna ngala lauk **ka balong.***

### **keterangan pangrakit sumélér → keterangan sumélér**

### **keterangan pangwates**

keterangan nu nerangkeun unsur puseur dina wangunan frasa, sipatna dalit jeung unsur nu diterangkeunana, wujud-na bisa mangrupa kecap, frasa, atawa klausa. Contona:

*Budak **kuring téh** keur gering.*

*Tangkal rambutan **nu buahna leubeut téh** runtuh.*

### **keterangan pangwates hareup**

keterangan pangwates nu cicingna aya saméméh unsur nu diterangkeunana; nerangkeun--diterangkeun (ND). Contona:

***rek**                      **indit***

N                      D

### **keterangan pangwates tukang**

keterangan pangwates anu cicingna aya tukangeun unsur nu diterangkeunana; diterangkeun-nerangkeun (D-N). Contona kecap *pisan* dina frasa **geulis pisan.**



### **keterangan panyarta**

keterangan nu nétélakeun saha-sahana atawa naon-naonna anu marengan jejer enggoning milampah kalakuan, bisa dipaké ngajawab pananya *jeung saha, jeung naon*.

Contona:

*Ajat keur ulin jeung babaturanana.*

*Kuring indit ka Sumedang téh kadua budak.*

### **keterangan sabab**

keterangan nu nétélakeun alesan atawa sabab lumangsungna kajadian nu diébréhkeun ku caritaan, bisa dipaké ngajawab pananya *naon sababna, ku naon, pangna kitu*.

Contona:

*Awakna cipruk ku cihujan*

*Manéhna teu sakola lantaran gering.*

### **keterangan sumélér**


keterangan pangrakit anu gunana pikeun ngawangun kalimah ngantét sumélér tina kalimah salancar. Wujudiahna mangrupa klausa kauger nu dicirian ku kecap panyambung sumélér. Klausa kauger anu jadi keterangan pangrakit sumélér téh disebutna klausa sélér atawa sélér kalimah, ari kalimah salancar anu diterangekeunana disebut klausa lulugu atawa indung kalimah.

Contona klausa sélér nu mangrupa keterangan:

*Sabot kuring maca, adi kuring ngagambar kuda.*

### **keterangan tempat**

keterangan anu nuduhkeun tempat lumangsungna kajadian atawa kalakuan, bisa dipaké ngajawab pananya (*di, dina, ti, ka, beulah*) *mana*; sipatna statis bisa ogé dinamis. Baganna kieu:



Contona:

Pun lanceuk mah aya **di** **rorompok**.

*Anjeunna téh nembé sumping* **ti** **Cirebon**.

*Manéhna rék indit* **ka** **Jakarta**.

### keterangan tujuan

keterangan anu dipaké pikeun nuduhkeun maksud atawa tujuan lumangsungna kajadian atawa kalakuan nu diébréhkeun ku caritaan, ilaharna dicirian ku kecap *keur*, *kanggo*, *pikeun*.


Contona:

*Ajat meuli buku* **keur** **adina**.

*Penataran Basa Sunda diayakeun* **pikeun** **guru-guru**  
**SD/MI sa-Jawa Barat**.

### keterangan waktu

keterangan anu nuduhkeun waktu lumangsungna kajadian atawa kalakuan, bisa dipaké ngajawab pananya *iraha*, *nepi ka iraha*. Sipatna bisa internal bisa ogé éksternal.



Contona:

*Pun bapa mah **nuju** tuang.*

*Kang Dadang mah parantos angkat **tadi**.*

### kecap

(Ind: kata; Ing: *word*)

wangun basa bébas pangleutikna nu ngandung harti; wangun basa pangleutikna anu bisa madég mandiri dina kalimah sarta ngandung harti nu tangtu.

### kecap anékaharti

(Ind: polisemi; Ing: *polysemy*)

kecap anu ngandung harti leuwih ti hiji, tapi hartina téh masih kénéh aya patalina jeung harti puseur. Contona:

- korban** hartina :
- 1) wadal
  - 2) barang pangbakti
  - 3) nu nandangan kasusah
  - 4) nu kacilakaan

### kecap asal

kecap nu diwangun ku hiji morfém bébas, sipatna éka-morfémis, sarta lain hasil tina ngaréka atawa prosés morfo-logis. Disawang tina jumlah engangna, kecap asal basa Sunda aya nu sipatna:

(1) ékaengang : *ah, rék, jung, bluk,*

- (2) dwiengang : *abah, datang, mawa, hayam*
- (3) triengang : *awéwé, kokoro, boboko*
- (4) caturengang : *atanapi, kumalungkung, kumeregkeg*
- (5) pancaengang : *néngtéréwéléng, murukusunu*

**kecap bakal → cakal**

**kecap barang**

warna kecap nu nuduhkeun barang jeung naon-naon nu dianggap barang, boh kongkrit boh abstrak; wujudiahna bisa mangrupa jalma, sastoan, tutuwuhan, zat, ngaran, jeung hal. Contona: *budak, ucing, tangkal, cai, Ahmad, pikiran, jsté.*

**kecap barang abtrak → kecap barang bukti**

**kecap barang anggapan → kecap barang ciciptan**

**kecap barang bukti**

kecap barang anu aya buktina atawa wujudna, sipatna nembrak, bisa hirup bisa paéh. Contona: *jalma, ucing, tangkal, cai, jsté.*

**kecap barang ciciptan**

kecap barang nu taya buktina atawa wujudna, sipatna nyamuni, ayana téh ngan dina anggapan atawa wangwangan baé. Contona: *kabisa, pangarti, rasa, jsté.*

**kecap barang hirup**

kecap barang nu nuduhkeun aya nyawaan kayaning jalma, sasatoan, jeung tutuwuhan.

**kecap barang kongkrit → kecap barang ciciptan**

**kecap barang paéh**

kecap barang nu henteu nyawaan saperti *cai* jeung *gunung*.

**kecap bilangan**

warna kecap nu nuduhkeun bilangan, jumlah, beungkeutan, runtuyan, tahapan hiji barang atawa hal.

**kecap bilangan gangsal**

kecap bilangan anu jumlahna henteu jangkep atawa teu jejeg (Ind. *ganjil*), lamun dibagi dua téh henteu ciples jadi bilangan recahan, saperti *tilu*, *lima*, *tujuh*, *salapan*, jsté.

**kecap bilangan jangkep**

kecap bilangan anu jumlahna jejeg (Ind. *genap*) lamun dibagi dua téh ciples, saperti *dua*, *opat*, *genep*, *dalapan*, jsté

**kecap bilangan koléktif → kecap bilangan kumpulan****kecap bilangan kumpulan**

kecap bilangan nu nuduhkeun gundukan atawa kumpulan. Contona: *sorangan*, *duaan*, *tujuh*, jsté.

**kecap bilangan lulugu → kecap bilangan utama****kecap bilangan panangtu**

kecap sesebutan ukuran jeung takeran; kecap nu dipaké pikeun mantuan kecap bilangan. Contona: *sasiki*, *saurang*, *sahangor*, *sahulu*, *sapapan*, *samangar*.

**kecap bilangan pangkat → kecap bilangan tingkat**

## **kecap bilangan pecahan → kecap bilangan rechan**

### **kecap bilangan rechan**

kecap bilangan anu henteu gembleng lantaran mangrupa rechan atawa bagian anu leuwih leutik tina bilangan utama, ilaharna diwangun maké kecap per di antara bilangan pangbagi jeung panyebutna. Contona: *sapapat, satengah, sapertilu, saperlima*.

### **kecap bilangan réndon**

kecap bilangan nu diwangun ku dua kecap atawa leuwih, ilaharna nuduhkeun welasan, puluhan, ratusan, rébuan, jutaan, jsté. Contona: *dua welas, tilu puluh, lima ratus, genep puluh tilu, sajuta satengah*.

### **kecap bilangan tahapan**

kecap bilangan nu nuduhkeun tahapan atawa runtuyan hiji hal atawa barang, ilaharna bisa ngajawab pananya *kasa-baraha*. Contona: *kahiji, katujuh, kasaratus*.

### **kecap bilangan teu tangtu**

kecap bilangan nu nuduhkeun jumlah anu teu tangtu. Conto: *réa, kabéh, sakumaha*.

### **kecap bilangan titikelan**

kecap bilangan nunuhkeun jumlah titikelan, ilaharna sok dituturkeun ku kecap *kali*. Contona: *sakali, dua kali, tilu kali, sarébu kali, jsté*.

## **kecap bilangan ukuran → kecap bilangan panangtu**

### **kecap bilangan utama**

kecap bilangan anu nuduhkeun ‘jumlah’, ilaharna bisa ngajawab pananya *sabaraha*. Contona:

*hiji, dua, tilu, lima, salosin, salikur, sawidak, jst.*

### **kecap bilangan wincikan**

kecap bilangan nu nuduhkeun wincikan anu hartina ‘tiap-tiap’.

Contona: *hiji-hiji, lima-lima, genep-genep.*

### **kecap cohag → kecap kasar**

#### **kecap gaganti**

subwarna kecap barang nu gunana pikeun nyuluran kecap barang jeung naon-naon nu dianggap barang, henteu nyebut ngaran barangna, ngawengku

(1) kecap gaganti jalma (pronomina): *kuring, anjeun;*

(2) kecap gaganti panuduh (démonstrativa): *ieu, éta, itu;*

(3) kecap gaganti pananya (interogativa): *saha, naon, mana.*

#### **kecap gaganti jalma**

kecap gaganti nu nuduhkeun jalma, bisa nuduhkeun:

(1) jalma kahiji (panyatur): *abdi, déwék, kuring;*

(2) jalma kadua (pamiarsa): *anjeun, manéh, silaing;* jeung (3) jalma katilu (nu dicaritakeun): *anjeunna, manéhna.*

#### **kecap gaganti milik**

kecap gaganti nu nuduhkeun milik atawa nu bogana. Contona:

*pun, tuang, -na,* dina frasa ***pun*** *biang, tuang putra, indungna.*

### **kecap gaganti nu bogana → kecap gaganti milik**

**kecap gaganti teu tangtu**

kecap gaganti nu nuduhkeun hal-hal nu henteu tangtu atawa henteu pasti puguh maksudna. Contona: *sasaha, nanaon*.

**kecap gaganti pananya → kecap pananya**

kecap gaganti anu dipaké pikeun nanyakeun jalma, ngaran jalma, anu disaruakeun jeung jalma, atawa nanyakeun barang, sastoan, jeung tutuwuhan. Contona: *saha, naon*.

**kecap gaganti panuduh → kecap panuduh**

kecap gaganti nu dipaké pikeun nuduhkeun tempat ayana barang, boh deukeut, rada deukeut, boh jauh: *ieu, éta, itu*.

**kecap gaganti panyambung**

kecap gaganti nu dipaké nyuluran sarta sakaligus bari nyambungkeun kana unsur séjénna. Contona (*a*)nu dina kalimah:

*Imah nu kakara anggeus téh geus dijual deui.*

*Anu digarawé téh keur dalahar.*

**kecap hormat → kecap lemes****kecap jembar**

kecap nu sipatna anékamorfémis, sakurang-kurangna diwa-ngun ku dua morfém, sarta mangrupa hasil tina prosés morfologis, ngawengku (1) kecap rundayan, (2) kecap rajékan, (3) kecap kantétan. Contona: *digawé, dudupak, jeung hampang birit*.

**kecap kaayaan → kecap sipat****kecap kajian → istilah**

kecap anu dipaké husus dina widang paélmuan nu tangtu.



### **kecap kantétan**

kecap jembar anu diwangun ku cara ngantétkeun cakal jeung cakal atawa kecap jeung kecap sarta ngandung harti mandiri anu béda jeung harti unsur-unsur pangwangunna.

Contona: *kacapiring*, *sangu konéng*.

### **kecap kantetan anggang**

kecap kantétan anu unsur-unsurna geus awor pisan nepi ka bener-bener jadi kecap anu boga harti mandiri, anu béda jeung harti unsur-unsurna: *kacapiring*, *rajakaya*, *panonpoé*.

### **kecap kantetan dalit**

kecap kantétan anu acan awor pisan, harti unsur-unsur pangwangunna masih bisa kénéh dititénan. Contona: *sangu konéng*, *kacang héjo*, *urab sampeu*.

### **kecap kantétan éndoséntris → rakitan dalit**

### **kecap kantétan éksoséntris → rakitan anggang**

### **kecap kasar**

kecap nu dipaké dina ragam kasar; umumna dipaké dina situasi keur ngambek atawa dipaké ka sato.

Contona, *berek hulu*, *cokor*, jeung *montong*

### **kecap katérangan → kecap panambah**

### **kecap katérangan sumélér**

kecap katerangan atawa panambah anu nerangkeun deui kecap panambah. Contona *ngegedod* dina frasa *baju héjo ngedod*.

### **kecap kiasan**

kecap nu hartina dipapandékeun kana harti kecap sején, ilaharna nuduhkeun harti konotatif, . Contona, kecap *maju* jeung *nincak* dina kalimah:

*Ari geus maju mah maké wani nincak sagala manéhna téh.*

### **kecap lemes**

kecap anu dipaké dina ragam lemes; kecap nu dipaké waktu nyartia ka saluhureun atawa ka jalma nu tacan wawuh,boh nyaritakeun diri sorangan boh diri batur. Contona: *abdi, mios, bapa, angkat.*

### **kecap loma**

kecap nu dipaké dina ragam loma; kecap nu dipaké waktu nyarita ka babaturan anu geus loma atawa akrab sarta dina situasi umum saperti koran, majalah, biantara, sawala. Contona: *kuring, inidit, jeung, jeung manéhna.*

### **kecap lulugu**

kecap nu mibanda harti léksikal, sipatna peka alam, peka budaya, jeung peka tempat, sarta umumna bisa dirobah boh wangunna boh warnana.

### **kecap memet**

kecap wacahan nu diwangun ku cara ngaleungitkeun bagian kecap atawa frasa tina kalimah tur dicokot engang nu pentingna wungkul. Contona:

*comro* ← ‘kadaharan nu aya oncoman ti jerona’  
*kirata* ← ‘dikira-kira nyata’.  
*misro* ← ‘kadaharan nu amis ti jerona’

### **kecap pagawéan**

kecap nu nuduhkeun paripolah, kalakuan jeung prosés barang, sipatna bisa dinamis bisa statis.

**kecap pagawéan aktif → kecap pagawéan migawé**

**kecap pagawéan bitransitif → kecap pagawéan dwilaju**

### **kecap pagawéan dinamis**

kecap pagawéan nu nuduhkeun kalakuan atawa paripolah, ngawengku

- (1) gerak (aktivitas):  *baca, dahar, leumpang*
- (2) prosés: *lilir, gelar, ngagedéan*
- (3) tanggapan (sénsansi) awak : *géték, nyeri, pegel*
- (4) pipindahan (transisional): *anjog, hiber, ragrag*
- (5) saharita (moméntal): *babuk, badug, takol*

### **kecap pagawéan dipigawé**

kecap pagawéan nu nuduhkeun jejerne kakeunaan ku kalakuan.  
Contona: *dibaca, kabaca, tidagor*

**kecap pagawéan ditransitif → kecap pagawéan dwilaju**

### **kecap pagawéan dwilaju**

kecap pagawéan anu mikabutuh obyék jeung panglengkep.  
Contona: *ngajak, mangmacakeun, dipangmawakeun.*

### **kecap pagawéan ékalaju**

kecap pagawéan nu mikabutuh hiji obyék. Contona: *maca, nulis, ngala, ngajul*

**kecap pagawéan eksistif → kecap pagawéan kahanan**

**kecap pagawéan événtif → kecap pagawéan kajadian**

**kecap pagawéan imutatif → kecap pagawéan statis**

**kecap pagawéan intransitif → kecap pagawéan tanlaju**

**kecap pagawéan kajadian**

kecap pagawéanu nuduhkeun kaayaan atawa kajadian alam.  
Contona: *angkeub, cangra, ceudeum, hujan, poek.*

**kecap pagawéan kahanan**

kecap pagawéan anu nuduhkeun aya euweuhna hiji hal, kajadian, atawa barang. Contona: *aya, euweuh, teu aya.*

**kecap pagawéan madialaju**

kecap pagawéan anu mikabutuh hiji panglengkep. Contona: *boga, dagang, diajar, jadi, mangrupa, tumpak.*

**kecap pagawéan médial → kecap pagawéan migawé manéh**

·  
·

**kecap pagawéan migawé**

kecap pagawéan anu nuduhkeun dipigawéku jejer. Contona: *maca, mangmacakeun, nyokot, mangnyokotkeun.*

**kecap pagawéan migawé manéh**

kecap pagawéan nu nuduhkeun kalakuan nu malines ka diri atawa palakuna milampah jeung kakeunaan ku pagawéan.  
Contona: *moyan, siduru, jeung sibeungeut, dina kalimah:*

*Anggara keur **moyan.***

*Ari **siduru** hareupeun hawu*

*Ari **sibeungeut** téh sing bener atuh!*

**kecap pagawéan monotransitif → kecap pagawéan ékalaju**

**kecap pagawéan réfléksif → kecap migawé manéh**

**kecap pagawéan résiprokatif → kecap pagawéan silihbales**

**kecap pagawéan semitransitif → kecap pagawéan madialaju**

### **kecap pagawéan silihbalés**

kecap pagawéan nu nuduhkeun kalakuan nu silihbales. Contona: *paudag-udag, silihteuteup, silihtoél*.

### **kecap pagawéan sipat**

kecap pagawéan nu mibanda ciri nu sarua jeung kecap sipat saperti bisa dirarangkénan *pang—na* atawa dituturkeun ku kecap *pisan*, ilaharna dipaké pikeun nétélakeun peta polahna éta pagawéan. Contona: *nyaaah, norowéco*.

### **kecap pagawéan statis**

kecap pagawéan anu nuduhkeun kahanan atawa kaayaan nu rélatip cicing tur angger. Ieu kecap pagawéan ngawengku:

- (1) pangartian jeung persépsi angger: *ngambeu, nyaho*
- (2) kaayaan tatalian (rélasional): *ngagem, mibanda*

### **kecap pagawéan statis**

kecap pagawéan nu henteu ngandung gerak. Contona: *cicing, diuk, ngagolér, nangtung, jsté*.

### **kecap pagawéan tanlaju**

kecap pagawéan anu henteu mikabutuh obyék atawa panglengkep. Conto: *datang, diuk, dibaju, nangtung*

## kecap panambah

kecap pancén anu gunana jadi panambah atawa pangwates (atribut) dina frasa atributif. Contona: *mah, jung, geus, bisa, jeung leuwih*. Aya rupa-rupa kecap panambah kayaning:

Kecap panambah

- kecap panganteb
- kecap panangtu
- kecap panahap
- kecap panganteur pagawéan
- kecap panambah aspéktualitas
- kecap panambah modalitas

## kecap pananya

kecap anu dipaké keur nyuluran atawa ngukuhan naon-naon nu hayang dipikanyaho ku panyatur. Ari nu ditanyakeunana bisa mangrupa:

- (1) barang, tutuwuhan, sasatoan: *naon*
- (2) Pangéran, malaikat, jalma, jin, sétan: *saha*
- (3) tempat: *(di, ka, ti) mana*
- (4) pilihan: *nu mana*
- (5) waktu: *iraha*
- (6) kalakuan atawa sabab: *ku naon, naon sababna*
- (7) kaayaan: *kumaha*
- (8) jumlah jeung bilangan: *sabaraha*

## kecap pancén

(Ind: kata tugas; Ing: *function words*)

morfém madyabébas anu umumna miboga harti gramatikal, sok ngagondéng kecap, tur ilaharna jadi pakakas dina leunjeuran kalimah.

Contona: *di, ka, jeung, arék, keur, mah*.

### **kecap panganteb**

kecap panambah anu pancénna pikeun ngantebkeun kalimah atawa babagian kalimah nu dipentingkeun. Contona: *baé, waé, wé, ogé, gé, mah, téh, téa,*

### **kecap panganteur**

kecap panambah anu pancénna pikeun nganteurkeun kecap pagawéan sangkan leuwih anteb tur écés gambaran paripo-lahna, ilaharna nuduhkeun harti aspék Contona: *jung, gék, jeung dug* dian frasa:

*jung* nangtung  
*gék* diuk  
*dug* saré

### **kecap panganteur pagawéan → kecap panganteur**

### **kecap panahap**

kecap panambah anu pancénna pikeun nuduhkeun tahapan kaayaan atawa kualitas hiji hal, tempat hareupeun atawa tukangeun kecap sipat.

Contona:

- (1) *leuwih, kurang, aya ku,*
- (2) *pohara ...+ -na, kacida ...+ -na, kalintang ...+ -na*
- (3) *pisan, naker, temen, kacida, teuing, naker, meueusan*

### **kecap panahap augméntatif (undak)**

kecap panambah panahap anu nuduhkeun undakna kadar kualitas atawa inténsitas barang atawa maujud. Contona: *beuki, beuki...beuki..., mingkin, mingkin...mingkin..., mingkin...tambah...,*

### **kecap panahap aténuatif**

kecap panambah panahap anu nuduhkeun ngahéngkérna atawa turunna kadar inténsitas barang. Contona: *rada, teu pati, teu patos, teu sabaraha*

### **kecap panahap inténsif**

kecap panambah panahap anu nuduhkeun kadar kualitas atawa inténsitas barang atawa maujud saperti *enya-enya, bener-bener, éstu, éstuning, mémang, mungguh, tangtu, tétéla, teu wudu*.  
Contona:

*tétéla alus*

### **kecap panambah ékuatif**

kecap panambah panahap anu nuduhkeun sasaruuan kadar kualitas atawa inténsitas barang atawa maujud. Contona: *sarua* ...+ *-na* saperti dina frasa:

*sarua pinternana*

### **kecap panambah éksésif**

kecap panambah panahap anu nuduhkeun kaleuwihan kadar kualitas atawa inténsitas barang atawa maujud. Contona: *teuing* dina frasa sipat:

**mahal** *teuing*

### **kecap panambah élatif**

kecap panambah panahap anu nuduhkeun kadar inténsitas barang atawa maujud anu luhur. Cicingna tina kecap sipat aya anu:

(1) di hareup: *maha, mani, asa ku, aya ku, pohara* ...+*-na, kacida*...+*-na*

(2) di tukang: *kacida, pisan, naker, temen, kabina-bina, lain lumayan*



### **kecap panambah pangbanding (komparatif)**

kecap panambah panahap anu nuduhkeun kadar baban-dingan antara dua hal atawa barang. Contona: *leuwih, langkung, kurang, kirang*

### **kecap panambah superlatif**

kecap panambah anu nuduhkeun hal atawa barang pangl-uhurna lamun dibandingkeun jeung barang-barang séjénna. Contona: *paling* alus

### **kecap panangtu**

(Ind: kata penentu; Ing: *determiner*)

kecap panambah nu pancénna pikeun sesebutan, ngawa-tesanan, jeung nangtukeun tegesna barang. Contona: *si, ki, sakadang* dina frasa barang:

*si* [ *Ēta*  
*Kabayan* ]

*ki* [ *Adi*  
*sobat* ]

*Sakadang* Kuya

### **kecap panambah aspék**

kecap panambah anu pancénna pikeun nuduhkeun waktu lumangsungna kajadian anu saayaana (obyéktif), teu kapangurah ku perasaan panyaturna. Contona: *eunggeus, arék, (eu)keur, ujug-ujug*.

### **kecap panambah cara**

kecap panambah anu pancénna pikeun nuduhkeun sikep panyatur waktu nyanghareupan kajadian kalawan subyéktif.

Contona, *ulah, henteu, kudu, bisa, tangtu, ilahar, hayang, mugia, jeung piraku.*

**kecap panambah modalitas → kecap panambah cara**

### **kecap pancén**

(Ind: kata tugas, partikel; Ing: *function word, particle*)

alat sintaksis atawa warna kecap nu sipatna nutup; kecap nu gunana pikeun nuduhkeun tatali antarunsur tatabasa atawa mibanda pancén pikeun ngajéntrékeun kalimah katut babagianana. ieu kecap téh henteu mibanda harti léksikal, tapi nganmibanda harti gramatikal, tur umumna hésé dirobah boh wangunna boh warna kecapna. Anu kaasup kana kecap pancén ébréh dina bagan di handap ieu.

Kecap pancén	[	—	kecap panyambung
		—	kecap pangantét
		—	kecap panyeluk
		—	kecap panambah

### **kecap pangantét**

kecap pancén nu cicingna saméméh kecap barang, gunana keur ngawangun frasa pangantét. Contona; *di, dina, ka, kana, ti, tina* jeung *ku* dina frasa:

**di** *imah*  
**dina** *méja*  
**ka** *dayeuh*  
**kana** *béca*  
**ti** *sakola*  
**tina** *kulit*  
**ku** *kuring*

### **kecap panggentra**

(Ind: *kata sapaan*; Ing: *vocative*)

kecap barang nu dipaké pikeun ngagentraan pamiarsa atawa nu diajak nyarita. Contona: *jang, kang, jeung mang*, dina kalimah:

**Jang**, *cing pangmeulikeun patlot!*

**Kang**, *iraha sumping ti Bogor?*

**Mang**, *sabaraha bonténg téh sakilona?*

### **kecap panuduh**

(ind: kata tunjuk, demonstrativa; Ing: *demonstrative*)

subwarna kecap barang nu gunana pikeun nuduhkeun naon-naon anu aya dina jero omongan atawa luareun omongan. Anu dituduhkeunana bisa nyoko kana:

(1) hal-hal umum: *anu*;

(2) jarak: *ieu, éta, itu*;

(3) perkara: *kieu, kitu*;

(4) jumlah: *sakieu, sakitu, saanu*.

### **kecap panyambung**

kecap pancén anu gunana pikeun nyambungkeun unsur-unsur kalimah (kecap, frasa, jeung klausa). Contona: *atawa jeung tapi*, dina ieu ungkara di handap.

*rék milu atawa moal*

*Kuring hayang milu tapi teu boga duit.*

### **kecap panyambung papasangan**

kecap panyambung anu ngantétkeun unsur-unsur basa boh satata boh teu satata, tapi biasana ngayakeun papasangan jeung kecap pancén séjénna. Contona, *boh...boh..., boh... atawa....*

**kecap panyambung satata**

kecap panyambung nu ngantétkeun unsur-unsur nu sarua kalungguhanana. Contona, kecap *jeung, atawa, tapi*.

**kecap panyambung sumélér**

kecap panyambung nu ngantétkeun unsur-unsur nu sarua kalungguhanana, nyaéta klausa lulugu jeung klausa sélér. Contona: *lamun, basa, sangkan, yén*.

**kecap panyambung sumélér akibat**

kecap panyambung nu nuduhkeun hubungan akibat saperti *nepi ka, akibatna, jeung balukarna*.

**kecap panyambung sumélér babandingan**

kecap panyambung nu nuduhkeun hubungan babandingan saperti *asa, kawas, saperti, siga, jiga*.

**kecap panyambung sumélér cara**

kecap panyambung nu nuduhkeun hubungan cara saperti *bari, kalawan, kalayan, tanpa*.

**kecap panyambung sumélér guna**

kecap panyambung nu nuduhkeun hubungan guna saperti *keur, kanggo, pikeun, geusan*.

**kecap panyambung sumélér iwal**

kecap panyambung nu nuduhkeun hubungan iwal saperti *iwal, iwal ti, kajaba, kajabi*.

**kecap panyambung sumélér sabab**

kecap panyambung nu nuduhkeun hubungan alesan atawa sabab saperti *ari, sabab, sababna, dumeh, jalaran, lantaran, margi*.

### **kecap panyambung sumélér sarat**

kecap panyambung nu nuduhkeun hubungan sarat saperti *asal, lamun, mun, sok mun, mun seug, upama, wondening*.

### **kecap panyambung sumélér tansarat**

kecap panyambung nu nuduhkeun hubungan tansarat saperti *sanajan, sanaos, najan, sangkilang, cacakan, parandéné*.

### **kecap panyambung sumélér tujuan**

kecap panyambung nu nuduhkeun hubungan tujuan saperti: *ambeh, sangkan, supaya, malar, malahmandar, ngarah*.

### **kecap panyambung sumélér undak**

kecap panyambung nu nuduhkeun hubungan undak saperti: *boro, boro-boro, bororaah, boroampar, bujeng-bujeng*.

### **kecap panyambung sumélér waktu**

kecap panyambung nu nuduhkeun hubungan waktu saperti: *basa, waktu, sabot, keur, salila, méméh, saméméh, bada, sabada, sanggeus, ti barang, nepi ka, saban, saban-saban, unggal, unggal-unggal*.

### **kecap panyambung papasangan**

kecap panyambung anu ngantétkeun unsur-unsur kalimah boh nu sarua kalungguhanana boh henteu, ilaharna diébréhkeun ku kecap nu papasangan saperti *boh...boh..., nya...nya..., bisa...bisa...*

### **kecap panyeluk**

kecap pancén anu gunana pikeun ngébréhkeun sora bituna rasa panyaturna kayaning rasa gumbira, tumamprak, kagét, geuleuh, nyeri, jeung keuheul. Contona:

- |                    |                                   |
|--------------------|-----------------------------------|
| (1) rasa gumbira   | : <i>horséh, horé, lakadalah</i>  |
| (2) rasa tumamprak | : <i>ah, emh</i>                  |
| (3) rasa kagét     | : <i>ambuing, geuning, horéng</i> |
| (4) rasa geuleuh   | : <i>éy, iy</i>                   |
| (5) rasa nyeri     | : <i>aduh, alahieung</i>          |
| (6) rasa keuheul   | : <i>na, ih, yéh</i>              |

### **kecap rajékan**

kecap jembar nu mangrupa hasil prosés ngarajék, diwangun ku cara nyebut dua kali wangun dasarna, sabagian atawa sagemblengna, boh binarung jeung robahna sora atawa ngararangénan boh henteu. Contona: *tatanya, kuda-kuda, indit-inditan*.

### **kecap rajékan sabagian**

kecap rajékan anu diwangun ku cara nyebut sabagian tina engang wangun dasarna, bisa dirajék:

- (1) engang mimiti (dwipurwa): *tatajong, hihideung*;
- (2) engang tengah (dwimadia): *sababaraha*;
- (3) engang panungtung: *rancucut*.

### **kecap rajékan sagemblengna**

kecap rajékan anu diwangun ku cara nyebut dua kali atawa leuwih wangun dasarna kalawan gembleng, bisa mangrupa (1) robah sorana (dwireka): *bucu-baca, dulak-delék*;

- (2) murni atawa teu robah sora (dwimurni). *imah-imah*;
- (3) triréka atawa trilingga: *dar-dér-dor, plak-plik-pluk*.

### **kecap rajékan binarung rarangkén**

kecap rajékan anu diwangun ku cara nyebut dua kali atawa leuwih wangun dasarna, sabagian atawa sagemblengna, boh robah sorana boh henteu, bari dibarengan ku ngararang-kénan. Contona: *diawut-awut, katindih-tindih, babawaan, dimurah-maréh, sapeupeuting, jeung kanyenyieran.*

**kecap rajékan dwilingga → dwilingga**

**kecap rajékan dwimadya → dwimadya**

**kecap rajékan dwiwasana → dwiwekas**

**kecap rajékan dwiwekas → dwiwekas**

**kecap rajékan dwimurni → dwimurni**

**kecap rajékan dwipurwa → dwipurwa**

**kecap rajékan dwiréka → dwiréka**

**kecap rajékan trilingga → trilingga**

**kecap rajékan triréka → trilingga**

**kecap rékaan → kecap jembar**

### **kecap rundayan**

kecap jembar nu diwangun ku cara ngantétkeun rarangkén kana wangun dasarna. Contona: **ditulis**, **inulis**, **tulisan**, jeung **panulisan**.





### **kecap sasora**

(Ind: homofon; Ing: *homophone*)

kecap sangaran anu ucapanana sarua, tapi wangun jeung hartina beda. Contona: *bang x bank*

### **kecap sauni → kecap sasora**

### **kecap sawanda**

kecap nu wangun jeung hartina méh sarua atawa mémper.

Contona:

*getih* == *geutah*

*soko* == *suku*

### **kecap sawangun**

(Ind: homograf; Ing: *homograph*)

kecap sangaran anu wangunna sarua tapi hartina béda. Contona:

*pajeng* =  
1) **payu, laku**  
2) **payung**  
3) **paju**

### **kecap sawengku**

(Ind: hiponim; Ing: *hyponim*)

kecap nu hartina kawengku ku harti kecap lain. Contona:

*malati, campaka, dahlia, sedepmalem*, jeung *angkrék*, mangrupa wengkuan (hiponim) tina kecap **kembang**.

### **kecap sedeng → kecap loma**

### **kecap serepan**

kecap anu asalna tina basa lian, boh basa dulur boh basa deungeun atawa basa kosta, upamana baé, kecap serepan tina basa:

(1) Arab: *abdi, dunya, gaib, hakim, iman, korsi*;

- (2) Cina: *cengkéh, loncéng, loténg, mangkok, panggung*;
- (3) Inggris: *aktip, badminton, cék, gul, organisasi, tim*;
- (4) Jawa: *adus, bisa, dusun, kulem, lali*;
- (5) Parsi: *Ibandar, gandrung, jam, kawin*;
- (6) Portugis: *armada, bandéra, biola, jandéla*;
- (7) Sansekerta: *agama, bumi, cahaya, cakra*;
- (8) Tamil: *cuka, martil, pinggan, tilem*;
- (9) Walanda: *baud, baki, béngkél, bor, duit*.

### kecap sesebutan

kecap barang anu dipaké pikeun nyebutun barang-barang nu tangtu kayaning:

- (1) ngaran diri: *Angga, Ajat, Nurhayati*;
- (2) ngaran pancakaki: *aki, bapa, ema, nini, uyut*;
- (3) ngaran daérah, bangsa, basa: *Bandung, Jepang, Sunda*;
- (4) ngaran waktu : *ayeuna, isukan, Salasa, Agustus*;
- (5) ngaran ukuran jeung takeran; *gram, méter, turuy*.

### kecap singgetan

kecap wacahan anu mangrupa gabungan aksara-aksara atawa engang-engang, tapi henteu diucapkeun jadi hiji kecap.

Contona:

<i>RRI</i>	→	<i>Radio Republik Indonesia</i>
<i>Spk.</i>	→	<i>saparakanca</i>
<i>jst.</i>	→	<i>jeung saterusna</i>
<i>jsb.</i>	→	<i>jeung sajabana</i>

### kecap sipat

warna kecap anu nuduhkeun sipat atawa kaayaan barang katut gagantina, ilaharna bisa dipiheulaan atawa dituturkeun ku kecap panambah panahap saperti *kurang* jeung *pisan* diréndokeun

kana kecap *pohara...-na* sarta dirarangkénan *pang—na*.  
Contona:

*leuwih alus*  
*gedé pisan*  
*pohara anggangna*  
*pangalonna*

### **kecap sipat ajén-inajén**

kecap sipat anu nétélakeun pangajén jeung pameunteun kana hiji perkara atawa barang, ngawengku:

- (1) pangajén : *alus, butut*;
- (2) pameunteun: *bener, salah*.

### **kecap sipat kahanan**

kecap sipat nu nétélakeun kahanan atawa kaayaan hiji perkara, barang, atawa situasi, ilaharna mangrupa:

- (1) daya: *capé, jagjag, kodomoyo, leuleus*;
- (2) gaya: *gumeulis, lumého, kamalayan*;
- (3) tahap: *kaceluk, kaémpér-émpér, kaoncara*;
- (4) kaayaan: *caang, poék, reueuk, ceudeum*;
- (5) prosés: *bongsor, méotan, ngolotan*.

### **kecap sipat kesan indra**

kecap sipat anu nétélakeun tanggapan anggota awak (panon indra) kana barang atawa hal, bisa patali jeung:

- (1) indra panempo : *geulis, kasép, mencrang*;
- (2) indra pangambeu: *hangseur, seungit, tengi*;
- (3) indra pangdéngé : *béntés, halimpu, peura*;
- (4) indra pangrampa : *haneut, heuras, lemes*;
- (5) indra pangrasa: *amis, haseum, pait*.

### **kecap sipat rasa**

kecap sipat anu nétélakeun rasa nu maké basa, bisa patali jeung

- (1) rasa batin: *bungah, gumbira, reueus, sedih;*
- (2) pikiran : *babari, gampil, hésé, ruwed.*

### **kecap sipat tabéat**

kecap sipat anu nétélakeun tabéat atawa pasipatan barang, boh nu sipatna alus saperti *daékan, getol, rapékan* boh nu sipatna goréng saperi *kedul, éraan, jeung ogoan.*

### **kecap sipat ukuran**

kecap sipat nu nétélakeun ukuran kaayaan hiji perkara atawa barang, bisa mangrupa ukuran:

- (1) beurat : *abot, beurat, hampang;*
- (2) eusi : *pinuh, kosong, suwung, metung;*
- (3) gancang : *alon, boyot, gancang, tarik;*
- (4) gedé : *alit, ageung, gedé, leutik;*
- (5) jarak : *caket, deukeut, jauh, tebih;*
- (6) jero : *déét, jero;*
- (7) jumlah : *loba, réa, saeutik, seueur;*
- (8) kandel : *ipis, kandel, kedeplik;*
- (9) lega : *heureut, lega, rubak;*
- (10) luhur : *jangkung, pendék, pungsat, laér;*
- (11) umur : *kolot, ngora;*
- (12) waktu : *buhun, heubeul.*

### **kecap sipat wangun**

kecap sipat anu nétélakeun wangun hiji barang saperti *buleud, pasagi, pénjol, jeung nyungcung.*

### **kecap sipat warna**

kecap sipat anu netelakeun warna atawa kelir saperti *beureum, bodas, biru, héjo, hideung, konéng, jeung kayas*.

### **kecap sipat ékuatif**

kecap sipat anu nuduhkeun babandingan nu sarua tina hiji barang jeung barang lianna. Contona, *saalus* dina ungkara

*Lawon ieu mah heunteu **saalus** lawon éta.*

### **kecap sipat komparatif**

kecap sipat anu nuduhkeun babandingan barang leuwih atawa kurang tina barang lianna. Contona, *alusan* dina ungkara :

***Alusan** nu ieu batan nu éta mah.*

### **kecap sipat superlatif**

kecap sipat anu nuduhkeun babandingan hal atawa barang kaayaanana ngaleuwihan ti hal lianna. Contona, *pangalusna* dina ungkara:

*Manéhna téh **pangalusna** di kelasna.*

### **kecap sirnaan**

kecap wacahan anu diwangun tina hiji kecap ku cara miceun sawatara fonémna, ilaharna teu ngarobah hartina. Contona:

<i>umilu</i>	→	<b>milu</b>
<i>niyata</i>	→	<b>nyata</b>
<i>béngzine</i>	→	<b>béngsin</b>

### **kecap sulur → kecap gaganti**

### kecap tangkesan

kecap wacahan anu diwangun ku cara ngaleungitkeun foném atawa engan anu ngaruntuy tur babarengan, ilaharna foném atawa engangna sarua atawa rusuh teuing ngomong.

Contona:

*atuh da* → **atuda**  
*kabudayaan* → **kabudayaan**

### kecap tangkesan

(Ind: akronim; Ing: *accronym*)

kecap wacahan anu mangrupa gabungan engang-engang atawa aksara-aksara nu diucapkeun jadi hiji kecap. Contona :

*Departemén Keséhatan* → **Depkes**  
*Peluru kendali* → **rudal**  
*tilang* → **bukti pelanggaran**

**kecap tunggal** → kecap asal

**kecap utama** → kecap lulugu

**kecap wajar** → kecap loma, kecap sedeng

### kecap wacahan

kecap anu mangrupa singgetan atawa pondokan tina ungkara atawa kecap séjén. Aya rupa-rupa kecap wacahan kayaning:

- (a) kecap sirnaan : *milu* ← *umilu*
- (b) kecap singgetan : *jsté.* ← *jeung sajabana ti éta*
- (c) kecap tingkesan : *rudal* ← *peluru kendali*
- (d) kecap tangkesan : *atuda* ← *atuh da*
- (e) kecap memet : *comro* ← *oncom ti jero*

## **klausa**

(Ing: *clause*)

wangun basa anu jadi galeuh kalimah mangrupa gundukan dua kecap atawa leuwih nu sipatna prédikatif; diwangun ku hiji jejer jeung hiji caritaan, boh dibarengan ku obyék, panglengkep, jeung katerangan boh henteu. Unsur galeuh (inti) klausa téh nyaéta jejer – caritaan. Contona :

<i>Budak téh</i>	<i>pinter.</i>		
J	C		
<i>Jatmika</i>	<i>keur megat</i>	<i>mobil.</i>	
J	C	O	
<i>Kamari</i>	<i>kuring</i>	<i>nyaba</i>	<i>ka Jakarta.</i>
Kat	J	C	Kat

**klausa adjéktival → klausa sipat**

## **klausa afirmatif**

klausa anu caritanana henteu ngandung unsur pamunkir.  
Contona:

*Indung bapana téh patani.*

**klausa barang → kalimah barang**

## **klausa bébas**

klausa lengkep anu bisa madeg mandiri jadi kalimah sampurna, ilaharna jadi indung kalimah dina kalimah ngantét sumélér.  
Contona, klausa:

*kuring diuk dina korsi*

**klausa bilangan → kalimah bilangan**

**klausa kaayaan → klausa sipat**

**klausa kauger**

klausa anu henteu bisa madeg mandiri jadi kalimah sampurna, ilaharna jadi anak kalimah dina kalimah ngantét sumélér.  
Contona:

**Basa kaluar ti imah,** *kuring nempo manéhna di buruan.*

**klausa lagas → klausa bébas**

**klausa lengkep**

klausa anu sakurang-kurangna mibanda jejer jeung caritaan, boh dibarengan ku obyék, penglengkep, jeung katerangan boh henteu.

Contona

*Kuring nempo manéhna di buruan.*

*Bapa ngagaleuh komputer.*

*Mamah nuju ngaput acuk.*

**klausa lulugu**

klausa anu jadi bagian galeuh dina kalimah ngantét, boh dina kalimah ngantét satata boh kalimah ngantét sumélér, saperti klausa *kuring indit ka sakola* dina kalimah:

**Kuring indit ka sakola** *basa manéhna saré kénéh.*

**klausa négatif → klausa pamungkir**

**klausa nominal → klausa barang**

**klausa numeral → klausa bilangan**



**klausa pagawéan → kalimah pagawéan**

**klausa pamungkir**

klausa anu caritaanana ngandung unsur pamungkir saperti, *henteu, teu, lain, sanés*.

Contona:

*Manéhna henteu indit ka sakola.*

**klausa pangantét → kalimah pangantét**

**klausa pangwates → klausa pangwates**

**klausa positif → klausa afirmatif**

**klausa préposisional → klausa pangantét**

**klausa rélatif → klausa seselan**

**klausa sélér**

(Ind: klausa subordinatif; Ing: *subordinative clause*)

klausa nu jadi bagian panambah atawa nyicingan salahsahiji fungsi tina klausa lulugu (fungsi jejer, obyék, panglengkep, atawa katerangan) dina kalimah ngantét sumélér. Contona, klausa *basa manéhna saré kénéh* dina kalimah.


**Kuring indit ka sakola *basa manéhna saré kénéh*.**

**klausa sélér-jejer**

klausa sélér anu nyicingan fungsi jejer dina klausa lulugu. Contona:

***Dicaritakeun ku manéhna yén éta carpon téh nyaritakeun dirina sorangan.***

Eta kalimah téh bisa dibagankeun kieu:




### **klausa sélér katerangan**

klausa sélér anu nyicingan fungsi katerangan tina klausa lulugu dina kalimah ngantét sumélér. Contona, klausa *sanajan gering* dina kalimah:

***Sanajan gering, manéhna maksakeun ka sakola.***

Upama dibagankeun, éta klausa téh ébréh di handap ieu.




### **Klausa sélér-obyék**

klausa sélér anu nyicingan fungsi obyék dina klausa lulugu.  
Contona:

*Manéhna nyebutkeun yén urang hirup téh ukur ngumbara.*

Eta kalimat teh bisa dibagankeun kieu:




### **klausa sélér-panglengkep**

klausa sélér anu nyicingan fungsi panglengkep dina klausa lulugu.  
Contona:

*Ratih nyahoeun yén kuring téh mikahayang manéhna.*

Eta kalimat bisa dibagankeun kieu:




**klausa seselan**

klausa séler anu nyicingan fungsi katerangan pangwates (atribut) kana unsur puseur tina salasahiji unsur klausa, ditempatkeunana diseselkeun kana jejer, obyék, atawa panglengkep. Contona:

*Imahi nu cétna héjo téh rék dijual ku nu bogana..*

Eta kalimah bisa dibagankeun kieu:



## **klausa sipat**

(Ind: klausa ajektival; Ing: *adjectival clause*)

klausa anu caritaanana diwangun ku kecap atawa frasa sipat.

Contona:

*manéhna jangkung lenjang*  
*Angga bageur pisan*

## **klausa statif → klausa sipat**

### **klausa teu lengkep**

klausa anu teu ngandung unsur jejer, ilaharna diwangun ku unsur caritaan, boh dibarengan ku obyék, panglengkep, jeung katerangan boh henteu. Ieu klausa bisa muncul dina kalimah ngantét sumélér, kalimah pananya, kalimah jawaban, jeung kalimah paréntah.

Contona:

- (1) **Basa datang** [*manéhna imut*] **bari muka lawang.**
- (2) **Keur arulin di buruan ...** (Upamana minangka jawaban kana pananya (“*Ka mana barudak téh*”))
- (3) **Jung indit!** (Klausa lengkepna “*Jung manéhna indit*”)

### **Klitik**

morfém madyabébas anu miboga harti léksikal, napel kana morfém lianna, tur boga papasangan dina wangun morfém bébas. Contona: *pun + , sim + , tuang +* dina wangunan *pun biang, sim kuring, jeung tuang putra.*

### **Kluster**

(Ing: *cluster*)

runtuyan dua konsonan atawa leuwih anu diucapkeun sawaktu tur aya dina hiji engang. Kluster dina basa Sunda ilaharna diwangun

ku konsonan mandeg nu dituturkeun ku konsonan /r/, /l/, jeung /y/. Contona, kluster pr, jl, dy, dina kecap *keprok*, *gajleng*, jeung *madya*.

### **kohérénsi**

aspek eusi dina wacana, mangrupa organisasi sémantis, wadah gagasan-gagasan disusun dina runtuyan anu logis geusan nyungsi maksud omongan kalawan merenah tur gampang.

### **kohési**

aspék formal basa dina wacana, mangrupa organisasai sintaksis, wadah kalimah-kalimah disusun kalawan kompak tur sinambung (kontinuitas) geusan nyipta omongan.

### **kohési gramatikal**

kohési nu kapanggih ku cara milih kabeungharan kecap kalawan merenah, ngawengku répétisi, sinonim, antonim, hiponim, kolokasi, jeung ékuivalénsi..

### **kohési léksikal**


kohési nu kapanggih ku cara nepungkeun unsur-unsur tata basa, ngawengku pronomina, subsitusi, élipsis, déiksis, jeung konjungsi.

### **komén**

(Ing: *comment*)

caritaan atawa sebutan nu mangrupa wawaran ngeunaan jejer atawa poko nu dicaritakeun; wawaran nu nerangkeun topik, adeganana ngawengku jejer jeung caritaan.

Contona:



**konjungsi** → kecap panyambung

**konjungsi koordinatif** → kecap panyambung satata

**konjungsi korélatif** → kecap panyambung papasangan

**konjungsi subordinatif** → kecap panyambung sumélér

**konsonan**

(Ing: *consonant*)

foném nu diwangun ku hawa nu kaluar tina bayah sarta waktu liwat kana tikoro meunang panghalang. Konsonan dina basa Sunda aya dua rupa, nyaéta:

(1) konsonan sampakan: b, c, d, g, h, j, k, l, m, n, p, r, s, t, w, jeung y;

(2) konsonan serepan (asing): f, q, v, x, jeung z.

Baganna konsonan téh kieu.

BAGAN KONSONAN

Kahanan Pita Sora		TEMPAT KONSONAN							
		B i l l a b i a l	L a b i o d é n t a l	D é n t a l	A l v é o l l a r	P a l l a t a l	V e l l a r	L a r i n g a l	G l o t a l
Mandeg (stop)	TS	p		t		c	k		q
	S	b		d		j	g		
Gésér (frikatif)	TS		(f)		s		(x)	h	
	S		(v)		(z)				
Lateral	S				l				
Geter (trill)	S				r				
Nasal	S	m		n		ñ	ŋ		
Semi-vokal	S		w			y			

Kat:

S : soraaan      TS : teu soraaan

**konsonan alvéolar**

konsonan nu diwangun ku cara nepungkeun tungtung léta minangka artikulatorna kana gugusi minangka puseur atiku-lasina saperti /s, x/ l, r/.

**konsonan baham → konsonan oral**

**konsonan bilabial**

konsonan anu diwangun ku cara ngarapetkeun tungtung bi-wir duanana minangka artikulator jeung puseur artikulasina saperti /p, b, m/.



**konsonan déntal**

konsonan anu diwangun ku cara nepungkeun tungtung léta minangka artikulator kana huntuna minangka puseur artikulasina saperti /t, d, n/.

**konsonan frikatif → konsonan gésér****konsonan gésér**

konsonan nu diwangun ku cara ngahalangan sora dina tikoro nepi ka ngésérna saperti /f, s, (x), h, (v), (z)/.

**konsonan geter**

konsonan anu diwangun ku cara nepungkeun léta kana gugusi terus dijauhkeun deui nepi ka ngageterna kawas /r/.

**konsonan glotal**

konsonan anu diwangun ku cara nutup rapet-rapet pita sora nepi ka sora eureun sakeudeung, geus kitu dibuka sangkan muncul sora hamzah /q/.

**konsonan irung → konsonan nasal****konsonan labiodéntal**

konsonan nu diwangun ku cara nepungkeun biwir handap minangka artikulator kana huntuna minangka puseur artikulasina saperti sora /f, v, w/.

**konsonan laringal**

konsonan nu diwangun ku cara muka pita sora salega-legana nepi ka hawa téh ngésér saperti sora /h/.

**konsonan lateral**

konsonan nu diwangun ku cara ngangkat léta kana lalangi sarta sora nu kaluarana ngaliwatan sisi téh saperti sora /l/.

**konsonan likwida → konsonan lateral****konsonan mandeg**

konsonan anu diwangun ku cara ngahalangan liang tikoro sagemblengna nu rék diliwatan ku hawa tina bayah saperti sora /p, t, c, k, q, b, d, j, g/

**konsonan nasal**

konsonan nu kaluarana ngaliwatan lolongkrang irung saperti /m, n, ny, ng/.

**konsonan oral**

konsonan nu kaluarana ngaliwatan lolongkrang baham saperti /p, t, c, k, b, d/.

**konsonan palatal**

konsonan nu diwangun ku cara ngangkat tengah-tengah léta minangka artikulatorana kana lalangi teuas minangka puseur artikulasina saperti /c, j, ny, y/.

**konsonan réndon → kluster****konsonan sémi vokal**

konsonan nu sorana rada muka kawas vokal, diwangun ku cara ngahalangan sora dina tikoro saeutik nepi ka ngésér kayaning /w, y/.

### **konsonan soraan**

konsonan nu muncul lantaran pita sora milu ngageter saperti /b, d, j, g, (z), l, r, m, n, ny, ng/.

### **konsonan teu soraan**

konsonan nu muncul lantaran pita sora teu milu ngageter saperti /p, t, c, k, q, (f), s, (x), h/.

### **konsonan trill → konsonan geter**

### **kontaminasi**

(Ing: *contamination* ‘kakaliron; kakacowan’)

dua kecap atawa dua omongan nu dicampuraurkeun, ti dieu sapotong ti ditu sapotong, tungtungna jadi salah kap-rah.

Contona:

#### **satékah polah**

kuduna:

- (1) *satékah- tékah*
- (2) *sakédah polah*

#### **nemonan panyatur ramana**

kuduna:

- (1) *nemonan ramana*
- (2) *nyumponan panyaur*

**kontéks**

(Ing: *context*)

wadah atawa tempat lumangsungna omongan; unsur-unsur luar basa nu marengan jeung mangaruhan ma'na unsur basa waktu komunikasi.

**kontéks situasi**

(Ing: *context of situation*)

kontéks nu mangrupa ciri-ciri alam luareun basa (ling-kungan non-linguistik) nu numuwuhkeun ma'na omongan atawa ma'na wacana waktu komunikasi. Kontéks wacana dina basa Sunda bisa disingget UNGKARA anu foném awalna nyoko kana:

U (ndak-usuk atawa tatakrama nu dicaritakeun)

N (u make basa jeung nu dicaritakeun)

G (alur omongan)

K (asang tukang tempat, waktu, jeung suasana)

A (lat nu digunakeun)

R (asa, nada, jeung ragam basa)

A (manat jeung tujuan omongan)

**kronogram** → candrasangkala

**kronolék** → dialek témporal



**lafal** → **ucapan**

**lagu basa**

gumulungna antara aksén, wirahma, jeung randegan dina waktu ngucapkeun kalimah.

**laku**

(Ing: *act*)

polah; unit ma'na pangleutikna tina wacana (nu dina tata basa disebut klausa), diwangun ku prédikator jeung argumén.

**lalangit hipu**

(Ing: *velar*; Yun: *velum*)

bagian alat ucap anu jadi sasaran tungtung létah pikeun ngahasilkeun sora vélar saperti /k, g, ng, x/.

**lalangit teuas**

(Ing: *palatal*; Yun: *palatum*)

bagian alat ucap anu jadi sasaran hareup létah pikeun ngahasilkeun sora palatal saperti /c, j, ny, y/.


## **lalawanan**

patalina antara dua unsur atawa leuwih dina hiji beungkeutan anu nétélakeun ayana bébédaan, upamana *bihari* jeung *kiwari*.

## **lambang**

(Ing. *sign; symbol* < Pra. *signe* )

wangun basa atawa luar basa anu sipatna arbitrér tur konvénsional anu dipatalikeun kana maksud jeng obyék nu tangtu. Lambang basa diwangun ku perlambang jeung linambang. Baganna kieu:



## **lambang sora**

ajen ma'na nu tangtu tina hiji sora basa; upamana baé, sora /o/ diasosiakeun kana hal-hal anu molongo.

## **lambang tulisan**

lambang nu mangrupa aksara nu ngagambarkeun konsép ilmiah dasar; upamana baé, /g/ (pikeun gram).

## **langue**

(Pran: *langue*; Lat: *lingua* ‘basa’)

sistim basa anu aya dina pikiran manusa, ayana dina wilayah uteuk, mangrupa kamampuh, sipatna homogén tur rélatif angger, sok papasangan jeung parole.

## **léksém**

- (1) léma (éntri kamus); unsur pangleutikna dina léksikon;
- (2) unsur nu jadi dasar dina prosés morfologis;
- (3) bahan baku pikeun prosés morfologis;

- (4) unsur nu teu ngabogaan rarangkén; jeung
- (5) wangun anu lain proléksém atawa partikel.

### **léksikal**

sipat nu patali jeung léksikon; sipat nu aya dina kabeung-haran kecap.

**léksikon** → **kabeungharan kecap**

### **léksikologi**

bagian tina élmu basa anu ngulik jeung medar kabeung-haran kecap, asal-usulna, selang surupna, parobahan, katut kamekaranana.

**léksikografi** → **tata kamus**

### **lentong**

(Ind: intonasi; Ing: *intonation*)

pakakas kalimah atawa alat sintaksis nu mangrupa pola robahna nada jeung tekanan nu binarung jeung randegan waktu ngucapkeun kalimah katut babagianana; pola méré tekanan binarung jeung turun atawa naékna nada nu dipungkas ku randegan. Nu kaasup kana lentong nyaéta dangka, tekanan, randegan, wirahma, jeung nada.

### **linambang**

(Pra. *signifie*)

gambaran pikiran nu sipatna abstrak tina bagain alam sabudeureun urang minangka eusi basa nu dibéré lambang, ayana wilayah uteuk.

**lingual → mibasa**

**linguis → ahli basa, pakar basa**

**linguistik → élmu basa**

**lokabasa → dialék lokal**





### **mamanis basa**

unsur basa nu dipaké sangkan kecap atawa babagian kalimah nu diucapkeun téh karasana leuwih anteb tur genah, ilaharna teu ngabédakeun harti. Contona, rarangkén *-um-* dina kecap *sumangga* ngan mamanis basa wungkul da hartina mah sarua baé jeung *mangga*.

**ma'na** → **harti**

**maksud** → **amanat**

### **matukeurkeun**

(Ind: sinestesia; Ing: *synesthesia*)

robahna harti kecap lantaran patukeurna pananggap atawa réspónsi antara dua anggota awak (indra) anu béda. Conto:

*Ari buah téh **haseum** atawa henteu?* (indra pangrasa)

*Ari Nyi Icih ku naon budina bet baketut **haseum**?*

(indra paninggal)

### **métatésis**

rinéka basa nu mangrupa pahili-hilina tempat foném dina hiji kecap. Contona:

*ayud* → **aduy**

*sapu* → **usap**

## mindaba

(Ind: *alih kode*; Ing: *code switching*)

makéna rinéka basa séjén dina komunikasi basa urang atawa sabalikna pikeun ngaluyukeun diri kana peran jeung situasi, atawa ku lantaran ayana panyatur séjén.

## monolog

bagian wacana anu dikedalkeun ku saurang panyatur tur sipatna transaksional lantaran nu dipentingkeun ‘eusi komunikasi’. Minangka pamekaran téma ti saurang panyatur, monolog bisa diwangun ku sababaraha téma atawa gagasan, jadi wangunna saluhureun alinéa.

## morf

(Ing: *morph*)

wujud nyata (fonémis) tina hiji morfém anu can bisa ditangtukeun distribusina. Contona,  $\{N(\text{asal})\}$  mangrupa morf nu ngabogaan alomorf *m-*, *n-*, *ny-*, *ng-*, *nga-*, *nge-*

## morfém

(Ing: *morpheme*; Yun: *morpho* ‘wangun’ + *-ema* ‘miharti’) wangun basa pangleutikna anu ngandung harti; wangun katatabasaan (gramatikal) pangleutikna nu sok diucapkeun deui dina wangun nu sarua atawa meh sarua. Contona: (*kuring*),  $\{N-\}$ ,  $\{\text{baca}\}$ , jeung  $\{\text{buku}\}$ . Baganna kieu:

Morfém	{	bébas	{	partikel
		madyabébas		bagal kecap klitik
		kauger		cakal pangdeudeul rarangkén

### **morfém bébas**

(Ing: *free morpheme*)

morfém anu bisa madeg mandiri dina omongan; morfém nu langsung jadi kecap. Conto: {*kuring*}, {*boga*}, {*imah*}, {*di*}, jeung {*lembur*}.

### **morfém bébas fungsional**

(Ing: *functional morpheme*)

morfém bébas nu kakara madeg dina omongan ku bantuan morfém séjén, ilaharna ngandung harti gramatikal; morfém bébas pibakaleun kecap pancén atawa partikel.

### **morfém bébas léksikal**

(Ing: *lexical morpheme*)

morfém bébas anu mibanda harti léksikal, bisa madeg mandiri dina omongan tanpa bantuan morfém séjén. Contona, {*kuring*}, {*dahar*}, jeung {*sampeu*}.

### **morfém dasar**

morfém anu jadi dasar pikeun ngawangun kecap; cagal. Contona: *bawa*.

### **morfém kauger**

morfém anu teu bisa madeg mandiri dina omongan, ilaharna dikantétkeun kana morfém séjén pikeun ngawangun kecap. Contona: {*N-*}, {*guling*}, jeung {*ti-*}.

### **morfém kauger morfologis**

morfém anu kakara jadi kecap sanggeus ngantét jeung morfém séjénna, ngawengku rarangkén, cagal, jeung klitik.

### **morfém kauger sintaksis → morfém bébas fungsional**

**morfém lagas → morfém bébas**

**morfém madyabébas**

morfém anu satengah bébas, bisa miboga harti léksikal bisa harti gramatikal, tur geus aya warnaan, ngawengku partikel (kecap pancén), bagal kecap, jeung klitik.

**morfém mandiri → morfém bébas**

**morfém unik**

morfém nu ngan bisa ngatét jeung morfém nu tangtu, sarta mun dipisahkeun tina morfém nu ngagondéngna karasa asing tur taya hartian. Contona: {*keumeuh*} dina kecap *geuleuh keumeuh*.

**morfémik → tata kecap**

**morfefoném**

wangun foném anu muncul balukar tepungna dua morfém atawa leuwih.

**morfefonémik**

ulikan ngeunaan parobahan foném balukar tepungna dua morfém atawa leuwih; ulikan ngeunaan morfefoném.

**morfefonologi → morfefonémik**

**morfologi → tata kecap**



## **nada**

(1) (Ing. *tone*)

harti disawang tina sikep panyatur ka pamiarsa, upamana aya nada nyungkun atawa nyindiran.

(2) (Ing. *pitch*)

foném supraségmental anu mangrupa geteran sora.

## **ngahandapan**

(Ind: pejorasi; Ing: *pejoration*)

robahna harti kecap anyar anu ajénna leuwih handap batan harti kecap heubeul. Contona:

*bujang* jeung *lanjang* : 1) jajaka jeung parawan  
2) babu

## **ngaheureutan**

(Ind: spesifikasi; Ing: *specification*)

robahna harti kecap anyar nu ambahanana leuwih heureut batan harti kecap heubeul. Contona:

*sarjana* : 1) jalma nu luhung élmuna jembar ku pangabisa  
2) gelar ti paguron luhur

### **ngajembaran**

(Ind: generalisasi, perampatan; Ing: *generalization*)

robahna harti kecap anyar anu ambahannana leuwih lega batan harti kecap heubeul. Contona:

*bapa*: 1) kolot lalaki

2) sesebutan ka lalaki nu pantes

dihormat

**ngalegaan → ngajembaran**

### **ngaluhuran**

(Ind: ameliorasi; Ing: *amelioration*)

robahna harti kecap anyar anu ajénna leuwih luhur batan harti kecap heubeul. Contona:

*wanita*: 1) betina, sato bikang

2) awéwé karir

### **ngantétkeun**

(Ind: pemajemukan, komposisi; Ing: *composition*)

prosés ngawangun kecap ku cara ngantétkeun cagal jeung akal atawa kecap jeung kecap anu nghasilkeun kantétan nu hartina husus tur mandiri nu béda jeung harti unsur-unsur pangwangunna. Hasilna disebut kecap kantétan.

### **ngarajék**

(Ind: pengulangan, reduplikasi; Ing: *reduplication*)

prosés ngawangun kecap ku cara nyebut dua kali wangun dasarna, sabagian atawa sagemblengna, boh binarung ku robahna sora jeung rarangkén boh henteu. Hasilna disebut rajék.

**ngaran diri → ngaran macakal**

### **ngaran jinis**

(Ind: nama jenis; Ing: *common noun*)

kecap barang sesebutan nu nétélakeun jinis umum barang atawa konsép. Contona, *beusi, kai, emas, cai, guru*.

### **ngaran macakal**

(Ind: nama diri; Ing: *proper noun*)

kecap barang sesebutan nu nétélakeun ngaran jalma, tempat, atawa barang nu tangtu. Contona bae: *Jatmika, Bandung*

**ngaran pribadi** → **ngaran macakal**

### **ngararangkénan**

prosés ngawangun kecap ku cara ngantétkeun rarangkénan kana wangun dasarna, di hareup, di tengah, di tukang, boh di hareup jeung di tukang. Hasilna disebut kecap rundayan.

### **ngawancah**

(Ind: penyingkatan, abrèviasi; Ing: *abbreviation*)

prosés ngawangun kecap ku cara mondokkeun kecap atawa ungkara, anu hasilna disebut kecap wancahan.

**ngomon sorangan** → **monolog**

**nomina** → **kecap barang**

### **norma**

(Ing. *norm*)

- (1) naon-naon nu dianggap baku, bener, tur merenah ceuk masarakatna;
- (2) pola atawa ciri nu dianggap ilahar tina situasi hiji basa.

**numera** → **kecap bilangan**



## obahan

(Ing: *move*)

unit proposisional wacana, mangrupa omongan (*utterance*), nu dina tata basa disebut kalimah.

## obyék

(Ing: *object*)

unsur kalimah nu ngalengkepan caraitaan pagawéan transitif, ilaharna mangrupa kecap atawa frasa barang, sarta bisa jejer dina kalimah pagawéan pasif. Contona, *buku* dina kalimah *Manéhna maca buku*.

## obyék langsung

(Ing: *direct object*)

(1) obyék nu bisa jadi jejer dina kalimah pagawéan pasif; (2) obyék nu langsung nuturkeun caritaan pagawéan transtif tanpa disela ku unsur séjén, upamana buku dina kalimah

*Manéhna maca buku*.

*Bapa mangmeulikeun buku keur kuring*.

## obyék teu langsung → panglengkep

(Ing: *indirect object*)

obyék nu marengan obyék langsung dina kalimah pagawéan dwitransitif. Contona, **buku** dina kalimah:

*Bapa mangmeulikeun buku keur kuring*.



*Kuring dipangmeulikeun buku ku Bapa.*

### **obyék pangantét**

(Ing: *prepositional object*)

obyék nu dipiheulaan ku kecap pangantét, bisa jadi jejer dina kalimah aktif. Contona, *ku kuring jeung kanggo ema*, dina kalimah:

*Buku dibaca ku kuring.*

*Tétéh manggaleuhkeun sinjang kanggo ema.*

### **oposisi**

patalina dua unsur atawa leuwih dina hiji beungkeutan anu nétélakeun ayana bébédaan, upamana *bihari jeung kiwari*.

**oposisi gradual** → **oposisi tahapan**

**oposisi hirarkis** → **oposisi undak**

### **oposisi katalian**

oposisi antarunsur basa anu nuduhkeun hubungan nu silihlingkepan. Contona: *ngajual x meuli*.

### **oposisi kembar**

oposisi antarunsur basa anu ngan ngarangkep jeung unsur nu tangtu. Contona: *awéwé x lalaki*

**oposisi rélasional** → **oposisi katalian**

### **oposisi tahapan**

oposisi antarunsur basa anu némbongkeun lalawanan dina jihat ajén (kualitas) wungkul. Contona:

*panjang x pondok*

<i>rada panjang</i>	<i>x</i>	<i>rada pondok</i>
<i>leuwih panjang</i>	<i>x</i>	<i>leuwih pondok</i>
<i>panjang pisan</i>	<i>x</i>	<i>pondok pisan</i>
<i>pangpanjangna</i>	<i>x</i>	<i>pangpondokna</i>

### **oposisi undak**

oposisi antarunsur basa anu nuduhkeun hiji hal téh beuki undak atawa beuki luhur. Contona:

*miliméter, séntiméter, désiméter, méter,  
hiji, dua, tilu, opat, lima, genep,*

### **omongan**

(Ind: ujaran; Ing: *utterance*)

- (1) kalimah atawa babagian kalimah anu diucapkeun;
- (2) runtuyan sora-sora anu ngabogaan harti nu muncul di antara dua randegan aktual atawa poténsial.

### **onomatop**

sesebutan kana barang atawa kajadian anu muncul ku cara tiruan sora. Contona: *cakcak, kongkorongok, kurupuk.*



### **paguneman**

(Ing: *dialogue, conversation*)

unit pangjembarna dina kagiatan makéna basa antara diri urang panyatur jeung nu séjén atawa lobaan, boh lisan boh tulisan, sarta mibanda sipat interaksional lantaran nu dipentingkeunana kamunikasi timbal balik.

### **pakakas kalimah**


(Ind: alat sintaktis; Ing: *sentences feature, syntactic device*)

runtuyan kecap, wangun kecap, kecap pancen, lentong, unsur-unsur atawa alat nu dipaké dina omongan batiniah.

### **pakakas omongan**

(Ind: alat ucap; Ing: *articulator*)

alat nu dipaké ku manusa pikeun ngahasilkeun sora basa atawa sora omongan kayaning bayah (paru-paru), elak-elakan, tikoro, biwir, huntu, létah, langit, gugusi, jsté. Ari nu kalibet dina ngawangun sora basa téh aya tilu, nya éta hawa, artikulator, jeung puseur artikulasi. Baganna kieu:



Katerangan:

1. bayah (*lungs*)
2. tikoro (*larynx*)
3. pita sora (*vocal chords*)
4. rohangan elak-elakan (*pharinx*)
5. elak-elakan (*uvular*)
6. lalangit hipu (*velar*)
7. rohangan baham (*oral cavity*)
8. lalangit teuas (*palatal*)
9. rohangan irung (*nasal cavity*)
10. tungtung letah (*apecal*)
11. biwir luhur-handap (*bilabial*)
12. huntu luhur-handap (*dental*)
13. gugusi (*alveolar*)

**pakeman basa**

(Ing: *idiom*; Yun: *Idios* ‘has, husus, mandiri’)

wangunan basa atawa rakitan basa nu husus tur mandiri sarta harti nu dikandungna teu bisa dihartikeun sajalan-trahna nurutkeun harti tata basa atawa harti unsur-unsurna. Contona:

*hampang birit*

*Mun diarah supana, kudu dipiara catangna*

*Emh, bau nu ngagoréng bawang*

*Is, ulah sok **ngahampas** ari ka batur téh*

*Bandung heurin ku tangtung*

**pamaseuk**

(Ind: *formatif*; Ing: *formative*)

unsur pangwangun kecap anu diwuwuhkeun kana jangkar kecap, cakal, atawa kecap panganteur. Contona: *ge, se, jeung el* dina kecap *gebut, sebrut, beledug*.

**pamilang**

warna proléksém anu diwuwuhkeun kana kecap barang atawa kecap lian pikeun nuduhkeun bilangan saperti *éka-*, *dwi-*, *tri-*, *catur-*, *panca-*, *dasa-*.

**pangartian**

(Ind: *référénsi* ; Ing: *reference*)

patalina antara lambang omongan obyék atawa acuan anu dimaksudna.

**pangdeudeul**

(Ind: proléksém; Ing: *prolexeme*)

morfém kauger anu diwuwuhkeun atawa ditapelkeun kana bakal kecap (cakal, bagal, atawa puhu), teu bisa dijembaran, katangén warnana, sarta ngandung harti léksikal. Contona: *-wan* dina kecap *wartawan*.

**panggondéng**

(Ind: *argumén* ; Ing: *argument*)

unsur nu ngalengkepan prédikator dina adegan proposisi atawa adegan prédikasi.

**panglaku**

warna proléksém anu diwuwuhkeun kana kecap pagawéan saperti *barang-*, *pada-*, *sili(h)-*, *pili(h)-*.

**pangwangun**

(Ind. *formatif* <Ing. *formative*)

unsur-unsur anu ngalengkepan cakal, jangkar kecap, atawa kecap anteuran saengang dina ngawangun kecap, tapi lain rarangkén. Contona:

*be-* → *becir*

<i>ce-</i>	→	<i>ceprut</i>
<i>ga-</i>	→	<i>gaprup</i>
<i>ge-</i>	→	<i>gebros</i>
<i>ha-</i>	→	<i>habek</i>
<i>je-</i>	→	<i>jegér</i>
<i>ka-</i>	→	<i>kaplok</i>
<i>ke-</i>	→	<i>keclak</i>
<i>se-</i>	→	<i>sewur</i>

### **pangwates**

unsur panambah dina wangunan frasa éndoséntris atributif. Contona, kecap *pisan* dina frasa *geulis pisan*.

### **pangwates hareup**

pangwates anu cicingna hareupeun unsur puseur. Contona, kecap *arék* dina frasa *arek indit*.

### **pangwates tukang**

pangwates anu cicingna tukangeun unsur puseur. Contona, kecap *kuring* dina frasa *buku kuring*.

### **pangwuwuh kecap**

unsur-unsur anu diwuwuhkeun kana wangun dasar waktu ngawangun kecap saperti rarangkén, proléksém, formatif, jeung klitik.

### **panyebut**

warna proléksém anu diwuwuhkeun kana kecap barang saperti *para-*, *pari-*, *pra-*, *pasca-*, *-man*, *-wan*, *-wati*.

### **paragraf → alinéa**

**paragog** → **swarabakti ahir)**

**paramasastra** → **tata basa**

### **parataksis**

(Ing: *parataxis*)

hubungan antara dua kalimah, klausa, frasa, atawa leuwih anu sarua tahapanana; hubungan satata anu ilaharna teu make kecap panyambung. Contona:

*Kuring nangtung, manéhna diuk.*

### **paribasa**

ungkara winangun kalimah atawa klausa nu kekecapan katut susunanana geus matok, maksudna geus puguh, ilaharna ngandung harti babandingan siloka lakuning hirup manusa. Contona:

*Ari umur tunggang gunung, angen-angen pecat sawed.*

*Cikaracak ninggang batu, laun-laun jadi legok.*

**parobahan batin** → **parobahan harti**

### **parobahan harti**

(Ind: perubahan makna; Ing: *semantic change*)

prosés robahna harti kecap nu hiji jadi harti séjénna.

### **parobahan jero**

(Ing. *internal modification*)

prosés ngawangun kecap ku cara ngaganti sabagian fonem atawa engang dina jero éta kecap sorangan, Contona :

(1) ngarobah salahsahiji atawa leuwih fonémna :

/ u / jadi / i /	:	<i>kuat</i>	→	<i>kiat</i>
/ u / jadi / a /	:	<i>kurang</i>	→	<i>kirang</i>

/ a / jadi / i /	:	<i>rupa</i>	→	<i>rupi</i>
/ i-u / jadi / é-a /	:	<i>itung</i>	→	<i>étang</i>

(2) ngarobah engang panuntung

... jadi	-os	:	<i>nyarita</i>	→	<i>nyarios</i>
... jadi	-jeng	:	<i>maju</i>	→	<i>majeng</i>
... jadi	-nten	:	<i>hampura</i>	→	<i>hapunten</i>
... jadi	-ntun	:	<i>bawa</i>	→	<i>bantun</i>
... jadi	-wis	:	<i>perkara</i>	→	<i>perkawis</i>

**parobahan lahir atawa luar → suplisi**

**parole**

(Pran. *parole* ‘ucapan’)

basa minangka paripolah ucapan hiji jalma dina waktu nu tangtu, wujudiahna sora, ayana dina wilayah baham, sipatna hétérogén tur réa variasina antukna gancang robah.

**partikel → kecap pancén**

**pasosok basa**

(Ind: *interfenesi*; Ing: *interference*)

makéna unsur basa lian ku panyatur nu dwibasa dina hiji basa sarta ciri-ciri basana téh katara kénéh ; kasalahan mkéna basa nu muncul lantaran unsur basa sorangan dibawa kana basa atawa dialék sejen nu keur diulik.

Contona :

<b>dua-duana</b>	→	<i>duanana</i>
<b>terutami</b>	→	<i>utamina</i>



## **peran**

(Ing. *role*)

patali harti antara unsur-unsur tata basa dina wangunan nu leuwih jembar, sarua jeung harti gramatikal, atawa fungsi semantis.

## **perlambang**

(Pran: *signifiant*)

gambaran pikiran nu sipatna abstrak tina sora omongan, minangka cangkangna basa atawa linambang, ayana dina wilayah baham.

## **polisémi → kecap anékaharti**

(Ing: *polisemy* < Yun. *poly* ‘réa’ + *sema* ‘tanda’)

## **praduga**

(Ind: présuposisi, praanggapan; Ing: *presuposition*)


panyangka nu aya patalina jeung kamustahilan bisa kajadi-an, masalah proyeksi atawa nonjolkeun hiji hal jeung rupa-rupa katerangan nu ngajéntrékeun. Praduga bisa jadi prasa-rat pikeun bener henteuna omongan. Contona kalimah:

*Nu baralanja téh ngagimbung-gimbung baé.  
méré praduga yén “daganganana payu pisan”.*

## **Pragmatik**

(Ing: *pragmatics*)

ulikan basa nu medar perkara bagbagan makéna basa dina rupa-rupa tujuan jeung kontéks situasina; medar perkara kamaheran atawa paripolah basa. Pragmatik matalikeun sistim/adegan basa jeung makéna basa. Baganna kieu.



**prédikat → caritaan**

**prédikatif**

mibanda sipat kawas prédikat atawa ngandung prédikat.

**prédikasi**

wangunan basa anu disusun tina caritaan jeung palelengkep (obyék, panglengkep, atawa katerangan).

**préfix → rarangkén hareup**

**prinsip adegan léksikal**

dasar-dasar rupaning hubungan harti antara kecap-kecap dina léksikon hiji basa saperti prinsip padupak, patumpuk, silihlangkepan, wengkuan, jeung wancahan.

**prinsip padupak**

prinsip adegan léksikal anu nuduhkeun yén kecap-kecap téh ngébréhkeun sasaran harti, najan wangunna béda, anu ngabalukarkeun ayana kecap saharti jeung kecap sawanda.

**prinsip patumpuk**

prinsip adegan léksikal anu nuduhkeun yén kecap-kecap téh ngébréhkeun rupa-rupa wawaran, anu ngabalukarkeun ayana kecap sangaran jeung kecap anékaharti.

### prinsip silihlingkepan

prinsip adegan léksikal anu nuduhkeun yén kecap-kecap téh ngébréhkeun harti nu lalawanan, nu ngabalukarkeun ayana kecap sabalikna.

**prinsip struktur léksikal** → **prinsip adegan léksikal**

### prinsip wacahan

prinsip adegan léksikal anu nuduhkeun yén kecap-kecap téh mangrupa pondokna tina ungkara atawa kecap séjén, anu ngabalukarkeun ayana kecap wacahan jeung akronim.

### prinsip wengkuhan

prinsip adegan léksikal anu nuduhkeun yén harti kecap téh kawengku ku harti kecap séjén, anu ngabalukarkeun ayana kecap sawengku.

**pronomina** → **kecap gaganti**


**proléksém** → **pangdeudeul**

### proposisi

(Ing: *proposition*)

(1) ma'na tina hiji adegan klausa;

(2) konfigurasi nu ngébréhkeun eusi komunikasi ti panyatur, diwangun tina prédikator nu dibarengan ku panggon-déng (argumén).



**protésis** → **swabakti awal**

**pamupu**

panalungtik anu ngumpulkeun data basa ti lapangan atawa ti pupuan.

**puhu kecap**

(Ind: pangkal; Ing: *stem*)

bakal kecap anu miboga harti léksikal, sipatna bébas, jelas warna kecapna, tur ilaharna langsung jadi kecap kecap asal atawa salancar. Puhu kecap ilaharna sok disebut kecap asal atawa salancar. Contona: *kuring, jajan, baso, pasar, jeung kamari*.

**pupuan**

(Ing: *informan*)

huluwotan (sumber) pikeun nyungsi data basa, boh jalma boh lain jalma.



### **ragam basa**

rinéka atawa variasi basa nurutkeun anu maké jeung cara makéna.

**ragam basa lisan** → **basa lisan**

**ragam basa tulis** → **basa tulis**

**ragam basa balaréa** → **ragam basa urang réa**

### **ragam basa urang aré**

ragam basa anu dipaké husus dina widang nu tangtu kaya-ning widang jurnalistik, paélmuan, sastra, jeung agama.

### **ragam basa urang réa**

ragam basa anu dipaké sapopoé ku masarakat panyaturna.

**ragam hormat** → **basa lemes**

**ragam lemes** → **basa lemes**

**ragam loma** → **basa loma**

### **rakitan anggang**

rakitan basa nu patali antarunurna anggang sarta masih bisa dihartikeun nurutkeun harti unsur-unurna. Contona: *nulak cangkéng*

### **rakitan anteb**

dua kalimah atawa leuwih anu sarua hartina dikantétkeun ngarah karasana anteb. Contona:  
*Neda agung cukup lumur, neda jembar pangampura, neda asih sihaksamina.*

### **rakitan basa**

susunan unsur-unsur basa jadi wangunan nu ngéntép seureuh tur ngandung harti nu tangtu.

### **rakitan dalit**

rakitan basa nu patali antarunurna geus dalit nepi ka teu bisa dihartikeun sajalantrahna nurutkeun harti unsur-unurna. Contona: *hampang birit.*

### **rakitan lantip**

susunan kecap-kecap nu maksudna kudu dihartikeun ku kabiasaan maké dadasar kalantipan. Contona:

*Cing pangmiceunkeun tampolong!* (nu dipiceun eusina, lain tampolongna)

*Emh, bau nu ngagoréng bawang.* (nu bau téh lain nu ngagoréngna, tapi goréng bawangna).

### **rakitan panghancer → gaya basa rautan**

### **rakitan rahul → gaya basa rarahulan**

## **randegan**

(Ind: *jeda, kesenyapan, sendi* <Ing. *pause*)

eureunna sora waktu nyarita luyu jeung kakuatan engapan, bisa panjang (pungkas) bisa sakeudeung (sedeng).

## **rarangkén**

(Ind: imbuhan, afiks; Ing: *affix*)

morfém kauger anu gedé poténsina pikeun ngantét kana morfém séjén dina ngawangun kecap, lain cacal jeung lain klitik, sarta henteu mibanda harti léksikal. Harti rarangkén kakara kapanggih sabada ngantét jeung morfém séjénna nu mangrupa harti gramatikal.

## **rarangkén barung**

(Ind: konfiks; Ing: *confix*)

rarangkén nu dipakéna babarengan jeung rarangkén séjénna geus ngadegkeun wangun jeung harti kecap saperti *ka—an* dina kecap *kadaharan*. Rarangkén barung séjénna nyaéta *ka—an, pa—an, pa—keun, pa—na, pi—an, ting—ar-, pika-, pika—eun, sa—an, sa—eun*, jeung *sa—na*.

## **rarangkén gabung**

(Ind: afiks gabung, kombinasi afiks; Ing: *affix combination*)

rarangkén nu dipakéna digabungkeun jeung rarangkén séjénna, tapi ngadegkeun hartina henteu babarengan. Conto: *dipangN—keun* jeung *mang—keun* dina kecap

*dipangmeulikeun, mangmeulikeun*

### **rarangkén hareup**

(Ind: awalan, prefiks; Ing: *prefix*)

rarangkén nu ngantét hareupeun wangun dasarna saperti *di-* dina kecap *dibawa*. Rarangkén hareup séjénna nyaéta *ba-*, *di-*, *ka-*, *N-*, *pa-*, *pang-*, *per-*, *pi-*, *sa-*, *sang-*, *si-*, *ti-*, jeung *ting*.

### **rarangkén tengah**

(Ind: *sisipan, infiks*; Ing: *infix*)

rarangkén anu disésélkeun ka tengah-tengah wangun dasarna saperti *-ar-* dina kecap *barudak*. Rarangkén tengah lianna nyaéta *-al-*, *-um-*, jeung *-in-*

### **rarangkén tukang**

(Ind: *akhiran, sufiks*; Ing: *suffix*)

Rarangkén anu ngantét tukangeun wangun dasarna saperti *-an* dina kecap *éraan*. Rarangkén tukang séjénna nya éta *-eun*, *-keun*, *-na*, jeung *-ing/-ning*.

### **rasa**

(Ing: *feeling*)


harti disawang tina sikep panyatur kana jejer nu keur dicaritakeun, upamana waé, rasa sedih, gumbira, keuheul, jeung medenghel.

### **réma**

(Ing: *rhema*), jejer logis

bagian kalimah nu eusina méré wawaran ngeunaan ‘naon nu dicaritakeun ngeunaan tema’. Contona: *padudanana potong* dina kalimah:





**rinéka basa** → **ragam basa**

### **rinéka sora**

gejala sora (fonologis) anu patali jeung robahna sora basa, boh vokal boh konsonan, bisa mangrupa leungitna foném, tambahan foném, pidahna tempat foném, atawa bagantina foném nu hiji jeung foném séjénna.

### **runtuyan kecap**

(Ind: *urutan kata*; Ing: *word order*)

runtuyan kecap kaasup salasahiji alat sintaktis, nyaéta nempatkeun kecap dina runtuyan nu tangtu dumasar kana kaédah basa, boh dina tahapan frasa boh dina tahapan klausa atawa kalimah. Contona, runtuyan kecap:

*kulub suuk*

**suuk** *kulub*

Dina wangunan *kulub suuk*, kecap *kulub* dituturkeun ku kecap **suuk**. Sabalikna dina wangunan **suuk kulub**, kecap *kulub* aya sabada kecap **suuk**. Parobahan runtuyan kecap bisa ngarobah harti. Runtuyan kecap *kulub suuk* mibanda harti ‘hasil’, ari dina runtuyan kecap *kulub suuk* mibanda harti ‘ciri’.



**sabdapraja** → **dialék lokal**

**sabdawarga** → **dialék sosial**

### **sandi**

(Skr. *sandhi* ‘teu sabenerna, samaran’)

aworna sora vokal nu ngaréndéng dina hiji kecap, boh sarua boh béda jadi sora anyar minangka sora samaran. Asimilasi, disimilasi, jeung morfo-foném kaasup kana sandi. Contona:

a + a	→	a :	kawadaan	→	<i>kawadanan</i>
a + i	→	é :	kaider	→	<i>kéder</i>
a + u	→	o :	kaunjuk	→	<i>konjuk</i>
a + é	→	é :	kaédanan	→	<i>kédanan</i>
a + o	→	o :	kaondangan	→	<i>kondangan</i>
i + a	→	é :	kabupatian	→	<i>kabupatén</i>
u + a	→	o :	karatuan	→	<i>karaton</i>
m + b	→	m :	lambut	→	<i>lamut</i>

### **sandikanta**

kecap panganteur kana kecap pagawéan rasa anu teu karasa ku awak, létah, panon, jeung ceuli. Contona:

**lat** *poho*  
**ras** *inget*  
**rey** *poho*  
**reup** *poék*

### **sandikarya**

kecap panganteur kan kecap pagawéan pamolah badan atawa barang.

**gék** *diuk*

**jung** *nangtung*

**rap** *dangdan*

**berebet** *lumpat*

### **sandinétra**

kecap panganteur kan kecap pagawéan panon atawa patalina jeung sinar.

**bray** *beurang*

**nyah** *beunta*

**pes** *pareum*

### **sandirasa**

kecap panganteur kana paripolah indra rasa. Contona:

**cep** *tiis*

**tép** *panas*

**téwéwét** *lada*

**sandisora** → **onomatope**

### **sasaruaan**

(Ind: persamaan, metafora; Ing: *metaphore*)

nyebut hiji hal ku kecap séjén anu aya patalina atawa aya sasaranana.

### **sasaruaan mijalma**

sasaruaan anu aya patalina jeung anggota awak katut sipat jalma.,  
Contona: **ceuli** *katél*, **suku** *méja*

.

### **sasaruaan misato**

sasaruan anu raket patalina jeung kaayaan katut sipat sato. Contona: *kuping gajah, harigu manukeun, ceuli lentaheun, beuteung ajingeun.*

### **sasaruaan miindra**

sasaruan anu dumasar kana patukeurna tanggapan antara dua anggota awak anu béda atawa muncul balukar pindahna pangrasa indra. Contona:

*paromanna haseum, haseum budi*

### **sasaruaan mituwuhan**

sasaruaan anu raket patalina jeung kaayaan atawa sipat anu aya dina tutuwuhan, ilaharna sipat jalma nu diibaratkeun kana sipat tutuwuhan. Contona: *ambekna sakulit bawang.*

**semantik → tata harti**

### **sendi**

randegan; eureunna omongan nurutkeun lilana engapan, ilaharna mibanda sababaraha ciri, di antarana baé:

- (1) *sendi tambah (+)*, randegan antara dua engang dina kecap, panjangna kurang ti safoném. Conto: *ge + bro*;
- (2) *sendi tunggal (/)*, randegan antara dua kecap dina frasa, panjangna safoném. Contona: *ka / Bandung*.
- (3) *sendi rangkep (//)*, randegan antara dua unsur fungsi dina klausa atawa kalimah. Contona:  
*Ēta téh // imah kuirng.*
- (4) *sendi képang rangkep (#)*, randegan nu aya saméméh atawa sabada kalimah, ilaharna babarengan jeung nada naék atawa turun. Contona:

*Kuring rek indit ka Jakarta.*  
# [2] 3 // [2] 3 1 # ✓

*Korsi manéhna?*

# [2] 3 // [2] 3 2 # ✓

### **sesebutan**

kecap barang anu dipaké nyebut anu atawa nuduhkeun ngaran diri saperti ngaran waktu, ukuran jeung takaran, pancakaki, daérah, nagara, jeung bangsa.

**seselan** → **rarangkén tengah**

**simulfiks** → **rarangkén barung**

**sinéstésia** → **matukeurkeun**

**sinkope** → **sirnamadya**

**sinonim** → **kecap saharti**

**sintaksis** → **tata kalimah**

### **sirnamadya**

(Ind: apokope)

kecap sirnaan anu leungit foném atawa engangna di tengah kecap. Contona:

kolonel → *kornel*

niyata → *nyata*

umilu → *milu*

bénzine → *béngsin*

### **sirnapurwa**

kecap sirnaan anu leungit foném atawa engangna di awal kecap.

Contona:

adhyaksa → *jaksa*  
umilu → *milu*

### **sirnewekas**


kecap sirnaan anu leungit foném atawa engangna di ahir kecap.

Contona:

benzine → *béngsin*  
president → *persidén*

### **sistim basa**

hubungan antara unsur-unsur basa anu ngétép seureuh, dumuk polana, sarta sipatna silihdeudeul. Minangka hiji sistim nu ngadumaniskeun bagian dunya sora jeung dunya harti, basa téh mibanda sababaraha subsistim kayaning subsistim fonologis, gramatikal, jeung léksikal. Baganna kieu:



**sistim fonologis** → **tata sora**

**sistim gramatikal** → **tata basa**

**sistim katatabasaan** → **tata basa**


## **sistim léksikal**

sistim basa nu patali jeung kandaga kecap dina hiji basa minangka unsur nu ngadagingan tata basa, unsu-unsurna mibanda harti léksikal.

## **situasi**

(Ing: *situation*)

unsur-unsur luareun basa nu rakét patalina jeung omongan sarta mangaruhan jeung nagtukeun ma'na omongan, bisa mangrupa kaayaan, kajadian, jeung prosés. Baganna kieu:



## **situasi dinamis**

situasi anu lumangsung, sipatna barobah, sarta ilaharna nuduhkeun kajadian atawa prosés.

## **situasi statis**

situasi anu sipatna homogen, cicing, teu barobah, sarta nuduhkeun kahanan atawa kaayaan

**struktur** → **adegan**

**struktur basa** → **adegan basa**

**subyé** → **jejer**

**sufiks → ahiran**

### **suplisi**

(Ing: *suplition*)

proses robahna kecap ku cara ngaganti wangun dasar sagemblengna nepi ka hasilna mangrupa wangun anyar nu béda tina wangun dasarna. Contona:

*huntu* → **waos**

*baju* → **raksukan**

**swara → vokal**

### **swarabakti**

rinéka sora nu diwangun ku jalan nambahkeun foném kana kecap, boh di awal, di tengah, boh di tungtung kecap.

### **swarabakti ahir**

swarabakti anu mangrupa tambahna foném di ahir kecap.

*das* → *dasi*

### **swarabakti awal**

swarabakti anu mangrupa tambahna foném di awal kecap.

*stal* → *istal*

### **swarabakti tengah**

swarabakti nu mangrupa tambahna foném di tengah kecap.

*gréndel* → *géréndél*





### **tanda**

(Ing: *sign*)

surat anu ébréh tur ragam minangka unsur grafis dasar dina sistim aksara nu ngagambarkeun gagasan, kecap katut babagianana.

### **tata**

(Kw: *tata* ‘adat, aturan, bérés, norma’; Ing: *rule*)

aturan atawa kaédah dina basa; ulikan ngeunaan runtuyan unsur-unsur basa.

### **tata basa**

(Ind: tata bahasa, gramatika; Ind: *grammar*)

tata unsur tina pstokan-patokan umum nu aya dina adegan basa, mangrupa aturan nu ngagambarkeun kumaha cara hiji basa lumampah tur dipaké ku panyaturna, ayana dina uteuk, sipatna homogén tur rélatif angger.

### **tata istilah**

aturan atawa palanggeran dina ngawangun jeung ngumpul-keun istilah dina hiji basa.

### **tata harti**

(Ind: tata makna, semantik; Ing: *semantics, sememics*)

bagian tina élmu basa nu ngulik jeung medar harti dina hiji basa, asal-usulna, selang-surupna, parobahan katut kame-karanana.

### **tata kalimah**

(Ind: tata kalimat, sintaksis; Ing: *syntax*)

bagian tina tata basa anu maluruh jeung medar susunan kalimah katut babagianana; ulikan ngeunaan adegan kali-mah, klausa, jeung frasa.

### **tata kecap**

(Ind: tata kata, morfologi; Ing: *morphology, morphemics*)

bagian tina tata basa anu maluruh jeung medar morfém katut prosésna dina ngawangun kecap sarta pangaruhna kana robahna warna jeung harti kecap; ulikan perkara adegan kecap.

### **tata krama**

(Skr: *tata* ‘aturan’ + *krama* ‘hormat, sopan’; Ing: *etiquete*)

aturan anu gembleng tina paripolah adat kabiasaan manusa anu sopan tur santun di lingkungan hirup kumbuhna.

### **tata sora**

(Ind: tata bunyi, fonologi; Ing: *phonology*)

bagian tina élmu basa anu maluruh jeung medar sora-sora basa, prosésna, selang-surupna, fungsi, katut parobahanana.

### **tata wacana**

bagian tina élmu basa anu maluruh jeung medar susunan wacana katut babagiana; ulikan ngeunaan adegan wacana.

### **téma**

(1) (Ing: *sense* ‘pangartian’)

jejer, idé, atawa poko pasualan anu keur dicaritakeun.

(2) (Ing: *theme*), jejer psikologi


## tiruan sora

(Ing: *onomatopeia*; Yun: *onama* ‘ngaran’ + *topoi* ‘tempat’)  
sesebutan kana barang atawa kalakuan dumasar kana tiruan sora anu unina sarua jeung barang nu disebutna. Contona: *bancét*, *cakcak*, *dorokdok*.

## topik

(Ing: *topics*; Yun: *topoi* ‘tempat kajadian’)


- (1) jejer atawa galeuh omongan;
- (2) jejer wacana anu mangrupa proposisi dina wujud frasa atawa klausa;
- (3) jejer nu ngawengku poko jeung téma. Contona: *Bah Ata* dina kalimah




## trilingga

kecap rajékan anu diwangun ku cara nyebut tilu kali wangun dasarna bari binarung ku robah sorana. Wangun dasar anu dirajékna cicing di tukang, ilaharna mangrupa kecap panganteur pagawéan jeung tiruan sora. Contona: *dar-dér-dor*. Pola robahna sora dina trilingga museur kana juru tilu vokal.


- (1) Lamun wangun dasarna mivokal /o/, unsur pangrajékna bakal boga vokal kahiji /a/ jeung vokal kadua /é/ saperti *trang-tréng-trong*. Baganna kieu:




(2) Lamun wangun dasarna mivokal /u/, unsur pangra-jékna bakal boga vokal kahiji /a/ jeung vokal kadua /i/ saperti *plak-plik-pluk*. Baganna kieu:



(3) Lamun wangun dasarna mivokal /e/, unsur pangra-jékna bakal boga vokal kahiji /a/ jeung vokal kadua /i/ saperti *bak-bik-bek*. Baganna kieu:



(3) Lamun wangun dasarna mivokal /eu/, unsur pangra-jékna bakal boga vokal kahiji /a/ jeung vokal kadua /i/ saperti *wah-wih-weuh*. Baganna kieu:



**triréka → trilingga**

**tutukeuran**

(Ind: pertukaran; Ing: *exchange*)

unit pangleutikna tina kagiatan makéna basa antara dua urang panyatur, boh lisan boh tulis, ilaharna mangrupa gabungan omongan panyatur. Contona:

A: *Punten.*

B: *Mangga.*



**ucapan** → **omongan**

**udagan** → **obyék**

### **uga**

pakeman basa anu eusina tujuman nu aya patalina jeung parobahan penting, babakuna parobahan kaayaan daérah atawa nagara. Contona:

*Sunda nanjung mun pulung geus turun ti Galunggung.*

*Sunda bakal kertaraharja lamun lebak cawéné geus kapanggih.*

*Pulo Jawa kaeréh ku kulit kuning lilalan saumur jagong.*

### **ulikan**

kajian atawa talaah ngeunaan hiji perkara.

**ulikan basa** → **élmu basa**

**ulikan harti** → **tata harti**

**ulikan kalimah** → **tata kalimah**

**ulikan kecap** → **tata kecap**

**umpak basa → kecap panganteur pagawéan.**

**undak-usuk basa**

(Ind: étika bahasa; Ing: *language etiquette*)

aturan sopan santun dina maké basa anu disaluyuan ku warga masarakatna, gunana pikeun silihormat jeung silihajénan; hiji sistem ngagunakeun ragam basa anu aya patalina jeung kakawasaan, kalungguhan, kaakraban, sarta peran panyatur, pamiarsa, jeung nu dicaritakeun.

**ungkara**

(Ind: ujaran; Ing: *utterance*)

kalimah atawa omongan anu dituliskeun atawa dilisankeun.

**ungkara wawaran réa → kalimah rangkepan**


**ungkara wawaran salancar → kalimah salancar**

**unsur inti → unsur puseur**

**unsur langsung**


(Ing: *immediate constituent*)

unsur anu langsung ngawangun unsur saluhureunana. Contona, unsur *pang—na* jeung *padangagaronjak* dina kecap *pangpadangagaronjakna*. Baganna kieu.



### unsur teu langsung

unsur anu teulangsung ngawangun unsur saluhureunana. Contona, unsur *pada-*, *-ar-*, *N-*, jeung *gonjak* dina kecap *pangpadangagaronjakna*.



### unsur pangwates

(Ind: pemerl; Ing: *modifier*)

kecap atawa frasa anu ngawatesanan tur nerangkeun unsur puseur. Contona, *pisan* dina frasa *geulis pisan*.

### unsur puseur

(Ind: unsur inti; Ing: *central*)

kecap atawa frasa anu diwatesanan tur diterangkeun ku kecap atawa frasa lian minangka pangwatesna. Contona, *indung* dina frasa *indung kuring*.





## vokal

foném anu diwangun ku hawa nu kaluar tina bayah (paru-paru) sarta waktu ngaliwatan tikoro teu aya panghalang. Vokal dina basa Sunda kabéhna aya tujuh, nyaéta /a, i, u, é, o, é, eu/. Nilik kana tempat jeung cara diwangunna, rupa-rupa vokal téh bisa ditabélkeun kieu.

TABEL VOKAL

Wangunan Biwir Posisi Létah tina Lalangit	Luhur-handapna Létah					
	Hareup		Puseur		Tukang	
	b	tb	b	tb	b	tb
Luhur		i		eu	u	
Tengah		é		e	o	
Handap			a			

Kat:

b : buleud

tb : teu buleud atawa pénjol

## vokal buleud

vokal anu diwangu ku cara ngabuleudkeun biwir. Contona vokal /a, o, u/.

## vokal pénjol

→ vokal teu buleud

## vokal handap

vokal anu cicingna aya di handap, deukeut kana tikoro, diwangun ku cara muncurkeun létah ka tukang. Contona vokal /a/.

**vokal hareup**

vokal anu cicingna aya di hareup, diwangun ku cara ngantelkeun tungtung létah jeung puhu létah kana lalangit. Contona vokal /i, é/.

**vokal luhur**

vokal anu cicingna aya di luhur, diwangun ku cara ngadeukeutkeun létah kana gugusi. Contona vokal /i, eu, u/.

**vokal ngantét**

hiji sora vokal anu diwangun ku dua vokal atawa leuwih. Contona vokal /eu/, mangrupa vokal ngantét nu diwangun ku vokal /e/ jeung /u/.

**vokal puseur**

vokal anu cicingna aya di puseur, diwangun ku cara ngaratakeun létah. Contona vokal /a, é, eu/

**vokal tengah**

vokal anu cicingna aya di tengah, diwangun ku cara mundurkeun létah saeutik. Contona vokal /é, é, o/.

**vokal teu buleud**

vokal anu diwangun ku cara ngaratakeun biwir. Contona vokal /i, é, é, eu/.

**vokal tukang**

vokal anu cicingna aya di tukang, diwangun ku cara puhu létah dikaluhurkeun. Contona vokal /o, u/.



## **wacana**

(Skr: *wacana* = ‘omongan, ucapan’; Ing: *discourse*)

wangunan basa pangjembarna anu disusun tian runtuyan kalimah-kalimah, anu sambung-sinambung (kontinuitas), tatali unsurna ngéntép seureuh (kohésif), tur tatali hartina dalit (kohéren) luyu jeung kontéks situasi. Ku kituna, wacana mangrupa rékaman tina peristiwa komunikasi, dina médium lisan atawa tulis, kajadianana langsung atawa teu langsung, boh sipatna nyorangan (transaksional) boh patali marga (interaksional). Wujudiahna bisa mangrupa paragraf atawa karangan anu lengkep (buku, novel, carita pondok, artikel, atawa puisi).

## **wacana argumentasi → wacana alesan**

### **wacana alesan**

wacana anu eusina ngajéntrékeun bener henteuna hiji perkara dumasar kana alesan anu kuat nepi ka jalma lian percaya jeung kahudang pikeun milampah hiji pagawéan. Ari alesan-alesan atawa argmén-arguménna disusun kana fakta. Eusina ngawawarkeun perkaranu manjing akal (logis) nepi ka nu lian enya-nya percayana.

### **wacana candraan**

wacana anu eusina ngadadarkeun atawa ngébréhkeun kagiatan indra (panempo, panguping, pangrasa, panyabak, jeung pangambeu) minangka hasil pangalaman. Hiji obyék digambarkeun sajéntré-jéntréna dumasar kana runtuyan tempat atawa runtuyan waktu. Candraan téh ibarat potrét, nyaéta ngarékam sakur nu kahontal ku pancaindra.

**wacana dadaran** → **wacana candraan**

**wacana déskripsi** → **wacana candraan**

**wacana dramatik** → **wacana guneman**

**wacana éksposisi** → **wacana pedaran**

**wacana ékspositoris** → **wacana non-fiksi**

**wacana faktual** → **wacana non-fiksi**

**wacana fiksi** → **wacana rékaan**

### **wacana guneman**

wacana anu disusun dina wangun paguneman (dialog) kayaning tanya-jawab, gunem catur, ngawangkong, kaasup naskah drama.

**wacana hortatori** → **wacana arguméntasi**

**wacana ilmiah** → **wacana arguméntasi**

**wacana imajinatif** → **wacana rékaan**

### **wacana lancar**

wacana sastra anu disusun dina basa lancar, basa anu lumrah dipaké dina kahirupan sapopoé; disebut ogé wangun lancar (prosa) saperti novel, carpon, jeung dongéng.

### **wacana langsung**

wacana anu nuduhkeun omongan langsung panyaturna, ilaharna mangrupa omongan nu diwatesanan ku lentong atawa pungtuasi.

Contona:

*“Si Rahmat nitah Apa ka Jakarta. Hayang tepung cenah, tapi manéhna mah sibuk pisan,” saur Apa, belenyéh gumujeng.*

*“Ah, rék ngahaja ka ditu bada lebaran mah,” saurna deui masih imut. Ah, barabé Apa, usum lebaran angkat mah.*

*Angot maké ka Jakarta sagala rupi. Kalangsu kéh,” ceuk kuring.*

### **wacana lisan**

wacana anu dipidangkeun maké basa lisan. Pikeun narima jeung nyangkem wacana lisan, pamiarsa kudu ngaregpekeun omongan panyatur kalawan daria. Contona: ceramah, biantara, hutbah, diskusi, jeung nagwangkong.

### **wacana narasi**

(Ind: *kisahan*; Ing: *narration*; Lat: *narrare* = ‘matalikeun’)

wacana anu eusina ngébréhkeun lumangsungna peristiwa atawa runtuyan kajadian, boh nyata boh rékaan. Contona: dongéng, novel, carita pondok, riwayat hirup, skétsa, jeung anékdote.

### **wacana nonfiksi**

wacana anu eusina ngébréhkeun obyék anu bisa nambahan pangalaman pamiarsa, sipatna faktual, ilaharna saayana atawa saujuratna, dumasar kana alam nyata. Contona: artikel, makalah, jeung karya ilmiah (skripsi, tésis, disertasi).

### **wacana pedaran**

wacana anu eusina ngajéntrékeun atawa nerangkeun hiji obyék, kumaha prosésna, nu tujuanana pikeun ngajembaran pangaweruh hiji jalma. Ieu wacana bisa disusun dumasar kana cara idéntifikasi, babandingan, definisi, ilustrasi, klasifikasi, jeung prosés. Contona cara nyieun atawa resép kuéh, resép obat, jsté.

### **wacana pérsuasif**

wacana arguméntasi anu tujuanana pikeun mangaruhan jalma lian sangkan milampah hiji perkara saperti biantara kampanye, iklan, jeung hutbah. Contona:

*Balai Pengelolaan Museum Negeri Sri Baduga  
Jalan BKR No. 185, Tlp. (022) 5210976 Fax.  
(022 5223214 Bandung 40243*

*Buka: Saban dinten tabuh 07.30 – 15.00 WIB*

*Nyoréang alam ka tukang  
nyawang mangsa nu datang  
hayu urang téang  
Sri Baduga museum urang*

**wacana prosais** → **wacana lancar**

**wacana puistis** → **wacana ugeran**

### **wacana rékaan**

wacana anu eusina ngébréhkeun obyék anu bisa ngahudang daya hayal atawa pangalaman ngaliwatan kesan-kesan wangwangan (imajinatif), lain nyata (faktual). Najan kitu, dina wacana rékaan ogé aya fakta jeung panalar anu nyata, tapi ngan sakadar pakakas pikeun nepikeun amanat wungkul minangka hasil olahan daya hayal pangarangna.

**wacana sastra** → **wacana rékaan**

**wacana sugéstif** → **wacana rékaan**

**wacana teu langsung**

wacana nu nuduhkeun omongan nu teu langsung ti panyaturna.

*Apa nyarios yén anjeunna badé angkat ka Jakarta.*

**wacana tulis**

wacana anu dipidangkeunana maké basa tulisan. Pikeun narima jeung nyangkem wacana tulis, pamiarsa kudu maca bacaan (téks) kalawan daria. Contona: surat, artikel, makalah, buku, jeung skripsi.

**wacana ugeran**

wacana sastra anu disusun dina basa ugeran, ilaharna kauger ku guru lagu, guru wilangan, jeung purwakanti. Contona: jangjawokan, kakawihan, sisindiran, guguritan, pupujian, jeung sajak.

**wanda**

dedegan atawa wincikan hiji hal disawang tina sipat jeung paripolahna.

**wanda frasa**

rupa-rupa atawa wincikan frasa disawang tina sasaruuan distribusina jeung salasahiji atawa sakabéh unsurna. Wanda frasa téh bisa dibagankeun kieu.

**wanda kalimah**

rupa-rupa atawa gundukan kalimah disawang tina sipat patalina antarunsurna, jumlah panggondéng caritaan, jejeg henteuna unsur, jeung cara ngedalkeunana. Papasinganana kieu.

## WANDA KALIMAH

WANDA KALIMAH	Tatali J—C	Kalimah Migawé
		Kalimah Dipigawé
		Kalimah Migawé manéh
		Kalimah Silihbales
		Kalimah Érgatif
	Jumlah Panggondéng	Kalimah Tanlaju
		Kalimah Ékalaju
		Kalimah Madialaju
		Kalimah Dwilaju
	Cara Kedaling	Kalimah Langsung
		Kalimah Teu langsung
	Jejegna Unsur	Kalimah Sampurna
		Kalimah Teu sampurna
	Runtuyan Unsur	Kalimah Susun Baku
		Kalimah Susun Mulang

### wangun

(Ind: *bentuk*; Ing: *form*)

wujudiah unsur basa disawang tina gambaran sora atawa aksara.

### wangun asal

wangun salancar anu jadi asal pikeun ngawangun unsur saluhureunana atawa unsur jembar. Contona: *dahar* dina kecap *ngadahar*.

### wangun dasar

wangun salancar atawa wangun jembar anu jadi dasar pikeun ngawangun unsur saluhureunana atawa unsur nu leuwih jembar. Contona: *maca* dina kecap *pangmacakeun*.




### wangun jembar

wangun anu dina tahapan nu tangtu sakurang-kurangna mibanda dua unsur nu leuwih leutik. Contona, kecap *maca* mangrupa wangun jembar lantaran diwangun ku unsur *N-* jeung unsur *baca*.

### wangun kecap

wincikan kecap disawang tina jumlah morfém anu jadi unsur pang-wangunna. Papasingan kieu.




### wangun salancar

wangun basa anu dina tahapan nu tangtu ngan ngabogaan hiji unsur atawa teu boga unsur sejen anu jadi pang-wangunna. Contona: *baca*.

**wangun rékaan → wangun jembar**

### wangun kalimah

wincikan jeung rupa-rupa kalimah disawang tina jumlah klausa anu jadi pangwangunna. Papasinganana kieu.



**wangunan**


(Ind: *konstruksi* ← Ing: *construction*)

kegiatan jeung hasil ngagunduk-gunduk wangun-wangun basa jadi unsur nu dumuk pola tur hartina.

**wangunan sintaktis**

(Ind: *konstruksi sintaktis* ← Ing: *syntactic construction*)

gundukan wangun-wangun basa anu luyu jeung kaédah sintaktis atawa tata kalimah. Contona baé, dina basa Sunda wangunan anu bisa ditarima téh nya éta *dahar sangu*, lain *\*sangu dahar*. Aya rupa-rupa wangunan sintaktis saperti ébréh dina bagan di handap.




## warna frasa

wincikan jeung papasingan frasa disawang tina sasaruuan distribusina jeung warna kecap dina kalimah saperti (a) frasa barang, (b) frasa pagawéan, (c) frasa sipat, (d) frasa bilangan, (e) frasa pangantét, jeung (f) frasa panyambung.

## warna harti

wincikan jeung papasingan harti disawang tina sipat patalina kana obyék katut lambang omonganana.




**warna kalimah** → **warna klausa**

## warna kecap

(Ind: jenis kata, kelas kata; Ing: *word classes*)

wincikan jeung papasingan kecap disawang tina sipat, fungsi, jeung paripolahna dina kalimah.




**warna klausa**

papasingan klausa disawang tina warna kecap atawa frasa nu jadi caritaanana saperti klausa (a) barang, (b) pagawéan, (c) sipat, (d) bilangan, jeung (é) klausa pangantét.

**warna wacana**

wincikan wacana disawang tina wanda, cara, médium, wangun, jeung pamarekan dina ngébréhkeunana.



**wates kecap**

(Ing: *isoglos; heteroglos*)

gurat anu misahkeun dua wewengkon dialék atawa basa dumasar kana wujud jeung sistem tina éta dua wewengkonna, ilaharna ditétélakeun di kar (peta) basa.

**wianjana → konsonan**

## DAPTAR PABUKON

- Adiwidjaja, R.I. 1951. *Adegan Basa Sunda*. Jakarta: J.B. Wolters.
- Alwi, Hasan Spk. (Ed.). 1993. *Tata Bahasa Baku Bahasa Indonésia*. Jakarta: Balai Pustaka.
- Ardiwinata, D.K. 1984 (1916). *Tatabahasa Sunda*. Jakarta: Balai Pustaka.
- Ayatrohaédi. 1979. *Dialéktologi*. Jakarta: Pusat Bahasa.
- Coolsma, S. 1985. *Tata Bahasa Sunda*. Jakarta: Jambatan.
- Crystal, David. 1983. *A First Dictionary of Linguistics and Phonetics*. London: Andre Deutsch.
- Crystal, David. 1989. *The Cambridge Encyclopedia of Language*. London: Cambridge University Press.
- Ĕkadjati, Ĕdi S. (Spk.). 1999. *Aksara Sunda*. Bandung: PT Granesia.
- Faturohman, Taufik. 1983. *Tatabasa Sunda*. Bandung: Jatnika.
- Kats, J. & M. Soeridiradja. 1982 (1927). *Tatabahasa dan Ungkapan Bahasa Sunda* (Tarj. Ayatrohaédi). Jakarta: Jambatan.
- Kridalaksana, Harimurti. 1982. *Kamus Linguistik*. Jakarta: Gramédia.
- Kridalaksana, Harimurti.. 1990. *Kelas Kata dalam Bahasa Indonésia*. Jakarta: Gramedia.
- Lapoliwa, Hans & Isti Nuraéni (Ed.). 2002. *Glosarium Linguistik*. Jakarta: Yayasan Obor.
- Malmkjaer Kirsten & James M. Anderson. 1991. *The Linguistics Encyclopedia*. London: Routledge.
- Prawirasumantri, Abud Spk.1991. *Kamekaran, Adegan, jeung Kandaga Kecap Basa Sunda*. Bandung: Geger Sunten.
- Permana, SME. tt. *Paramasastra Sunda*. Bandung:
- Ramlan, M.1981.*Morfologi*. Yogyakarta: Karyono
- Ramlan, M. 1985. *Penggolongan Kata*. Yogyakarta: Andi Press..

- Ramlan, M. 1987. *Sintaksis*. Yogyakarta: Karyono.
- Richards, Jack Spk. 1989. *Longman Dictionary of Applied Linguistics*. London: Longman.
- Robins, R.H. 1983. *Sistem dan Struktur Bahasa Sunda*. Jakarta: Djambatan.
- Salmun, M.A. 1970. *Kandaga Tata Kalimah*. Bandung: Ganaco.
- Sudaryat, Yayat. 1991. *Pedaran Basa Sunda*. Bandung: Geger Sunten.
- Sudaryat, Yayat. 1995. *Ulikan Semantik Sunda*. Bandung: Geger Sunten.
- Sudaryat, Yayat. 1995. *Ulikan Wacana Basa Sunda*. Bandung: Geger Sunten
- Sudaryat, Yayat. 2004. *Ĕlmuning Basa*. Bandung: Walatra.
- Suprpto. 1993. *Himpunan Istilah Ilmu Bahasa Bahasa Indonesia*. Surabaya: Indah.
- Tisnawedaja, A. 1975. *Tatabasa Sunda*. Bandung: Yayasan Kudjang.
- Yule, George. 1985. *The Study of Language*. London: Cambridge University Press.
- Wirakusumah, R. Momon & H.I. Buldan Djajawiguna. 1969. *Kandaga Tatabasa*. Bandung: Ganaco.